**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATÍNDAĞÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

**MAGISTRATURA BÓLIMI**

**5A110601 - social-gumanitar pánlerdi oqítíw metodikasi (tariyx)**

**qanigeliginiń pitkeriwshisi 2-kurs magistrantı**
**Zinatdinov Nuratdin Kobeysinovich**

Magistr akademiyalıq dárejesın alıw ushın jazılğan

# DISSERTACIYASI

**TEMA:** «QARAQALPAQSTAN TARIYXI PÁNINDE «1946-1990 JILLARDA QARAQALPAQSTAN EKONOMIKASI» TEMASIN ÚYRENIW METODLARI»

MAK da jaqlawğa ruxsat

Magistratura bólimi baslığı: f.i.k., doc. A.Embergenov

Magistrant: N. Zinatdinov

Ilimiy basshı: t.i.k. A.Sarıbaev

Kafedra baslığı: t.i.k. A.Saribaev

**Kafedra májilisiniń 2020-jıl______________sánesindegi**

**№___protokolı menen qorğawğa ruxsat berildi**

**Nókis-2020**

## MAZMUNI


**Kirisiw**……………………………………………………………………… 3

**I-BAP. 1946-1984-jıllarda Qaraqalpaqstannın` ekonomikalıq turmısın u`yreniwdin` teoriyalıq tiykarları**.............................................................. 7

1.1. Urıstan songı jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń awhalı .............. 7

1.2. Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń bir tárepleme rawajlanıw tendenciyaları ........................................................................................................... 18

**II-BAP. Sovet totalitar xojalıǵınıń songı dáwirinde Qaraqalpaqstannıń ekonomikalıq jag`dayı tariyxın u`yreniw máseleleri (1985-1990 jj.)** ........................................................................................................... 34

2.1. "Qayta qurıw" siyasatı hám onıń nátiyjeleri…........................................ 34

2.2. Aral apatshılıǵı…………........................................................................ 40

**III-BAP. «1946-1990 jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikası» temasin u`yreniwde innovatsion metodlar**............................................................... 52

3.1. Sabaqtıń tálim texnologiyası………………………........................... 52

3.2. Metodikalıq usınıs hám kórsetpeler ………………………................... 59

3.3. «1946-1990 jillarda Qaraqalpaqstan ekonomikasi» temasın oqıtıwda "Teksheme-tekshe" metodinan paydalanıw………………………………….. 75

3.4. Bilemen, Biliwdi qáleymen, Bilip aldım (BBB) metodı haqqında ulıwma túsinik hám onıń sabaq ótiw protsessinde qollanılıwı……………………… 78

3.5. «Keys-stadi» texnologiyasi haqqında túsinik hám onıń tariyx sabaqlarında qollanılıwı………………………………………………………………… 80

**Juwmaqlaw**…………………………………………………………… 85

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**……………………………........................... 90

# KIRISIW

**Temanın` aktuallıg`ı.** Bugingi ku`ni xalqımız tariyxın u`yreniwge ha`r ta`repleme itibar berilmekte. Bul bir jag`ınan xalqımızdın` o`z tariyxına qızıg`ıwshılıg`ının` artıp barıwı, usag`an baylanıslı burın u`yrenilmegen tariyxımızda jan`a mashqalalardın` kelip shıg`ıwı bolsa, ekinshi jag`ınan ayrım ma`selelerdin` burın bir ta`repleme u`yreniliwi bolıp esaplanadı. Sonlıqtanda g`a`rezsizlikke eriskennen keyingi da`wirde xalqımız tariyxına baylanıslı mashqalalardı teren`irek ha`m ha`r ta`repleme u`yreniw wazıypası tariyxshılardın` aldındag`ı u`lken ma`selelerdin` biri bolıp esaplanbaqta. Sonın menen birge xalqımızdıń tariyxın terenirek úyreniw, obektiv durıs baha beriw, onı dúnya tariyxı qatarınan orın alıwın támiynlew maman kadrlar jetistiriwden ibarat esaplanadı.

Bilimlendiriw sisteması mámlekettiń búginin hám jámiyettiń keleshektegi rawajlanıwın táminlewshi faktor bolıp esaplanadı. Al maman qániygelerdi tayarlaw wazıypası bolsa tikkeley joqarı oqıw orınlarınıń bilimlendiriw sisteması menen baylanıslı. Usı talap hám wazıypalardan kelip shıqqan halda mámleketimiz Prezidentiniń 2017-jılı 7-fevraldağı[1] Pármanı ayırıqsha ahmiyetke iye bolıp esaplanadı. Bul reformalardan tiykarğı maqset, elimizde salamat hám kámil, bilimli joqarı mánawiy- ádep ikramlı paziyletlerge iye bolǵan áwladtı qáliplestiriwden ibarat.

2017-jıl aprel ayındağı «Joqarı Bilimlendiriw sistemasın bunnan bılay da rawajlandırıw ilajları haqqında» Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtıń «Joqarı bilimlendiriw sistemasın túp-tiykarınan jetilistiriw, elimizdi sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwdıń tiykarğı wazıypalarınan kelip shıqqan halda, kadrlar tayarlawdıń mazmunın túpkilikli qayta kórip shıǵıw, xalıqaralıq standartlar dárejesine say joqarı mağlıwmatlı qánigeler tayarlaw ushın zárúr sharayatlar jaratılıwın támiynlew maqsetinde»gi Qararı[2] turmısımızdağı tásir etiwshi tiykarğı taraw qatarında tálim-tárbiya dizimini túpten ózgeris wazıypaları hám joqarı taraw sıpatında kórip shıǵılǵanlıǵı biykar emes.

Ha`zirgi da`wirde watan tariyx izertlewinin` a`hmiyetli ma`selesinin` biri bul sovet dáwirindegi Qaraqalpaqstannın`ekonomikasın tariyxın uyreniw bolıp esaplanadı. Sebebi ǵárezsizlik jaǵdayında onın` rolinin` o`siwi, bul ma`selenin`

[1] "2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń tiykarğı bes bağdarı boyınsha háreketler strategiyası" boyınsha 4947-sanlı Pármanı
[2] Erkin Qaraqalpaqstan 22-aprel 2017-jıl N51 (19981).

izertleniwin talap etti. Tariyxıy ta`jiriybege jan`a bahalawlar ha`m de sovet totalitar xojalıgında bolgan unamlı ha`m unamsız ta`jiriybeni tu`sinip jetiw za`ru`rligi g`a`rezsizlik jıllarında sovet dáwiri tariyxın izertlewdi talap etedi.

Solay etip XX a`sirdin` 40-jılları ekinshi yarımı – 80-jıllar aqırında Qaraqalpaqstannın` ekonomikaliq awhalın durıs bahalaw ondag`ı tabıslardı ha`m kemshileklerdi u`yreniw bu`gu`ngi ku`nin ko`z-qarasınan ju`da` aktual ma`selelerdin biri esaplanadı. Sonın` menen birge bul temanı u`yreniwde jan`a pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw tiykarg`ı maqset etip qoyıldı.

**İzertlewdin` xronologiyalıq da`wiri.** 1946-1990 jılları aralıg`ın o`z ishine aladı. Bul tariyxıy da`wir Watan tariyxının` atap aytqanda ekonomikalıq bir tárepleme rawajlanıw processleri tariyxı, ǵárezsizlikke eriskennen soń bizge miyras bolıp jetip kelgen social-ekonomikalıq awhaldı úyreniw ayrıqsha orıng`a iye. Bul da`wirdegi izertlewler keleshekte ekonomikanı rawajlanıwınıń aldıng`ı bag`darların belgilewge mu`mkinshilik beredi.

**Temanın` izertleniw da`rejesi.** Bul tema bu`gingi ku`nimizde en` aktual temalardan biri bolıp esaplanadı. O`zbekstan o`z g`a`rezsizligine eriskennen keyin barlıq ma`selelerge jan`asha ko`z qarasta jantasıw talap etiledi. Sol sebepli tariyx pa`ni aldında da jan`a wazıypalar tura basladı. Birinshiden, kenes totalitar xojalıq basqarıw sistemasında ekonomikalıq bir tárepleme rawajlanıw bağdarı na`tiyjelerin ilimiy ko`z qarasta talıqlaw talap etiledi.

Izertlew temamızdıń birinshi hám ekinshi bablarıń jazılıwında 1946-1990 jıllar aralıg`ındag`ı burıng`ı SSSR ma`mleketinde alıp barılg`an ekonomikalıq siyasatının` awxalı ha`m nátiyjelerin analizlewde jergilikli tariyxshı alımlar janasha ko`z qarasta izertlenip kelmekte. Bul magistrlik dissertaciya jumısın jazıwda tiykarınan S.Kamalov, Q.Sarıbaev, M.Mambetullaev, B.Shamambetov, M.Sarıbaev, K.Tangirbergenova, B.Utemuratov, B.Rasulov, S.Sultanova, T.Allaniyazov, R.Nasırov, B.Bekimbetov, G.Shamambetova, A.Sarıbaev, K.Doshumbaev[1] ilimiy miynetlerinen sonın` menen birge «Qaraqalpaqstan XIX a`sirdin` ekinshi yarımınan XXI a`sirge shekem» kitabınan ken`nen paydalandıq.

[1] Вклад каракалпакстанцев в победу во второй мировой войне. //Фашизм устидан қозонилган ғалабада Ўзбекистоннинг тарихий ҳиссаси. Ташкент, «Фан», 1996; Расцвет советской Каракалпакии в братской семье народов СССР. Ташкент: «Узбекистан», 1985; Қарақалпақстанда пүткил халықлық ирригациялық қурылыслар тарийхынан. - Нөкис, 1989; Политика хлопковой монокультуры советской власти в Каракалпакстане и ее последствия (1917-1990 гг.). -Ташкент: Изд-во Национальной биб.-ки Узбекистана им. Навои, 2008; Политика хлопковой монокультуры

Sonday-aq, jumıstıń úshinshi babınıń jazılıwında jańa pedagogikalıq texnologiya metodları, olardı úyreniw, úyretiw boyınsha shıǵarılǵan bir qansha ilimiy kitaplardan da paydalanıldı, olardan toqtalıp ótetuǵın bolsaq alımlarımızdan, tariyxshı metodistler: A.Sádiev, SH.Sultonov, T.Toshpulatov, Ya.Gaffarov, G.Fuzailova, O.Rahmatullaeva, V.Bespalko va Yu.Tatur, N.Zayniddinova, Q.Olimov hám basqalardıń tálim quralları boyınsha jazılǵan ilimiy miynetler[1] analiz etildi.

**İzertlewdin` maqseti ha`m wazıypaları** tiykarınan to`mendegilerdi o`z ishine aladı:

- Urıstan sońǵı jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń awhalın úyreniw;
- Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń bir tárepleme rawajlanıw tendenciyalarıń izertlew;
- “Qayta qurıw” siyasatı hám onıń nátiyjelerin analizlew;
- Aral apatshılıǵı hám onıń elimizdin social-ekonomikalıq rawajlanıwına keri tásiri haqqında tu`sinik beriw;
- 1946-1990 jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikası temasin u`yreniwde innovatsion metodlardıń tutqan ornın` u`yreniw;
- Sabaqtıń tálim texnologiyası hám metodikalıq usınıs hám kórsetpeler haqqında so`z etiw.

---

Советской власти в Каракалпакстане и ее последствия (1917-1990 гг.).: Автореф. дис. … докт. ист. наук. - Ташкент: Институт истории АН РУз., 2008; Социальное развитие села Узбекистана (1965-1985). – Автореф. дисс. … доктора ист. наук. – Ташкент, 1994; Мамбетуллаев М. История орошения Каракалпакской АССР (1937-1965). – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Ташкент, 1967; Дехканские (фермерские) хозяйства Республики Каракалпакстан: история возрождения и развития (1917-1996 гг.). – Автореф.. дисс. к.и.н. -Н.: 1999; Каракалпакстан в 1946-1960-х годах: узловые проблемы истории. – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 2001; Социалистическое строительство в Каракалпакии в исторической литературе 60-х-80-х годов. – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Ташкент, 1989; История общественно-политического движения за спасение Аральского моря (1960-1990-е гг.): Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 2006; Социальная политика в Каракалпакстане (1950-1985). – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 2004; Хлопкоочистительная и текстильная промышленность Каракалпакстана в 1980-1995 гг.: исторический опыт и проблемы возрождения национальной промышленности. – Автореф. дисс. к.и.н. -Т.: 2000; Экономика Каракалпакии в годы Великой Отечественной войны (1941-1945). – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Ташкент, 1991. Дошумбаев К. Развитие и размещение производительных сил в условиях экстремальной экологической обстановки в регионе (на примере Каракалпакской АССР). Автореф. дисс. канд. эк. наук. -Т.: 1990.

[1] Sultonov Sh.D. Muammoli ma`ruzalar o`tkazish va muammoli ma`ruzani tayorlash. - Fargona, 2003; Gaffarov Ya. «Tarix o’qitish metodikasi». - Toshkent, 2012; Fuzailova G.S, Rahmatullaeva O.R Tariyx pánin kásiplik tarawlarǵa jóneltirip oqıtıw metodikası. - T. TMPU, 2012; Беспалко.В, Татур Ю. Системно-методическое обеспечение учебно-воспитательой подготовки специалистов. - М 1989.

**Jumıstın` metodologiyalıq tiykarı.** İzertlew jumıstı jazıwda tariyxıy haqıyqatlıq, milliy ideologiya metodikalıq tiykar boldı. Sonday-aq ilimiy jumıstı jazıwda ob`ektiv tariyxıy ko`z-qarastan bahalawda ha`m ilimiy juwmaqlawdı shıg`arıwda ma`mleketimiz Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtın` O`zbekistandag`ı alıp baratırg`an sotsial-ekonomikalıq jag`daydı rawajlanıw ma`selelerin analizlewge baylanıslı so`z etetug`ın miynetlerindegi pikir ha`m ko`z-karasları basshılıqqa alındı.

Jumıstın` metodologiyalıq tiykarın hu`kimetimizdin` O`zR İlimler Akademiyası tariyx institutının` jumısın jan`alandırıw, jan`a tariyxtı do`retiw tarawındag`ı qararları, ataqlı tariyxshılardın` miynetleri quraydı. Bul mashqala «O`zbekistannın` Jan`a tariyxı» (Tashkent, 2000-j.) ha`m «Qaraqalpaqstannın` jan`a tariyxı» (No`kis, 2003-j.) kitaplarında ilimiy jaqtan qoyılg`an ha`m ob`ektiv tu`rde sheshilgen.

**İzertlewdin` ilimiy jan`alıg`ı.** Bul magistrlik jumısında toplang`an materiallar jan`a ko`z-qarasta analizlenip ko`rsetiledi. Jan`a materiallar ilimiy aylanısqa kirgizildi. Sonday-aq Qaraqalpaqstannıń ekonomika tarawındag`ı burıng`ı SSSR ma`mleketinin` rejelestirilgen ekonomikası awxalın u`yreniwde ilimiy a`debiyatlar tiykarında ko`rsetilgen.

**Dissertatsiyanın` a`meliy a`hmiyeti.** Jumıstın` a`meliy a`hmiyeti sonnan ibarat, bul jumıs joqarı oqıw orınlarda, ulıwma orta bilim beriw mekteplerde «O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan tariyxı» pa`nin oqıtıwda qosımsha mag`lıwmatlar bolıp tabıladı.

Sonın menen birge izertlenip atırg`an jılları Qaraqalpaqstannıń ekonomikası tariyxın u`yreniwde bul dissertatsiyalıq jumıstag`ı berilgen juwmaqları ha`m usınısları xalıq xojalıq tarawındag`ı islep atırg`an qa`nigelerge ha`m ulıwma ja`miyetshilikke paydalanıwdı usınıs etemiz.

**Jumıstın` aprobatsiyası.** Dissertatsiya teması NMPİ «Tariyx oqıtıw metodikası» kafedrasının` İlimiy metodikalıq ma`jlisinde talıqlanıp qarap shıg`ılıp Ma`mleketlik Attestatsiya Komissiyasına dissertatsiyanı jaqlawg`a usınıldı.

**Dissertatsiyanın` qurılısı.** İzertlew jumıs kirisiw, u`sh baptan, juwmaqlaw ha`m paydalang`an a`debiyatlar diziminen turadı. Magistrlik dissertatsiya ko`lemi 93-bet.

# I-BAP. 1946-1984-JILLARDA QARAQALPAQSTANNIN` EKONOMIKALIQ TURMISIN U`YRENIWDIN` TEORIYALIQ TIYKARLARI

## 1.1. Urıstan sońǵı jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń awhalı

Ekinshi dúnya júzilik urıs xámmege xalıqlardıń birligin, ulıwma joqarı insanıylıq páziyletlerin kórsetti. Biraq, «Evropaǵa terezeni» ashıp bolıp, SSSR «temir perdesin» qaytadan tezirek jawıp, xalıqlardı uzaq jıllar dawamında bóleklewge, yaki bostansızlıqqa duwshar etti. Mámlekette basqarıwdıń buyrıqpazlıq-hákimshilik dúzilisi bekkemlendi, mámleketlik múlik tiykarında xojalıqtıń qatań tártipte oraylastırılıwı, basqarıwdıń ekonomikalıq emes, siyasatlastırılǵan usıllarınıń qollanılıwı massalıq repressiyalarǵa hám adamlardı qorqıtıwǵa, erkinlik penen demokratiyanıń ushqınlarınıń sónip qashıwına, partiyalıq-mámleketlik keńseparazlardıń ústemligine alıpp keldi. Bul jámiyettiń áskeriy ierarxiyalıq totalitarlıq «Kazarmashılıq socializm» baskıshı boldı. Basqa awqamlıq hám avtonomiyalı respublikalarday, Qaraqalpaqstan da Kremlde islep shıǵılǵan sociallıq hám ekonomikalıq jobalarǵa boysındırıldı.[1]

Respublikamız KPSStiń «úlken jobalarında» shiyki zat qorına aylanǵan edi. Bul ónim texnologiyası jetilistiripmey, bay resurslardan tayar ónim islep shıǵara almaytuǵın Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń bir tárepliliginiń tiykarı boldı. Qaraqalpaqstanda urıs jılları jumısshı kúshiniń jetispewi hám texnikanıń bolmawı nátiyjesinde jerlerdiń meliorativlik awxalı hám irrigaciyalıq jaǵdayı oǵada tómenlep ketiwine qaramastan, oray urıs tamam bolıwdan dárxal paxtashılıqtı qayta tiklewdi hám onı bunnan bılayda rawajlandırıwdı talap etti. 1944-1945-jılları awqamnıń batıs tárepindegi ǵálle egetuǵın rayonlar fashistlerden azat bolıwdan-ak, Orta Aziyada paxta egisin kóbeytiwge tapsırma berilgen edi. 1946-jılı fevralda oray «1946-1953-jıllarda Ózbekstanda paxtashılıqtı kayta tiklew hám rawajtandırıw jobası hám ilajları» haqqında arnawlı qarar qabıl etti. Sonıń menen birge 1946-1950 jıllarda Qaraqalpaqstanda xalıq xojalıǵın qayta tiklew haqqındaǵı

[1] Тангирбергенова К. Экономика Каракалпакии в годы Великой Отечественной войны (1941-1945). – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Ташкент, 1991. –С.11.

nızamda da paxtashılıqqa ayrıqsha áhmiyet berildi.[1] Oraydıń kórsetpesine muwapıq bul xújjetlerde 1947-jılı paxta ónimniń urısqa shekemgi derejesine jetkeriw hám 1950-jılǵa Qaraqalpaqstanda 168 mıń tonna paxta tapsırıw talap etildi. Bunıń ústine Qaraqalpaqstan mámleketke jońıshka hám basqa da awıl xojalıq ónimlerin de tapsırıwı kerek edi. Álbette, oraydıń bul talapların orınlaw egislik jerlerdiń maydanıń ádewir kóbeytiwdi hám irrigaciya tarawların jaksılawdı talap etti. Sonlıqtan Qaraqalpaqstanda egislik jerlerdiń maydanıń 1940-jılǵı 127 mıń gektardan 1950-jılı 178,9 mıń gektarǵa jetkiziw belgilendi, al sonıń 66 mıń gektarı jońıshqa hám 84 mıń gektarı paxta egislik jeri bolıwı kerek edi.[2] Biraq, bul jobalar, tapsırmalar qansha qatań talap etilse de, olardı orınlaw birdeyine úziliske tústi.

Oraydıń «1946-jıl paxtashılıqta burılıs jılı bolıwı kerek» degen taspırması da orınlanbadı. Usı jılı Qaraqalpaqstandaǵı 425 kolxozlardıń 154,8 mıń gektar egislik jeri bolıp, sonnan paxtashılıqqa 54,0 mıń gektar jer ajıratılǵan edi. Basqa da awıl xojalıq eginleriniń maydanı, ásirese olardıń ónimdarlıǵı júdá tómen edi. Sebebi, irrigaciya tarawlarınıń jaǵdayı urısqa shekemgi derejesinen de tómenlep ketken edi. Al melioraciya jumısları da ele kolǵa alınbadı, Qaraqalpaqstanda barlıǵı bolıp 4 ǵana zemnasos bolıp, olar kanallar saǵasın uyıqtan tazalaw jumıslarınıń 3 procentin de isley almadı. Sonlıqtan bul jumıslar da tolıǵı menen derlik kolxoz-shı-qanlardıń kol kúshi menen orınlandı.

Qaraqalpaqstannıń xalıq xojalıǵın qayta tiklew boyınsha nızamda suw xojalıǵına 100 million som qaraldı. Irrigaciya boyınsha Paxtaarna saǵasın qayta qurıw, Lenin kanalı qurılısın tamamlaw, Qızketken, Quwanıshjarma kanalların da qayta qurıw hám basqada irrigaciyalıq jumıslardı orınlaw jobalastırıldı. Biraq olardıń kɵbisi iske aspadı, al islengen jumıslar aytarlıqtay nátiyje bermedi.

Urıstan sońǵı jılları qubla rayonlardıń jerlerin degish alıw dawam etti. Ásirese, eki rayondı Tórtkúl, Beruniy suw menen támiyin etetuǵın magistral Paxtaarna kanalı hám onın saǵası júdá tómen awhalda edi. Sonlıqtan onı degish alıw hám uyıq basıw dawam etip, geyde normadaǵı sekundına 15-20 kub metr ornına 6-7 kub metr suw aktı. Paxtaarna kanalın qayta qurıw máselesi 1920-jıllardaǵı baqlaw jumıslarında kórsetilgen bolsa da, ol jumıs durıslap iske aspadı.

---

1 Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. - Нөкис. «Қарақалпақстан» 2003, 293-б.

2 Утемуратов Б. Дехканские (фермерские) хозяйства Республики Каракалпакстан: история возрождения и развития (1917-1996 гг.). - Автореф.. дисс. к.и.н. -Н.: 1999. –С.8.

Sonlıqtan 1946-jılı oktyabrde Tórtkúl hám Beruniy rayonlarınan 6 mıń kolxozshı-diyqanlar Paxtaarna kanalınıń saǵa tárepinde 11,5 shaqırımnan aslam qazıw jumısların isledi.[1] Jáne de Paxtaarna kanalınıń saǵası eki shaqırım tómenirektegi Koskópir jaǵasına waqıtsha kóshirildi. Endi ekinshi gezektegi temir-beton saǵasınıń qurılısı baslanıw kerek edi, biraq bul áxmiyetli qurılıs «mámleketke qımbatqa túsedi hám kerekli zatlardı alıp keletuǵın temir jol 500- 600 shaqırım uzaqlıkta jaylasqan» - degen sıltaw menen iske aspay qaldı. Sóytip, waqıtsha qoldan ápiwayı etip islengen Koskópirdegi saǵanı 1949-jılı degish alıp ketti hám kanal saǵası qaytadan burıngı saǵasına kóshirildi hám suw aǵıw turaqsızlıǵı dawam ete berdi. Bul jerde tek 1956- jılı ǵana temir-beton saǵası qurıldı.

Bul jılları Qaraqalpaqstannıń basqa rayonlarında bir qatar irrigaciyalıq jumıslar islengenligi menen suwdın paydalanıw jaǵdayı jónge salınbadı, ásirese, suw káxátshiligi de, suw ısırapshılıǵı da jiyi-jiyi ushırasıp turdı. Biraq, oray kalay bolmasın paxtashılıqtı sózsiz rawajlandırıwdı tapap etti. Sol maqsette awıl-xojalıq mexanizmleri ákelindi, jańa jerler ashıw ushın kanallar qayta qurıldı hám suw xojalıǵı qánigeleri tayarlana basladı.

1948-jılı Shomanay kanalınıń qurılısı baslanıp, bul jerde 1949 jılı 19 kolxoz ushın 16 mıń gektar jer ashıldı, al 1950-jılı Shomanayda úlken paxtashılıq rayonı duzildi.1948-jılı báxárde Qırıq qız massivinde 950 gektar jer ózlestirilip, sonıń 700 gektardan aslamına paxta egildi.[2] Sóytip, Qaraqalpaqstanda 1950-jılı suwǵarıw tarawları bar jerler maydanı 204090 gektar, sonnan egislik maydanı 141738 gektar, paxta 78 mıń gektar boldı.[3] 1949 jılı Qaraqalpaqstan suw xojalıǵına qaraslı tөrt basqarma bolıp, olar: Paxtaarna - Tórtkúl hám Beruniy, Lenin kanalı-Xojeli hám Qońırat, Kegeyli kanalı-Shımbay hám Kegeyli, Quwanısh jarma, Taxtakópir hám Karaөzek rayonların suw menen támiyn etti.

Birinshi márte suwlandırıw tarmaqların tazalaw ushın mashina-ekskavator stanciyası qurıldı. Respublikamızdıń barlıq rayonlarında suwlandırıw tarmaqları basqarmasınıń kompleksli brigadaları duzilip, hár bir kolxoz ushın irrigaciyalıq tarmaqlardı qayta islew sızılmaları islenip, suwǵarıw uchastqatarın jobalastırıw

[1] Мамбетуллаев М. История орошения Каракалпакской АССР (1937-1965). – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Ташкент, 1967. –С.9
[2] Сарыбаев М. Политика хлопковой монокультуры советской власти в Каракалпакстане и ее последствия (1917-1990 гг.). — Ташкент: Изд-во Национальной биб.-ки Узбекистана им. Навои, 2008. –С. 78
[3] Сарыбаев К. История орошения Каракалпакстана. - Нукус: «Қарақалпақстан», 1995. -с.238-239

jumısları alıp barıldı. Sonıń menen birge 1960 jılı kolxozlardı bekkemlew mapazı baslandı. Respublikamızdaǵı 410 kolxozlar 200 kolxozǵa qayta biriktirilip, olardıń xár biri orta esap penen 883 gektar jer maydanına iye boldı, usıǵan deyin 364 gektar edi.

Usı waqıtta diyqanlarǵa qarsı qaratılǵan bir neshe qararlar qabıl etildi. Ekinshi jer juzilik urıs jıllarında qosımsha xojalıqlarǵa, jeke hám jámáátlik baqshashılıq isin rawajlandırıw ushın waqıtsha berilgen 2622 gektar jerler diyqanlar menen fermerlerden alıp qoyıldı. Kolxozlarǵa 1083 bas iri qara mal, 4146 bas mayda mal, 180 bas jılqı xalıqtıń qayta tartıp atındı. 1947-jılı aqsha reforması júrgizilip, azıq-awqatlarǵa hám sanaat tovarlarına berilgen kartochkalar tártibi biykar etildi, biraq bul ilájlar diyqanlarǵa tiyisli bolmadı.

Degen menen kolxoz hám sovxozlar mal sharwashılıǵın rawajlandırıwda belgili jetiskenliklerge eristi. Shımbay rayonında pútkil awqamlıq mal sharwashılıǵı Ilimiy- izertlew institutınıń turaqlı punkti ashılıp, Shımbay rayonınıń turıqlıq sovxozına Rossiyadan 104 bas qızıl-dalalıq jas mal túri alıp kelindi, respublika kolxozlarınıń 80 procenti ónimli mallardıń úsh túrine iye boldı. Qaraqalpaqstanda 219 jılqı ósiriwshilik hám 48 mal semirtetuǵın fermalar qurıldı.

Pilleshilik tarawında da úlken nátiyjelerge erisildi. 1948-jılı respublikamızdıń 36 kolxozı hár bir kutı nawqan qurtınan 56 kg pille aldı. Oraydıń kórsetpesi boyınsha Qaraqalpaqstanda 1950- jıldan baslap shıǵırdan suwǵarıw ornına nasostan hám ayaqtan suwǵarıwǵa ótiw kerek boldı. Usı maqsetke 5,6 million som bólindi. Biraq bul jańa tártip kolxozshı-diyqanlardıń awhalın jeńilletpedi. Sebebi bul jılları ele nasoslar jetispedi, at ayaqtan suwǵarıwda diyqanlar shıǵırdıń qıyınshılıǵınan da kóbirek irrigaciyalıq miynet islew kerek boldı.

Ámiwdáryanıń tómengi aǵısı hám Túrkmenstan Respublikasında paxtashılıqtı bunnan bılay da rawajlandırıw maqsetinde oray 1950-jılı Bas Túrkmen kanalınıń qurılısı haqqında qarar qabıl etti. Bul kanal Taqıyatastan baslanıp, solq Qaraqalpaqstan, arqa Túrkmenstan, Sarıqamıs hám Uzboy arqalı Kaspiy teńizine barıp tutasıwı tiyis edi. Biraq, bul qanat qurılısı «qarjı shıǵını kóp hám ekonomikalıq paydası jok» dep tabılıp, 1953-jılı oray tárepinen birotala toqtatıldı. Biraq, sonıń ala Ámiwdárya alabındaǵı Qaraqalpaqstan respublikasınıń máplerin esapqa almastan oray Ámiwdáryanıń jokarǵı aǵısında uzınlıǵı 1400

shaqırım Qarakum kanalı qurılısın iske asırıwǵa ruqsat etti. Bul qurılıs puxta belgilengen jobalar arqalı iske asırılmadı, nátiyjede ekonomikalıq jaǵdaydı biraz ózgertip, aqıbeti Aral teńiziniń apatshılıǵına alıp keldi.

Urıstan keyingi on jıllıqta Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵınıń rawajlanıwında qarama-qarsılıklar sezile basladı. Jobalastıratuǵın oray, óziniń sózsiz xúkimdarlıǵın bekkemlep, Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı bir tárepleme rawajlanıwın belgiledi hám azıq-awqat eginlerin shekletip, paxtashılıq egis maydanlarınıń muǵdarın kóbeytip jiberdi. Kolxozlardı iriletiw isiniń ámeliy iláјları bir talay qıyınshılıqlarǵa alıp keldi. Diyqanlar psixologiyalıqjaqtan úyrengen kishi awıllardan iri kolxoz poselkalarına kóshiwge tayar emes edi. Bul ilájlardıń unamsızlıǵı jumıslardıń tıǵız hám tez waqıt ishinde alıp barılıwında qıyınlastırdı. Kolxozlardı iriletiw barısında kolxozshılardı mayda awıllardan tazadan salınǵan iri poselqatarǵa kóshiriwde tariyxıy waqıt jaǵdayı esapqa atınbaǵan edi.

Qaraqalpaqstannıń xalıq xojalıǵındaǵı 50-jıllardıń basında «SSSR dıń paxta ǵárezsizligine erisiw» rejesi ústem boldı. Oray paxta ónimin 1950-jıldaǵı 139 mıń tonnadan 1955-jılı 207 mıń tonnaǵa jetkeriw xaqqında qattı tapsırma berdi. Biraq Qaraqalpaqstan úsh jıl 1951-1955 jıllar dawamında paxta jobasın orınlay almadı, tek 1954 jılı diyqanlarımız 199 mıń tonna paxta tapsırdı. 1955-jılı paxtaǵa ajıratılǵan egis maydanınıń kólemi 114,3 mıń gektarǵa jetkenine qaramastan 207 mıń tonna ornına tek 137 mıń tonna ónim jıynap alındı.[1] Ózbekstannıń basqa wálayatlarınan jádemge kelgen basshı xızmetkerlerdiń de paydası tiymedi. 1951-1955 jılları Arzı Maxmudovtıń partiya shólkemine basshı bolıp keliwi de nátiyje bermedi. Ózbekstannıń wálayatlarınan kelgen júzlegen basshı xızmetkerler rayonnan baslap respublika kóleminde «birinshi» lawazımlarda isledi. Biraq respublikamızdıń geografiyalıq hám klimatlıq jaǵdayın, xalıqtın úrp-ádetlerin bilmewi, bul aymaqta paxta egiw ózgesheliklerin túsinbewi diyqanlarımızǵa «isjakpas» degen ayıp taǵılıwına, jobaların orınlamaǵan ayrım diyqanlarımızǵa repressiyalıq jaza qollanıp, Sibirge jer awdarıw dástúri payda bolıwına alıp keldi. Sibirge barıp kelgenlerdiń birazı ol jakta biziń elge qaraǵanda miynet etiw ádewir jeńil degen pikir bildirdi.

---

[1] Сарыбаев М. Политика хлопковой монокультуры советской власти в Каракалпакстане и ее последствия (1917-1990 гг.). — Ташкент: Изд-во Национальной биб.-ки Узбекистана им. Навои, 2008. –С.114

1956-jıldıń ishinde Paxtaarna kanalınıń retlestiriwshi bas imaratınıń qurılısı tamamlanıp, Qaraqalpakstannıń túslik jağındağı Qırıqqız massivinde 3177 gektar jańa jer ashıldı. 1956-1960-jılları Tórtkúl hám Beruniy rayonlarında 30 km qashı hám 90 km kollektor tarmaqları salındı, Ámiwdáryanıń shep jağasında Xojeli- den Qońıratqa deyin qashı qurılısı pitti. Irrigaciya qurılısına mámleketlik qarjı muğdarı ósti (1956-jılı- 32,2 mln.som), Xojeli 1951-jılı qurılğan, Paxtaarna 1952 jılı, Shımbayda 1953- jılı jaylasqan Qaraqalpaqstan mashina-ekskavator stanciyası 65 ekskavator, 80 zemlesos, buldozer, skreper, greyder texnikalarğa iye bolıp, bul 1955 jılı irrigaciyalıq tarmaqlardıń 72,5 procentin tazalawğa múmkinshilik berdi. 50-jıllardıń ortasında oray «mákke-en zúráátli den ɵsimligi, onı elimizdiń barlıq rayonlarında keńnen taratıw» zárúrligin kórsetti. KPSS Oraylıq Komitetiniń Bas sekretarı N.S.Xrushevtiń kórsetpesine muwapıq bul ósimlik respublikamızdıń arqa rayonlarında da egile basladı: Karaózekte 432 gektar, Xojelide 465 gektar, Końıratta 365 gektar, Shımbayda 171 gektar, Qıpshakta 77 gektar, Moynaqta 65 gektar egildi.

Usı jılları jońıshqa egisligin kóbeytiwge de jeterli dárejede dıqqat awdarıldı. Bul óz gezeginde mal sharwashılığınıń jańa ot-shóp bazasın bekkemlewge alıp keldi. Jońıshqa egislik maydanı 1953-jılı 37400 gektar bolsa, 1958 jılı 57720 gektardı kuradı.[1]

Biraq 50 jıllardıń ortalarınan baslap respublika mal sharwashılığında úlken qáteliklerge jol qoyılıwı sebebinen mallardıń bas sanı azayıp ketti. 1955-jılı kolxozlar 159,2 mıń iri bas mal, 358,2 mıń bas qoy, 1,9 mıń bas shoshkağa iye edi. Al, 26907 jeke xojalıqlardıń iri kara malı, 8775 xojalıqlardıń ulıwma malı bolmadı. Respublika boyınsha jılqılar hám eshkiler joq bolıp ketti. 50-jıllardağı Qaraqalpaqstan awıl xojalığın tutası menen alğanda, ol xár túrli tájiriybeler maydanına aylanıp, biraq bul tájiriybelerde karakalpaq xalkınıń ásirler dawamında qáliplesken diyqanshılıq dástúrleri, respublikamızdıń geografiyalık hám klimatlıq sharayatları esapqa atınbadı. Diyqanlardıń jeke xojalıqları sheklene basladı. 1956-jılı kolxozshı tek 15 sotıx jerge, 1 sıyır hám 5-6 qoyğa iye bolğan. Bunday siyasat diyqanlardıń, sharwalardıń, pillekeshlerdiń, balıqshılardıń mápine juwap bermedi.

Kegeyli rayonında tek bir ğana «Kegeyli» sovxozı qurıldı[1]. Respublika sovxozları 1958-jıldıń ózinde mámleketke 1080 million som zıyan keltirdi. Sovxoz

---

[1] Сарыбаев К. История орошения Каракалпакстана. - Нукус. «Қарақалпақстан», 1995. с.247-248

bólimleri qısqarıp, ornına 250-500 gektar jerge iye brigadalar dúzildi. Onıń ústine Xojeli, Shomanay, Qanlıkól, Qońırat rayonları bir Xojeli rayonına, al Tórtkúl, Beruniy, Ellikqala rayonları-Tórtkúl rayonına, Shımbay, Keńes, Qaraózek, Taxtakópir rayonları-Shımbay rayonına biriktirildi. Oǵada úlken rayon basshısına xojlıqlar menen tanısıwdıń ózine yarım ay kerek boldı. Xojalıq qánigeleriniń qıskartılıwı ekonomikamızǵa úlken zıyan keltirdi. 1946-1960 jılları wákilshilik institutı burıngıdan da beter rawajlandı. Mákemeler xızmetkerlerin wákil qılıp xojalıqlarǵa bir neshe aylap udayına jiberiliwi xesh qanday payda alıp kelmedi. Bul jaǵday keyingi waqıtları da dawam ete berdi.

Qaraqalpaqstan sanaatınıń rawajlanıwı paxtashılıqtıń rawajlanıwı menen tıǵız baylanıslı boldı. Oray respublikalıq hám jergilikli byudjet boyınsha oraylastırılǵan iri qarjı jumsawdı 125 million som muǵdarında belgiledi. Qayta tiklew dáwirinde jergilikli sanaat rawajlanıwına belgili dárejede dıqqat awdarıldı. 1946-1950 jılları Qońırat, Xojeli, Shımbay may shıǵarıw zavodları, Porlıtaw balıq zavodı, Aktaw qurılıs materialları kombinatı, Nekis motor ońlaw zavodı, may-sút zavodı, pivo zavodı, elektrostanciya iske qosıldı. Sonlıqtan urıstan keyingi jılları may shıǵarıw, balıqshılıq hám paxta tazalaw tarawlarınıń rawajlanıwı kózge taslandı: ósimlik paxta mayın islep shıǵarıw 1940 jıldaǵı 30 tonnadan 1950 jılı 6,9 mıń tonnaǵa, balıq hám gósh konservaları 1940-jılı 20 mıń qutıdan 1950 jılı 10,6 million qutıǵa jetti.

1956-1958 jılları Beruniy paxta tazalaw zavodı, Xojeli gósh kombinatı, Shabbaz may zavodları salındı. Usı qurılıslarda birinshi marte kuramalı temir-beton konstrukciyaları hám detalları qollanıla basladı. 50-jıllardaǵı awıl xojalıǵındaǵı tájiriybeler awıl adamlarınıń qalalarǵa toplanıwına alıp keldi. Eger 1950 jılı Karakalpaqstan kolxozlarında 42500 xojalıq jasaǵan bolsa, 1953 jıldıń aqırında awıllarda 41186 xojalıq qaldı.[1]

Qaraqalpaqstan balıq sanaatı 1956 jılı 23 tonna balıq tapsırdı. jańa uskeneler menen temiynlengen Moynaq balıq konserva zavodı 1959 shártli qutı konserva tapsırdı. Biraq oraydıń úlkemizde paxtashılıqtı rawajlandırıw ushın qaratılǵan ilájları aqıbetinen sanaatımızdıń basqatarmaqlarına jeterli dárejede dıqqat awdarılmadı. Sanaattıń paxta tazalaw, may shıǵarıw, jeńil sanaat kárxanalarınıń

[1] Султанова С.К. Каракалпакстан в 1946-1960-х годах: узловые проблемы истории. – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 2001. –С.14

qurılısı este-aqırınlıq penen jurgizildi. Sultanuizdag, Ústirttegi bay jer astı kán qorları əndiriste kollanılmay qaldı. Sonlıqtan Qaraqalpaqstan xalqınıń materiallıq hám sociallıq jaǵdayı tómen bolıp, hátteki Ózbekstannıń wálayatları menen salıstırǵanda 30-40 jıl artta qalıp keldi. Respublikamızda basqarıwdı jergilikli kadrlarǵa isenbey, oraydıń wákilleri rayonnan baslap respublikalıq basshılıq uyımlarında otırıwı xalıq xojalıǵınıń barlıq tarawlarına, jámiyetlik-siyasiy hám mádeniy turmısına úlken unamsız tásir jasadı.

Mámleketlik hám kooperativlik sanaatta barlıq ónimniń ulıwma muǵdarı 1950 jılı 1940 jıl menen salıstırǵanda eki esege derlik ósiwi belgilendi. Bes jıllıq jobaǵa muwapıq respublikalıq hám jergilikli byudjet boyınsha oraylastırılǵan iri qarjı jumsaw 125 million som muǵdarında anıqlandı.[1] 1950-jılı respubdikada sanaat ónimin islep shıǵarıw 1945-jıl menen salıstırǵanda 2,3 esege ósti. 1946-1950 jıllarda gósh óndiriw 542 tonnadan 674 tonnaǵa, ósimlik mayın 777 den 6881 tonnaǵa, balıq konservaların-5869 mıń shártli qutıdan 10563 mıń shártli kutıǵa, paxta talshıǵın islep shıǵarıw-21,5 mıń tonnadan 41,5 tonnaǵa ósti.[2]

Qaraqalpaqstannıń jergilikli hám kooperativ sanaatına úlken áhmiyet berildi. Olardıń barlıq óniminiń ulıwma muǵdarın 1950-jılı 18,3 million somǵa jetkeriw belgilendi, bul 1940-jılǵa qaraǵanda 2,3 ese kóp edi. Qaraqalpaqstan avtonomiyalı respublikasınıń miynetkeshleri ózlerine júklengen tapsırmaların orınlawda pidákerlik penen miynet etti. Sanaattı rawajlandırıw boyınsha avtonomiyalı respublikada 1951-1954 jıllardaǵı bes jıllıq jobası orınlandı. Sonday-aq ayırım tarawlar boyınsha jobaları ádewir artıǵı menen orınlandı. Barlıq sanaat óniminiń ósiw páti 1955 jılı 1950 jılǵa qaraǵanda 78 procentke, al 1940 jıl menen salıstırǵanda 2,2 ke esege ósti. Ortasha jıllıq miynet ónimdarlıǵı 7 procentke ósti, al ónimniń ózine túser bahası kemeydi. 1951 – 1954 jıllarda jumısshılardıń sanı 9415 ten 11210 adamǵa ósti.

1951 – 1955 jılları Xojeli gósh kombinatı, Beruniy paxta tazalaw zavodı, Xojeli gerbish zavodı hám Takıyatastaǵı ońlaw-mexanikalıq zavodları iske qosıldı. 1951-jılı quramında energopoezd hám ulıwma kuwatlıǵı 1524 kilovattlıq turaqlı elektrostanciyası bar Takıyatas energetikalıq xojalıǵı dúzildi hám avtonomiyalıq respublikada házirgi zaman energetikalıq bazasın dúziwdiń negizi salındı.

---

[1] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. – Нөкис: «Қарақалпақстан» 2003, 307-б.
[2] Тлеубергенов Ш. Темпы развития и совершенствование отраслевой структуры промышленности Каракалпакии. – Нукус: «Қарақалпақстан», 1977, 12-б.

Sanaatta sapalı ózgerisler júz berdi. Mayda kárxanalardı birlestiriw hám biren-saranın saplastırıp, óndiristi toplaw boyınsha ilajlar ámelge asırıldı. Shıǵarılǵan barlıq ónimnin ulıwma muǵdarı tiykarınan iri sanaat esabınan kóbeydi. 1955 jılı sanaat kárxanalarınıń sanı 1950 jıl menen satıstırǵanda respublikada 12 procentke qısqardı, al iri sanaat kárxanaparınıń sanı 34 procentke ósti. Iri sanaatta islewshi jumısshı hám xızmetkerlerdiń sanı 1,3 ese kəbeydi, al tiykarǵı əndirislik qorlarınıń kunı 2 esege əsti.

Bul jıllarda sanaat ósiw pátin jalǵastırdı. 1955-1960 jıllarda onıń barlıq óniminiń ósiw páti 25 procentke jetti. Bul jıllarda Beruniyde əsimlik may zavodı, Nəkiste makaron fabrikası, aralas ot-jem hám selikat-beton zavodı, Tórtkúlde dizel elektr stanciyası, Nókiste, Tórtkúlde, Beruniyde, Kıpshakta, Xojelide un qarazları hám kəplegen sanaat kárxanaları salınıp iske qosıldı. Iri qarjılardıń muǵdarı anaǵurlım ósti, 1955-1960 jıllarda 118 million somǵa tiykarǵı qorlar iske qosıldı. Buǵan qurılıs materialları sanaatınıń rawajlanıp, kuwatlı jańa texnika menen qurallanǵan iri kesip alıp islewshi shólkemlerdiń dóretiliwi arqasında erisildi hám qurılısta aytarlıqtay sanlı hám sapalı ózgerislerge múmkinshilik berdi. 594 km elektr jetkeriw liniyası, 232 km asfalt jollar qurıldı.

Balıq sanaatında aytarlıqtay tabıslarǵa erisildi. 1960 jılı balıq awlaw muǵdarı ulıwma Ózbekstandaǵı awlanǵan balıqtın 97,8 procentin quradı. Balıq konservaların islep shıǵarıw kóbeydi.Keyingi úsh jılda Moynaq balıq-konserva kombinatı ortasha jılına 20,6 million shártli kutı konserva islep shıǵardı. 50-60-jılları Aral teńizi basseyninde ondatra xojalıǵı rawajlana basladı. 1946-jıl menen salıstırǵanda 1955 jılı ondatra terisin tayarlaw 377 esege arttı. 1955- jılı ondatra óndirisi xojalıǵı 3837 mıń som payda kórdi. 1956-jılı ol burıngı SSSR quramında ondatra terisiniń sanı hám sapası boyınsha birinshi orındı iyeledi.

Qaraqalpaqstanda anaǵurlım tómen rawajlanǵan energetika sanaatı edi. Respublikada energetika sanaatınıń kárxanaları kommunallıq hám sanaattıń ortasha quwatlıqtaǵı stanciyaların hám MTS dizel dúzilisi menen kolxoz elektrostan ciyaların óz ishine alatuǵın edi. 1956-jıldıń 1-yanvarına ulıwma quwatlılıǵı 12773 kvt 117 elektrostanciya 32159 mıń kvt/s. elektroenergiya islep shıqtı. Yamasa, sanaat elektrostanciyalarınıń ortasha quwatlılıǵı 126 kvt bolıp, bir sanaat stanciyası 326 mıń kvt/s.[1] elekroenergiyasın islep shıǵaratuǵın edi. 50-jılları elektroenergetika tarawınıń rawajlanıwında kúshli qayta ózgeriwler júz berdi.

1956-jılı mart ayında Qaraqalpaqstan ASSRı óndiriwshi kúshleriniń kompleksli rawajlanıwı ushın úlken áxmiyet- ke iye Takıyatas mamleketlik rayonlıq elektr stanciyasınıń qurılısı baslandı. Qaraqalpaqstan xalqınıń pidákerlik miyneti netiyjesinde 1961 jılı 10-sentyabrde Takıyatas GRES iniń birinshi gezegi saltanatlı túrde iske qosıldı.

Qaraqatpaqstanda temir jol liniyasınıń bolmawı xalıq xojalıǵınıń rawajlanıwına kóplegen tosqınlıqlar keltirdi. Kún tártibinde Charjow qalasınan Xorezm, Qaraqalpaqstan arqalı Qazaqstanǵa ótetuǵın temir jol liniyasın salıw máselesi turdı. Joqarıda atap kórsetilgendey, 1940 jıllardıń aqırında Bas Túrkmen kanalı qurılısınıń joybarı islep shıǵılǵan edi. Usınday payıttan paydalanıp, Ózbekstannıń basshısı Usman Yusupov orayǵa bildirmey Charjow-Qońırat temir jol liniyası qurılısın baslaw haqqında sheshim qabıllaydı hám 1947 jılı usı qurılıs baslanadı. Sol jılı Xorezm hám arqa Túrkmenstannan, Qaraqalpaqstannan barǵan 100000 adamlardıń kúshi menen 45 kún ishinde Charjow-Xazarasp liniyasınıń relsleri astına 5 million kubometr topıraq shıǵarıldı.[1] Qaraqalpaqstan Ministrler Kenesiniń baslıǵı Nawrız Japaqov basshılıǵındaǵı 20000 Qaraqalpaqstanlı azamatlar Darǵan Ata - Úrgenish uchastkasında ayanbay jumıs isledi. Usı jılı Ózbekstan basshısı Usman Yusupov óz betinshe is alıp barǵanı ushın Oraylıq partiya Siyasiy byurosı tárepinen sógis aladı, tek ǵana Ózbekstannıń paxta jobası orınlanıwı onı awır jazadan qutqarıp qaladı. U.Yusupovtıń dushpanları paxta mapazı waqtında kolxozshılar menen jumısshılardıń kópshiligi Charjow-Qońırat temir jol liniyasınıń qurılısında issledi dep ayıpladı.

Solay etip, urıstan keyingi 1946-1950 jıllar úlkemizde birinshi márte temir jol qurılısınıń baslanıwı menen kózge túsedi. Qaraqalpaqstannıń hár bir awılınan kolxozshılar, jumısshılar, shopanlar, xızmetkerler pútkil xalıqlıq qurılısqa kelip grafik boyınsha islep, ketpet, arbalar mene jumıs alıp barıp, qol kúshi menen temir jol astına topıraq úyip, olardı qamıstan islengen plitalar menen bekkemlep bardı. Qaraqalpaqstan jaǵınan qurılıs «proravları» Máteke Jumanazarov, Ministrler Keńesiniń baslıǵı Nawrız Japaqov, ministrlikler menen mákeme basshıları kúni-túni qurılısshılardıń qasında bolıp, úlken járdem kórsetti. Temir jod magistralı tez waqıt ishinde Qaraqalpaqstan aymaǵına jaqınladı. 1950-jılı ol Taqıyatas

[1] Султанова С.К. Каракалпакстан в 1946-1960-х годах: узловые проблемы истории. – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 2001. –С.14.

poselkasına, al kelesi jılı Ámiwdáryanıń shep jaǵalıǵındaǵı Xojeli qalasına keldi. 1955 jılı Charjaw-Qońırat jolı salınıp pitti, ol Ózbekistan hám Túrkenstan temir jolları menen qosılıp, óndiris kúshleriniń hám xalıq xojalıǵınıń bunnan bılayda rawajlanıwına úlken tásirin tiygizdi.

Charjow-Xojeli-Qońırat temir jol liniyasınıń tapsırılıwı avtomobil jolınıń jaqsılanıwı sebep boldı. Ózbekistannıń Jarqorǵan wálayatınan joqarı sıpatlı qara smola ákeline basladı. Nátiyjede 50-jılları uzınlıǵı 164 km bolǵan Xojeli - Pristan - Nókis - Xalqabad-Shımbay - Keńes Qaraózek iri magistralı, al Ámiwdáryanıń shep jaǵalıǵındaǵı Xojeli - Shomanay jolı asfaltlanıp bolındı. Qaraqalpaqstan paytaxtı Nókis qalası usı eki avtomagistral menen baylanıstı. Solay etip, bolajaq Transqaraqalpaq avtomobil magistralınıń tırnaǵı payda boldı. Solay etip, 50-jılları Qaraqalpaqstan ekonomikasında sezilerli ózgerisler júz berdi: birinshi ret Charjow – Xojeli - Qońırat temir jol liniyasınıń iske túsiwi úlkemizdiń óndiris kúshleriniń ósiwine alıp keldi.

1946-1950 jılları avtomobil transportı, dárya hám teńiz flotı jumısları ádewir jaqsılandı. Dáryalıq hám teńiz transportı respublikada massalıq hám úzliksiz júk tasıwda tiykarǵı transport boldı. 1951-1954 jılları transporttıń rawajlanıwında áhmiyetli ózgerisler júz berdi. 1952-jılı 15-iyunda Xojeli stanciyasına shekem poezd qatnawı ashıldı, al 1955 jıldıń 24-iyulinde Charjaw-Qońırat temir jol magistralın qurıw tamamlandı. Bul respublikanı Orta Aziyanıń sanaat orayları menen jaqınlastırdı, óndiris kúshleriniń rawajlanıwına qolaylı jaǵday jasadı hám ulıwma Xorezm oazisiniń ekonomikası bunnan bılay da rawajlanıwına úlken áhmiyetke iye boldı.

Respublikada avtomobtl jolları hám kópirleriniń jaǵdayı jaqsılandı. Xojeli - Nókis, Nókis - Shımbay jolları asfaltlandı. 1950-jılǵa shekem jollardıń ulıwma qattı tóselmesi joq edi, biziń jollarımız topıraq toparına jatatuǵın edi. 1951-jıldan baslap qattı tóselmeli jollar salına basdadı. Tek 1955 jılı 275 mıń kvadrat metrden aslam jol hám trotuarlar asfaltlandı. 50-jıllardıń aqırına kelip 67 kilometr qara tóselmeli jol qurıldı. 50-jılları Charjow-Qońırat temir jol qurılısı dawam etti. Bul jumıslarǵa Xorezm oblastı hám Qaraqalpaqstannıń ózinen 27 mıńnan aslam jigit-qızlar qatnastı. 1961-jıldıń birinshi shereginde Charjow-Qońırat temir jol liniyası pitkerildi hám paydalanıwǵa berildi. Qaraqalpaqstan aymaǵı boyınsha temir joldıń uzınlıǵı 100 km bolıp, ol shep jaǵadaǵı rayonlarǵa jetti. Biraq rayon aralıq júk hám

jolawshı tasıw jumısları avtomobil transportı menen júrgizildi. 1957 jıldıń 1-yanvarına respublikalıq áhmiyettegi avtomobil jollarınıń uzınlıǵı 451 km, jergilikli áhmiyettegi jollardıń uzınlıǵı 2931,4 km ge jetti. Sonday-aq 1300 kópir hám basqa qurılıslar bar edi. Temir jol menen salıstırǵanda júk tasıw qımbat bolıwına qaramastan dáryalıq hám teńiz transportı da áhmiyetin joyıtqan joq. 50-jılları jańa qalalar payda bolıp, góneleri qayta qurıldı, olar energetikler orayı Taqıyatas, Xojeli, Qońırat, Tórtkúl edi. Qaraqalpaqstan paytaxtı Nókiste úulken qwrılıslar júrgizile basladı.

Tiykarǵı transport suw jolı menen 1955-jılı 1196,3 mıń tonna júk tasılıp, 421,8 million tonna júk aylanısı orınlandı. Rayon aralıq júk tasıwda Shımbay suwǵarıw tarmaǵına tiyisli irrigaciyalıq Qızketken, Kegeyli hám Quwanıshjarma kanallarınıń ádewir áhmiyeti boldı. Bul Orta Aziyada júk tasıwdı ámelge asıratuǵın birden-bir suwǵarıw tarmaǵı edi.[1]

Aviaciya keleshegi úlken transport boldı, ol avtonomiyalı respublikanıń orayı Nókisti Moskva hám barlıq respublikalar menen baylanıstırdı. Radiotranslyaciya hám telefon tarawlarınıń uzınlıǵı ósti. 50-jıllardıń aqırına radiouzel hám radiotochkalardıń sanı 1940-jılǵa salıstırǵanda 4 esege kóbeydi. Nókiste 200 nomerlik avtomatlastırılǵan telefon stanciyası iske qosıldı.

## 1.2. Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń bir tárepleme rawajlanıw tendenciyaları

1962-jılı Qaraqalpaqstanda sanaat hám awıl xojalıq obkomları dúzilip, rayonlarda awıl xojalıq basqarma baslıǵı lawazımları payda bolıp, burınǵı raykomlardıń basshıları ekinshi qatardan orın aldı. Solay etip, rayonlardaǵı partiya hám xojalıq basshıları: Tórtkúl rayonında K.Nurımbetov hám M.Rozumbetov, Ámiwdárya rayonında F.Basıgov hám R.Japakov, Xojelide D.Ojıraev hám V.M.Doncov, Kegeylide P.Xalmuratov hám T.Nawrızbaev, Shımbayda K.Abdreymov hám X.Majidovlar[2] rayon basshısı kim degen sorawǵa juwap bere almay júrdi. Bul jaǵday tek eki jıl dawam etti, biraq xalıq xojalıǵına úlken zıyan keltirdi. 1960-jıllardan baslap Aral teńiziniń suwı tómenley basladı. Álbette, bul

---

[1] Сарыбаев К.С. Қарақалпақстанда пүткил халықлық ирригациялық қурылыслар тарийхынан. - Нөкис, 1989. 127-б.

[2] Камалов К.К. Ел хызметинде. – Нөкис: «Қаракалпакстан», 1995, 14-15-б.

jaǵdaydı jónlew haqqında ilimiy-ámeliy usınıslar boldı, biraq olardı sol dáwirdegi totalitarlık dúzim esapqa almadı hám kalay da bolmasın suwǵarıw ushın, ásirese paxtashılıq ushın jańa jerlerdi xár tárepleme ózlestiriwdi dawam etti. Sóytip, paxtashılıq birotala monokulturaǵa aylandı.

Qaraqalpaqstanda basqa eginler esabınan oray ushın paxta egiw hám tapsırıw jıldan-jılǵa artıp bardı. Paxtanıń bes jıllıq jobaları orınlanbasa da oray 1958-jılı 193 mıń tonna, al 1965 jılı 260 mıń tonna Qaraqalpaqstan paxtasın aldı. Qaraqalpaqstan mamleketke tek 1959-1965 jıllardıń ɵzinde 1558 mıń tonna paxta tapsırdı.[1] Biraq, bul jılları paxtashılıq tarawı bir tárepleme rawajlandı. Jer maydanları hám ulıwma ɵnimi kɵbeygen menen, onın zúráátligi tómen edi. Netiyjede Qaraqalpakstanda paxtashılıq maydanı 1963 jılı 135,4 gektarǵa jetkerilip, 1953-jılǵa qaraǵanda 42,5 mıń gektarǵa kóbeygen edi. Al xár gektardan alınǵan ɵnim 15,8 centner den aspadı.

Bul bárinen de burın texnika hám jumısshı kushlerdi paydalanıwǵa keńes basshılıǵınıń uqıpsızlıǵına baylanıslı bolıwı menen qatar, kolxozshı-diyqanlardıń materiallıq kızıǵıwshılıǵınıń jetispewshiligi sebebinen bolǵan edi. Biraq usıǵan qaramastan oray jer ózlestiriw hám suwǵarıw jumısların dawam etti. 1960 jılları Aral teńizi suwınıń páseyiwine itibar bermey, oray Ámiwdáryanıń tómengi aǵısındaǵı jerlerdi úlken salıgershilik aymaǵına aylandırıw haqqında qararǵa keldi. Solay etip, Qaraqalpakstanda 1962-1965 jılları tek salıgershilik ushın 7,5 mıń gektar jańa jerler ashıldı, segiz arnawlı sovxoz hám bir kolxoz shólkemlestirildi. Bul xojalıqlarda 2,5 mıńnan aslam mexanizator hám basqada qánigeliktegi salıqeshler jumıs isledi. Olardıń pidákerlik miyneti nátiyjesinde salı tapsırıw kólemi 1961-jılǵı 3,5 mıń tonnadan 1965 jılı 27,9 mıń tonnaǵa arttı.

Usı jılları Qaraqalpaqstanda paxtashılıq hám salıgershilik ushın júdá úlken irrigaciyalıq jumıslar iske asırıldı. Kattaǵar hám Begjap nasos stanciyaları qurıldı.[2] Jerlerdi nasoslar menen suwǵarıwǵa kóbirek áxmiyet berildi. Usı maqsette 1963-jılı Ámiwdárya deltalıq suwǵarıw sistemasınıń basqarması qasında mashina menen suwǵarıw basqarması dúzildi. Eger 1958 jılǵa shekem qazıw jumıslarında kol kúshinen paydalanıw dawam etse, soń bul jumıslar mexanizm kúshi menen islene

---

[1] Сарыбаев М.К. Политика хлопковой монокультуры советской власти в Каракалпакстане и ее последствия (1917-1990 гг.).: Автореф. дис. … докт. ист. наук. - Ташкент: Институт истории АН РУз., 2008. –С.8.
[2] Сарыбаев К. История орошения Каракалпакстана. – Нукус: «Қарақалпакстан», 1995, 254.267-6.

basladı. Eger 1940 jılları irrigaciya tarawında barlıǵı bolıp 21651,5 mıń som, onın 7446 mıń somı ǵana mámleket esabınan jumsalıp, qalǵan 14,205 mıń somı kolxozshılar esabınan jumsalsa, 1965 jılı irrigaciyaǵa sarp etilgen 23000 mıń som iri qarjınıń hammesi derlik mamleket esabınan boldı. Suw xojalıǵına qaraslı trestler hám basqada mákemeler kөplep texnikalar ala basladı. Bul suwǵarılatuǵın jerlerdi өzlestiriwdi jáne de dawam etiwge múmkinshilik tuwdırdı. Solay etip, 1913 jılǵa qaraǵanda 1965 jılı barlıq egislik jerler 3 ese, paxtashılıq 21 ese hám salıgershilik 2 ese arttı. Biraq jerlerdiń meliorativlilik jaǵdayı tómenley basladı. Drenaj jumısları kolǵa alınbadı. Eger 1965 jılı qońsılas wálayatlarda hár bir gektar jerge ortasha 28 metr drenaj tarmaqları tuwra kelse, Karakalpakstanda bul kórsetkish 2,7 metrden aspadı. Sonlıqtan da Qaraqalpaqstan jaǵdayında jerler hasıldarlıǵı tómen boldı, hátte kópshilik jerler egiske jaramay da qaldı.

Bul jılları totalitar dúzimi ádewir keskinlesti. Oraydıń paxtashılıq hám salıgershilikti rawajlandırıw talabı barǵan sayın kúsheydi. 1966-jılı oray 10 jılǵa arnalǵan qarar qabıl etti, onda awıl xojalıǵı ushın melioraciya hám jańa jerler ózlestiriw jumısların jedel pát penen júrgiziw wazıypası qoyıldı. Oraydıń talabına muwapıq Orta Aziyada, sonıń ishinde Ózbekstan hám Qaraqalpakstanda paxta, salı hám basqada awıl xojalıq ónimlerin kóbeytiw boyınsha jobalar hám ilajlar islendi.[1] Solay etip, Qaraqalpaqstanda 1963-jılı baslanǵan Takıyatas GRESi qurılısı dawam etti, 1970-jılı Túyemoyın gidrouzeli qurılısı baslandı. Kattıaǵar hám Begjap nasos stan- ciyaları jáne de dáryada qalkıp júretuǵın hám turaqlı nasos stanciyaları qurıldı. Irrigaciyalıq tarawlar injenerlik tiykarında qayta qurıla basladı. Qızketken hám Lenin kanallarına qosımsha kanallar qurıldı. Paxtaarna suwǵarıw tarmaǵında jańadan Túyemoyın-Paxtaarna kanalı qurılısı iske astı. Awıl xojalıǵı joqarı maǵlıwmatlı agronom hám irrigaciya kániygeleri menen támiynlene basladı. Awıl xojalıǵına xızmet etiwshi iri trestler, basqarmalar hám basqada mekemeler dúzildi. 1966-jılı shólkemlestirilgen salıgershilik sovxozlar qurılısınıń basqarması jańa jerler ashıw hám salıgershilik sovxozların dúziw jumısları menen shuǵıllandı.

Nátiyjede 1970 jılı salıgershilik jer maydanı 60 mıń gektarǵa jetti, al barlıq suwǵarılıp diyqanshılıq egiletuǵın jerler 203 mıń gektardı quradı. 1966-1970 jılları salı өnimi 27 mıń tonnadan 57 mıń tonnaǵa kөbeydi, al paxta 24 procentke artıp,

[1] Сарыбаев К. Роль орошения в социально-экономическом развитии Каракалпакстана. – Нукус: «Қарақалпақстан», 1986.с. 158.

oray 934,7 mıń tonna Qaraqalpaqstan paxtasın aldı. Bul jılları dáryanıń jokarğı hám orta ağısı terepinen de paxta ushın suwdan paydalanıwdıń xádden tıs ısırapshılığına baylanıslı Qaraqalpaqstan suw káxátshiligine ushıradı. Qaraqalpaqstan húkimeti Ámiwdáryansh suw resursın teń paydalanıw boyınsha Nókiste arnawlı basqarma dúziw máselesin orayğa bir neshe ret usınıs etti. Biraq bul máseleni oray sheshpedi hám Qaraqalpaqstanda suw káhátshiligi kúsheydi. Sonlıqtan xátteki, Takıyatastın tómengi tárepinen dárya báxárde topıraq penen bógelip, kanallarğa suw ağızılğan jılları da boldı. Jáne de nasos penen suwǵarıwǵa kóbirek áxmiyet berildi. Bul jılları xalıq Sibir dáryalarınıń suwları keledi degen úmit penen jasadı, sebebi bul waqıtta oraydıń tapsırması boyınsha Sibir suwların Ámiwdáryanıń tómengi tárepine alıp keliw boyınsha joybar islenip atır edi, biraq ol da iske aspay qaldı.

Qaraqalpaqstan usınday awır suw káxátshiligi jağdayında paxta hám salı ushın jańa jerler ashıwdı dawam etti. 70-80-jılları Ellikqala, Janbas qala, Qırqqız, Ayazqala hám basqada massivlerdi ózlestiriw jumısları ádewir tezletildi.[1] Solay etip, Qaraqalpaqstannıń qubla rayonları pútkilley paxtashılıqqa, al arqa rayonları paxta menen birge slıgıgershilikke qánigelese basladı. Usı jılları Qaraqalpaqstan awıl xojalığındağı 140 xojalıqtan 88 paxtashılıqqa, 17 salıgershilikke, 25 sharwashılıqqa hám qalǵan 10 xojalıq baw-baqsha hám basqada diyqanshılıqqa beyimlestirildi. Demek, Qaraqalpaqstan ekonomikasında paxta baslı orındı iyelegen edi. Hátteki, oraydıń talabı boyınsha paxta ónimnıń 450 mıń tonnağa jetkeriw de joba- lastırıldı. Solay etip, jańa jerler ashıw tağı da dawam etti. Usı maqsette 1973 jıldan baslap Elliqqala massivi kompleksli ɵzlestirile basladı hám usı jılı Tórtkúl hám Beruniy rayonları esabınan 28 brigadadan ibarat 11 paxtashılıq kolxozı dúzildi- Ellikqalanıń eń dáslepki ataqlı paxtakeshleri Iskender Allambergenov, Narbay Rozumbetov, Saodat Qurbanova, Achil Rozumov,Suxban Jumaniyazov edi. Ellikqalanı keń kɵlemde ózlestiriw, ásirese 1977 jılı Ellikqala rayonı dúzilgennen keyin rawajlandı.

Bul jerde Qaraqalpaq suw qurılısı, Reskolxoz qurılıs hám №12 kurılıs trestleriniń mexanizaciyalasqan kɵshpeli kolonnaları jumıs isledi. Olar 70-jıllardıń aqırında paxtashılıq ushın 18 mıń gektar jańadan jer ashtı, jáne de 22234 gektar jerdiń meliorativlik jağdayın jaqsıladı. Eger Ellikqalada mámleketke tapsırılǵan

[1] Камалов К.К. Ел хызметинде. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1995. 86-б.

paxta 1976-jılı 36 mıń tonna bolsa, 1980 jılı 53 mıń tonna boldı. Tek songı bes jılda oray 230 mıń tonna Ellikqala paxtasın aldı.

Usı jılları Tórtkúl rayonındağı Janbasqala massivi de tez pát penen ózlestirildi. Bul jerde jer ashıw hám paydalanıwğa beriw jumıslarında «Qaraqalpaq suw qurılıs», ásirese «Qırqqızsovxoz qurılıs» jámáátleriniń ağzaları pidákerlik miynet etti. Olar tek 1976-1980-jılları 70 million somnan aslam qurılıs jumısların orladı hám paxtashılıq ushın 12 mıń gektar jer ashtı. 1980 jılı mámleket 20 mıń tonna Janbasqala paxtasın aldı, Səytip, Jańbaskdlada 6 sovxoz hám arnawlı «Tıńpaxtaqurılıs» tresti duzildi. Janbasqalada paxtashılıq rawajlanıwında Metnazar Masharipov, Orınbay Metnepesov hám basqalar ayrıqsha miynet etti.

1970 jılları arqa rayonlarda da salıgershilik hám paxtashılıq ushın jańa jerler kóplep ashıldı. Qumjıqqın, Quwanıshjarma, Bozataw hám Shaqaman massivleri usı jılları əzlestirilgen edi. Tek 1974-1978-jılları Qumjıqqın massivinde 7,8 mınğa hám Shaqamanda 1,75 mıń gektar jerler janadan ashılıp, paydalanıwğa berildi. Bul jerlerge kəbinshe paxta egildi hám netiyjede Oray xár jılı orta esap penen 1964-1970-jılları 270 mıń tonna, 1971-1975 jılları -337,5 mıń tonna, 1976-1980-jılları - 370 mıń tonna, 1981-1984 jılları - 405,8 mıń tonna Qaraqalpaqstan paxtasın aldı.[1]

Qaraqalpaqstanda salıgershilik ushın jer ashıw tiykarınan 1962-jıldan baslanıp, 1965-jılğa kelip 7,5 mıń gektar tın jerge salı egildi hám ol ushın 444 shaqırım irrigaciya tarawları qurılğan edi. Bul jılları 9 arnawlı salıgershilik xojalıqları shəlkemlestirildi, olarda 2 mıń mexanizator hám 500 xer qıylı qánigeliktegi adamlar jumıs isledi. Salınıń ənimi 1961-jılğı 3,5 mıń tonnadan 1965-jılı 27,9 mıń tonnağa kəbeydi. Biraq sapıgershiliktiń rawajpanıwında káte-kemshiliklerde kəp boldı. Bárinen de burın, salıgershilik ushın jerlerdiń kóbisi toğaylıklar esabınan ashıldı. Jene de salıgershilik basqarması qarawına tapsırılğan kolxoz hám sovxozlar, qurılıs hám transport jáne de basqa mákemeleri əz-ara xojalıq baylanısına, tejiriybesine iye emes edi. Bunıń ústine kompleksli xojalıqtı basqarıw hám shólkemlestiriwge totalitarlıq dúzim hár tárepleme kesent etti. Jáne de awıl xojalıq ministrli- ginen qabıl etilgen sovxozlardağı 9034 gektar jerler injenerlik tártipte degen atı bolmasa, injenerlik talapqa xesh qanday juwap bermeytuğın edi.

---

[1] Камалов К.К. Ел хызметинде. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1995. 86-б.

Al irrigaciyalıq joybardaǵı 11700 saǵa qurılısınan tek 7264 qurılıp, olardıń da kóbisi dáslepki suwdı ashqan waqıtta-aq buzılıp yamasa birotala isten shıǵıp qaldı. Sonday-aq bul jılları salıgershilik sovxozlarında jumısshılarǵa turaq-jaylar jetispedi, mektep, emlewxana, monsha, bala baqsha hám Basqada mádeniy-turmıs orınları jok edi. Dáslepki jılları Qaraqalpaqstanda haqıyqıy injenerlik salı atızları ele dúzilgen joq edi. Sonlıqtan salıgershilik bunday injenerlik atızlardıń tayar bolıwın kútpesten, xátte, suw kashıratuǵın izeykeshleri de joq atızlarǵa shel shawıp, qıytaklap, salı egiwge májbúr boldı. Usınıń nátiyjesinde salınıń ónimi tómen, al ózine túser bahası joqarı boldı. Sonlıqtan, injenerlik tártibindegi salı maydanların kóbeytiw máselesine áhmiyet berildi, sóytip, 1966-1970 jılları Qaraqalpaqstanda injenerlik salı atızları 5 mıńnan 12,5 mıń gektarǵa, salı jetistiriw 27 mıńnan 57 mıń tonnaǵa, xár gektardan ónim 17 centnerden 31,5 centnerge ósti. Mámleket usı 4 jıl ishinde 154,2 tonna qaraqalpaq salısın aldı.

Oray 1970 jıllarda Qarakalpakstanda salıgershilikti bunnan bılay da rawajlandırıw ilajların kórdi hám tek 1970-1975-jılları ótken jıllarǵa qaraǵanda mámleketke 2 ese kóp salı tapsırıwdı talap etti. Sóytip, Qaraqalpakstan diyqanları salıgershilikti rawajlandırıwda úlken qıyınshılıqqa ushıradı, olar ásirese, texnika hám transporttıń jetispewi, drenaj tarmaqlarınıń hám óndiris bazasınıń joklıǵı, qánigelerdiń jetispewshiligi edi. Máselen, óndiris bazasınıń joklıǵınan temir-beton hám basqada qurılıs materialları Tashkent kalasınan, Sırdárya hám Basqada jaqlardan alıp kelindi. Bul jaǵday qurılıs-montajlaw jumıslarınıń baxasın qımbat bolıwı menen qatar salıgershilik ushın jańa jerler ashıwda da úlken qıyınshılıqlarǵa alıp keldi. Sonlıqtan salıgershilik injenerlik emes atızlarǵa da salı egiwdi dawam etiwge májbúr boldı. Solay etip, Ózbekstan hám awqamnıń basqa wálayatlarınan súriw traktorları, buldozer, ekskavator hám basqada texnikalar kóplep alıp kelindi. Sonıń ala Qaraqal- pakstannıń ózinde óndiris-qurılıs bazasın dúziwge hám qánigeler tayarlawǵa da áhmiyet berildi.

Qaraqalpaqstanda 70-jıllardıń ortalarında salı sovxozlarında 300 ge shamalas joqarı maǵlıwmatlı, 700 den aslam orta maǵlıwmatlı injener-texnikalıq qánigeler hám xızmetkerler, 8 mıńǵa shamalas xár qıylı qánigedegi jumısshılar isledi. Bul jılları Qaraqalpaqstan xúkimetiniń usınısı boyınsha burınnan salıgershilik tájiriybesine bay Krasnodar úlkesinen salı boyınsha belgili ilimpaz-qánigeler A.I.Maystrenko, E.P.Aleshin hám I.M.Chaun, jáne de kóplegen Kuban

kombaynshıları respublikaǵa salıgershilik járdemge kelip, óz tájiriybeleri menen bólisti.[1] Degen menen Qaraqalpaqstannıń ózine tán ózgeshelikleri menen qıyınshılıqların salıqeshler ózleri basınan ótkerip, jeńiwge tuwra keldi. Qaraqalpaqstan jaǵdayında injenerlik salı atızları xár jılı qaytadan onlawdı talap etti, onın ústine suw káxátshiligi, báhárdiń kesh keliwi, egis waqtındaǵı hám onnan sońǵı uzaq dawam etken jawın-shashın hám usıǵan baylanıslı qayta egisler, jáne de geyde jazdın salqın bolıwı hám gúzde erte suwıq baslanıwı qusaǵan unamsız qubılıslar diyqanlar ushın awır júk boldı.

Biraq Qaraqalpaqstan diyqanları ózleriniń ásirlik suwǵarıp, diyqanshılıq etiw tájiriybesine súyene otırıp, bul qıyınshılıqlardı qaharmanlıq miyneti menen jeńdi hám úlken-úlken tabıslarǵa eristi. Qaraqalpaqstan diyqanlarınıń pidákerlik miyneti nátiyjesinde 1970-80-jılları Ámiwdáryanıń tómengi aǵısında úlken salıgershilik rayonları payda boldı. Salıqeshler 1979 jılı 260 mıń tonna salı óndirdi, ol pútkil awkamnıń 13 procenti, al Ózbekstannıń 66 procenti salı muǵdarı edi. Tek 1975-1980 jılları mámleket 1-million 142 mıń tonna qaraqalpaq salısın aldı, ol 70-jıllardıń birinshi yarımındaǵıdan 2,2 ese kөp edi. Salınıń hár gektardan zúrááti ortasha 47,7 centnerge jetti. Al geypara xojalıqlar hár gektardan 50 centnerden de joqarı salı jetistirdi.

Joqarıda kөrsetilgen Qaraqalpaqstannıń paxtashılıq hám salıgershiliktegi tabısları elde ústemlik etken totalitarlıq duzim nátiyjesinde bir tárepleme boldı. Awıl xojalıǵınıń kompleksli rawajlanıwı buzıldı. Oraydıń qatań kөrsetpesi menen paxta hám salı ushın jańadan jer ashıw xádden tıs kóbeyip ketti, olarǵa, ásirese paxta ushın egislik jerlerdiń hammesi derlik ajıratıldı. Jerlerdiń meliorativlik jaǵdayı jaqsılanbadı. Almaslap egiw oǵada tómen awhalda boldı. 70-jıllardaǵı qurılǵan injenerlik atızlar qayta onlanbawı sebebinen isten shıǵa basladı. Xojalıqlarda suw resurslarınan unamsız paydalanıw hám jerlerge záhárli tóginlerdi retsiz jumsaw dawam etti. Bul unamsız qubılıslar jerdin xasıldarlıǵınıń tөmenlewine alıp keldi.

Awıl xojalıǵınıń awxalı qayta qurıw jılları burıńǵıdan da beter tөmenledi. Oraydıń tapsırmasına muwapıq 1990-jılı mamleketke paxta tapsırıw 420 mıń tonna, salı 400 mıń tonna bolıwı kerek edi. Biraq, olar kaǵaz júzinde qaldı. Bul jılları awıl xojalıǵınıń awxalı jıldan-jılǵa tómenledi. Qayta qurıw jılları oraydıń

[1] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. – Нөкис: «Қарақалпақстан» 2003. 302.

paxta tapsırıw jobaları orınlanbadı, qayta onıń ónimi jıldan-jılǵa tөmenlep ketti. 1986-1988 jılları paxta өnimi 93,3 mıń tonnaǵa tómenledi. Qayta qurıw jılları tek paxta emes, awıl xojalıǵınıń basqa tarawları da daǵdarıska ushıradı. Qayta qurıwdın dáslepki jıllarındaǵı artıq egiw esabınan xár gektardan paxta zúráátin kóbeytiwge qarsı hám basqada soǵan usaǵan jumıslar tiyisli nátiyje bermedi.[1]

Solay etip, bul jılları Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı bir tárepleme rawajlanıp, paxta monopoliyası ústemlik etti. Xojalıqtıń Basqa tarawları da áxmiyetli bolıwına qaramastan olarǵa itibar berilmedi. Tek oray ushın kerekli awıl xojalıq ónimlerin óndiriwge áhmiyet berildi. Sebebi Qaraqalpaqstan da basqa milliy respublikalar sıyaklı keńes imperiyasınıń shiyki zat tayarlawshı ornı edi. Suwǵarıp diyqanshılıq egiwge, ásirese paxta ushın jańa jer maydanların ashıw Ámiwderyanıń hám Sırdáryanıń basseyninde jaylasqan barlıq wálayatlarında da rawajlandı. Máselen, Orta Aziya hám Túslik Qazaqstan aymaǵında suwǵarılatuǵın jerler maydanı 1950-jılǵı 2,9 million gektardan 80- jıllar aqırında 7,9 million, gektarǵa kóbeydi, al awıl xojalıq ónimleri usı jılları 3,8 milliard somnan 15 milliardqa shekem arttı. Aral basseyninde 1988 jılǵa kelip burınǵı awkamnıń 90 procent paxtası hám 40 procent salısı óndirildi.

Álbette, bul tabıslar diyqanlardıń kaharmanlık miynetiniń nátiyjesi bolǵanı menen, ol totalitarlık dáwirindegi ekstensiv xojalıq usılı menen iske asqan edi. Ol jer suw qádelerinen aqılǵa say emes usıl menen nadurıs paydalanıw nátiyjesinde Aral apatshılıǵına alıp keldi. Qaraqalpaqstanda paxtashılıqtıń rawajlanıwı SSSR dıń paxta ǵárezsizligine jetiw haqqındaǵı mámleketlik siyasatı menen tıǵız baylanıslı, 20 jıl 1964-1984 jıllar ishinde respublikamızda 7 million 144 mıń tonna paxta өndirilip, oraydıń tokımashılıq fabrikalarına 2 million 219 mıń tonna paxta talshıǵı tapsırıldı. Tek 1963, 1969 hám 1978 jılları klimatlıq hám tábiyǵıy jaǵdaylar sebebinen paxta jobaları orınlanbay qaldı. 1960 jıllarda respublikamızda salı egiwge úlken dıqqat awdarıldı. Eger 1965-jılı 25,7 mıń tonna salı alınǵan bolsa, 1983 jılı 332,3 mıń tonna salı jetistirildi. 1980 jılı respublikamızda 17 salıgershilik sovxozlar bolıp, olar zamanagóy awıl xojalıq texnikası menen támiynlengen edi. Eger 1970 jılı 59,1 mıń tonna salı jetistirilgen bolsa, 1980-jılı 296,5 mıń tonna salı өnimi tayarlandı.

[1] Сарыбаев К. История орошения Каракалпакстана. - Нукус: «Қарақалпақстан», 1995, -с.322.323.

1984 jıldan baslap Qaraqalpaqstanda qıyın hám karama - qarsı processler júz berdi. Agrarlıq hám sociallıq siyasatta ilimiy-texnikalıq progressti iske asırıwǵa, awıl xojalıǵın joqarı qánigeli kadrlar menen támiynlewge, jumıstı xár tárepleme jetilistiriwge úlken dıqqat awdarıldı.[1] Sonıń menen birge basqarıw tártibiniń kemshilikleri sebebinen awıl xojalıǵı rawajlanıwınıń ekonomikalıq quralları ázzi ekeni bilinip qaldı. Respublikamızda 1975-1985-jıllar aralıǵında awıl-xojalıq óndirisi bir orında tubalawshılıq jaǵdayına tústi. Awıl xojalıǵı rawajlanıw baǵdarlamasın jobalastırıw hám iske asırıwda demografiyalıq hám ekologiyalıq mashqalalar esapqa alınbadı.

1960-1990 jıllarda awıl xojalıǵı, sonıń ishinde mal sharwashılıǵı ekstensivlik usıllar tiykarında rawajlandı, intensivlik rawajlanıw jolları pútkilley názerden shıǵıp qaldı. Haqıyqatında da bul jılları respublikamızda úlken sociallıq ózgerisler júz berdi, biraq xúkim súrip turǵan tutım diyqanlarǵa is júzinde jer iyesi bolıwına múmkinshilik bermedi, kerisinshe, olardıń aldına túrli tosqınlıqlar qoydı.

1960 jıllarda jeńil hám azıq-awqat sanaatı rawajlandı. Sanaattıń jetekshi tarawı paxtashılıq bolıp keldi. Eger 1961 jılı 75,3 mıń tonna paxta talshıǵı shıǵarılǵan bolsa, 1970 jılǵa kelip ol 98,5 mıń tonnaǵa jetti. 1963 jılı iri Tөrtkúl paxta zavodı iske tusirildi. May shıǵarıw, un shıǵarıw tarmaqları rawajlana basladı. Eger Nókis makaron zavodı 1960-jılı 582 tonna ónim shıǵarsa, 1970 jılı 1620 tonna ónim aldı. Azıq-awqat sanaatında 1960 jıl Moynaq balıq konserva kombinatı eń kóp өnim bergen jılı boldı: Ol 20,1 million shártli qutı balıq өndirip shıǵardı. Biraq Aral apatshılıǵınıń tásirinen bul kөrsetkish kemeyip bardı: 1965 jılı 13,8 million, 1970 jılı 12,5 million, 1975 jılı 13,8 million boldı. Moynaq kombinatınıń jıllıq quwatı 17,4 millionǵa teń, Biraq 1975 jıldan baslap balıq zapasları okean balıqları menen tolıqtırılıp keldi. Usı waqıttan baslap balıqshılıq ishki kóllerge kөshirilip, burınǵı ataqlı balıqshılar áste-aqırın salı egiwge hám mal sharwashılıǵına aralasa basladı.

Qaraqalpaqstanda úlken qurılıs jumısları júrgizildi, 1959-1965 jılları iri qarjılar 520 million som, al 1966-1970 jılları 812 million somdı quradı 1960 jılları Ámiwdárya arqalı kóshpeli kópir qurıldı, Sultanuizdagta usaqlawshı-sortlawshı zavod, Xojelide sút-may islep shıǵarıw zavodı, Nókis konserva zavodı,

[1] Алланиязов Т.К. Социалистическое строительство в Каракалпакии в исторической литературе 60-х-80-х годов. – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Ташкент, 1989. –С.11.

paytaxtımızda aerovokzal hám teleorayı ashıldı. Qurılıs isleriniń rawajlanıwına Nókis iri panelli uy-jay qurılısı zavodı hám silikat zavodınıń ashılıwı hám iske túsiwi úlken tásir etti.[1]

Qaraqalpaqstannıń óndiris kúshleriniń rawajlanıwı Taqıyatas GRES iniń janarmay-energetikalıq quwatın kóbeytiw menen tıǵız baylanıslı boldı. Taqıyatas GRESi Ɵzbekstan energetikalıq tarmaqları arqalı Orta Aziya energosistemasına qosıldı. Taqıyatas GRESiniń kúsheyiwi 1970 jılı-769,7 million kvt/s. hám Orta Aziya energosistemasına qosılıwı qalalardı, awıllardı, sanaat hám mádeniy obektlerdi elektroquwatı menen úzliksiz támiynledi. Al 1970 jılı respublikamızdıń barlıq awıl rayonları elektrlestirildi. Buxara-Ural, Orta Aziya-Oray gazɵtkergishi qurılısında tómengi Ámiwdárya rayonınıń mútájlikleri de esapqa alınıp, gazótkergish qurılısshıları tájiriybesinde birinshi ret Qızılqum hám Qaraqumnıń qumlıqların, Ústirt taslı tegisligin, Aral boyı suwsız jatqan qırlardı kesip ótti. Qaraqalpaqstan sanaat kárxanaları hám elatlı punktleri gazlestirile basladı. Respublika sociallıq-ekonomikalıq jobada hesh bir jeńillikler menen siyasattıń tiykarǵı járdemshi jolları menen is júrgizilmedi. Bul is Oraydıń Qaraqalpaqstannıń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwınıń isi qosımsha qarjılar bólinip, sociallıq hám ekologiyalıq shárayatları esapqa alınıp islengen qararlarına qaramay júzege aspadı.

Qaraqatpaqstan ASSR ında 1960 jıllarda jeńil hám azıq-awqat sanaatı tabıslı rawajlandı. Sanaattıń tiykarǵı tarawı-paxta tazalaw tarawı bolıp keldi. Egerde 1961 jılı 75,3 mıń tonna paxta talshıǵı shıǵarılsa, 1970 jılı ol 98,5 mıń tonnaǵa jetti. 1963-jılı avtomatlastırılǵan hám mexanizaciyalasqan iri Tórtkúl paxta-tazalaw zavodı iske qosıldı. Ósimlik mayı, un shıǵaratuǵın tarawlar rawajlandı. Nókis makaron fabrikasınıń ónim shıǵarıwı ádewir kóbeydi. Egerde iske qosılǵan jılı 1960 jıl, ol tek 582 tonna ónim shıǵarǵan bolsa, 1970 jılı 1620 tonnaǵa jetkerildi. 60-jılları azıq-awqat sanaatı tarawında balıq sanaatınıń úlesi kemeyiw tendenciyası júz berdi. Kóp jıllar dawamında balıqshılıq sanaatı ulıwma sanaattıń tiykarǵı tarawlarınıń birewi bolıp kelgen edi. 1960-1970 jılları ulıwma sanaattıń barlıq óniminde balıqshılıq sanaatının úlesi 11,8 procentten 5 procentke deyin kemeydi. Al bul tarawda óndiriletuǵın ónimniń ósiw páti 1970 jılı 1960 jılǵa qaraǵanda 47 procentke tómenledi. Balıq awlaw 229 mıń centnerden 71 mıń centnerge shekem

[1] Алланиязов Т.К. Социалистическое строительство в Каракалпакии в исторической литературе 60-х-80-х годов. – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Ташкент, 1989. –С.12.

qısqardı. Bunıń tiykarǵı sebebi, suwǵarılatuǵın jerlerdiń maydanı keńeyip, jer suwǵarıwǵa Ámiwdárya hám Sırdáryadan teńizge kelip túsetuǵın suwdıń azayıwınıń nátiyjesinde boldı. Balıqtıń ósip-órshiytuǵın jerleri qısqarıp, awlanatuǵın balıqlardıń kóbeyiw jaǵdayı keskin tómenlep ketti. Balıq awlawdıń azayıwı óz gezeginde konserva kombinatınıń óndirislik quwatlılıqların paydalanıwdıń tómenlewine alıp keldi. Sońǵı jıllarda balıq ósiretuǵın maydanlarda olardı dushshı suw menen suwlandırıw hám basqa da meliorativlik jumıslar názerde tutılǵanı menen, suwdıń teńizge az túsip, Aral teńizi qáddiniń tómenlep ketiwine baylanıslı, bul ilájlar aytarlıqtay nátiyje bermedi.

1961-1965 jılları avtonomiyalı respublikada úlken qurılıs jumısları júrgizildi, iri qarjı jumsaw 448 million somdı quradı, bul aldıńǵı jıllarǵa qaraǵanda ádewir kóp edi. 1965-1970 jıllarǵa qaratılǵan iri qarjı jumsaw muǵdarı 764 million somǵa jetti. 1959-1965 jılları 30 dan aslam sanaat kárxanaları paydatanıwǵa berildi. 1966-1970 jıllar aralıǵında Ámiwdárya arqalı qalqıma kópir, Sultanuizdagta maydalaw - sortlawshı zavod, Xalqabadta paxta tazalaw zavodı, Xojelide sút-may zavodı, Nókis konserva zavodı, aerovokzal, teleoray hám taǵı basqa kárxanalar iske qosıldı. Taqıyatas gidrouzeli, Qońırat-Beynew temir jolqurılısı dawam etti. Taqıyatas temir-beton buyımları zavodı iske tústi. 1955 jılǵa deyin ulıwma islep shıǵarılmaǵan qurama temir-beton konstrukciyası hám detalları óndirisi tez óse basladı. Bul óndirislik obektler hám turaq jay qurılısınıń tez pát penen ósiwine múmkinshilik tuwǵızdı.

1961-1965 jıllardaǵı avtonomiyalı respublikada sanaattıń rawajlanıwındaǵı eń iri jetiskenlik Taqıyatas GRESi qurılısınıń pitkerilip hám paydalanıwǵa tapsırılıwı boldı. 1961 jılı GREStiń birinshi gezegi 12 mıń kilovatt quwatında iske qosıldı, al 1962-jıl ekinshi gezeginiń túsiriliwi menen onıń quwatlıǵı 24 mıń kilovatqa hám 1963 jılı birinshi tórt turbinanıń paydalanıwǵa beriliwi menen GREStiń ulıwma quwatlılıǵı joybardaǵı 48,5 mıń kilovatqa jetkerildi. Taqıyatas GRES iniń paydalanıwǵa tapsırılıwı tek ǵana Qaraqalpaqstan ASSRı emes, sonday-aq qońsılas Xorezm hám Tashauız wálayatlarınıń da xalıq xojalıǵınıń elektr energiyaǵa bolǵan talapların turaqlı túrde qanaatlandırıwǵa múmkinshilik berdi. Solay etip, tómengi Ámiwdárya ekonomikalıq rayonınıń óndirislik kúshleriniń bunnan bılay rawajlanıwına keń jol ashıldı. Qaraqalpaqstannın ekonomikası hám mádeniyatının tez pát penen rawajlanıwı elektroenergiya

quwatlılıǵın bunnan bılay da arttırıwdı talap etti. 1965 jılı stanciyanıń úshinshi gezeginiń qurılısı baslandı hám ol 1967 jılı pitkerildi. Sol waqıtta Taqıyatas hám Nawayı GRES iniń liniyaları birlestirilgen edi, nátiyjede Taqıyatas GRES i ÓzSSR energetika sistemasına biriktirildi, ol óz gezeginde Orta Aziya energetika sistemasına kirdi.

1960 jılları elektr energiyasın óndiriw aytarlıqtay ósti. Egerde 1960 jılı avtonomiyalı respublikada 71,6 million kvt/s. elektroenergiya óndirilgen bolsa, 1970 jılı ol 768 million kvt/s. qa jetkerildi.[1] Taqıyatas GRESi quwatlılıǵınıń ósiwi hám Qaraqalpaqstannıń Orta Aziya energosistemasına qosılıwı qalalardı, elatlı punktlerdi, sanaat hám mádeniyat obektlerin isenimli túrde elektr energiyası menen támiynledi hám olardıń jumısların anaǵurlım bir qálipli hám nátiyjeli etti. 1970-jılǵa kelip Ózbekstannıń, sonıń ishinde Qaraqalpaqstannıń barlıq awıllıq rayonları tiykarınan elektrlestirildi. Jan basına elektr energiyasın óndiriw 1965 - 1970-jıllarda 428 den 1078 kvt/s qa ósti, yaǵnıy 2,5 esege arttı. Avtonomiyalı respublikanıń sanaat kárxanaları sırttan alıp kelingen otın menen islenetuǵın edi. Xalıq xojalıǵında úlken áhmiyetke iye otın máselesi Buxara-Ural gaz magistralın salıw jolı menen tabıslı sheshildi. Gaz ótkergish trassası baǵdarın jobalastırǵanda Tómengi Ámiwdárya ekonomikalıq rayonınıń otınǵa zárúrligi hám magistral ótip atırǵan aymaqta tábiyǵıy gaz qorınıń ashılıw keleshegi esapqa alınǵan edi.

Birinshi ret tájiriybede gaz ótkergish qurılısshıları Qaraqum hám Qızılqumnıń kóshpeli qumların, Ústirttiń taslı qırların, Aral boyınıń suwsız keń dalaların hám basqada tábiyiy hám jasalma tosqınlıqlardı basıp ótti. 1965-jılı 25-noyabrde Buxara gazı Chelyabinsk kárxanalarına kelip jetti. Solay etip, trassa qurılısınıń birinshi gezegi tabıslı tamamlandı.

1961-1965 jılları birinshige parallel gaz ótkergishtin ekinshi gezegi salındı. Onıń trassası boyınsha Sverdlovsk-Gazli radirele liniyası júrgizildi. 17 kompressor stanciyalarınıń birinshi hám ekinshi gezekleri qurıldı, Ámiwdárya arqalı Dúldúlde aspa kópir salındı, birneshe júzlegen kilometr joqarı voltlı elektr energiyasın jetkeriw liniyası júrgizildi. 1965-jıldıń aqırında tiykarınan Sverdlovskke deyingi gazótkergishtiń ekinshi gezegi pitkerildi. 1965-1970 jıllarda transkontinental Orta Aziya-Oray gaz ɵtkergishiniń qurılısı baslandı, onıń birinshi gezegi 1967 jılı

[1] Алланиязов Т.К. Социалистическое строительство в Каракалпакии в исторической литературе 60-х-80-х годов. – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Ташкент, 1989. –С.12.

Leningradqa jetti. Bul gaz ótkergishtiń qurılısı 70 jıllardıń basında pitkerildi. Buxara-Ural hám Orta Aziya-Oray gaz ótkergishleriniń qurılıwı ulıwma SSSR dıń birden-bir xalıq xojalıǵı kompleksiniń rawajlanıwında úlken áxmiyetke iye boldı.

Qaraqalpaqstan ASSRı xalıq xojalıǵı gazlestirile basladı. 1963 jıldıń dekabrinde Taqıyatas GRESi gazlestirildi, nátiyjede stanciyada islep shıǵılatuǵın elektro-energiyanıń bahası arzanladı. Kem-kemnen respublikanıń sanaat kárxanaları hám elatlı punktleri de gazge óte basladı. 1970 jılları óndiris kúshlerin jaylastırıwda iri ózgerisler júz berdi. 1970 jıllarda avtonomiyalı respublika xalıq xojalıǵınıń rawajlanıwı haqqında usı jıllarda jumsalǵan iri qarjılardıń ósip barıwı tuwralı maǵlıwmatlar dálil beredi. Egerde 1966-1970 jıllarda ortasha jılına 192 million som iri qarjı jumsalǵan bolsa, 1975-1980 jılları 350 million somǵa jetti. 70-jılları avtonomiyalı respublikada mámleketlik hám kooperativlik kárxanalar tárepinen 3 milliard somnan aslam iri qarjı ózlestirildi hám 2,9 milliard somǵa tiykarǵı qorlar iske qosıldı. Bul 60-jıllar menen salıstırǵanda qorlardıń muǵdarı eki esege kóbeydi degen sóz. Iske qosılatuǵın obektlerde kúshlerdi toplawǵa baǵdarlanǵan bet alıs qabıllandı. 1970-1975 jıllarda qurılıp atırǵan obektlerdiń sanı eki esege qısqartıldı, bul áhmiyetli obektlerdiń iske qosılıwın aytarlıqtay tezlestirdi, miynet ónimdarlıǵınıń hám miynetti kóp talap etetuǵın jumıslardı mexanizaciyalawdıń ósiwine mumkinshilik tuwdıradı.

Xalıq xojalıǵınıń, sonıń ishinde sanaattıń tabıslı rawajlanıwındaǵı sheshiwshi jaǵdaylardıń birewi olardıń qánigeler menen támiynleniwi boldı. 1970 jılları joqarı hám orta arnawlı maǵlıwmatlı qánigelerdiń sanı ádewir ósti. Egerde 1970 jıldıń aqırında Qaraqalpaqstan xalıq xojashǵında 14,1 mıń joqarı, 16,1 mıń orta arnawlı maǵlıwmatqa iye adam islegen bolsa, 1980-jılı olardıń sanı 30,1 mıń jáne 35,7 mıń adamǵa jetti. On jılda qánigelerdiń sanı eki eseden aslam kóbeydi. Kárxanalarda, mákemelerde jumısshı hám xızmetkerlerdiń qánigeligin arttırıw hám tayarlaw boyınsha úlken jumıs júrgizildi. Tek 1980 jılı 14,4 mıń jumısshı hám xızmetkerler jańa qánigelikke oqıtıldı, al 40,4 mıń adam hár qıylı qánigeligin arttırıw kurslarınan ótti. Usınıń nátiyjesinde sanaat ónimlerin óndiriw kóbeydi. 1970 jıl menen salıstırǵanda 1980 jılı elektr energiyasın óndiriw 738.0 million kvt/s tan 1640 million kvt/s qa, temir-beton konstrukciyaları hám detalları 44,2 den 150,4 mıń kub metr qurılıs gerbishi 80,7 den 108,2 million dana, konservalar 12,5 ten 14.0 million shártli qutıǵa jetti.

1981-1985 jılları 2717 million som iri qarjı өzlestirildi. Køplegen sanaat kárxanaları, cexlar, Gazoshaq-Lenin jolı temir jol magistralı, jay qurılısı kombinatları, keramzit, temir-beton buyımları, gerbish zavodları hám basqa da sanaat kárxanaları hám cexlar, Qaraqalpaq broyler fabrikası, Shımbay gúrish zavodı, Xojeli toqımashılıq hám Beruniy jip iyiriw fabrikaları, Nókistegi iri jol өtkergish hám basqa da áhmiyetli obektler iske qosıldı. 1980-1985 jılları sanaattıń tiykarǵı óndirislik qorları 1,5 esege ósti. Sanaat óndirisiniń muǵdarı 1980-jılǵa qaraǵanda 20 procentke ósti. Qosımsha 164 million somǵa ónim satıldı. Biraqta miynet ónimdarlıǵınıń tómenlew tendenciyasın jeńip shıǵıw múmkinshiligi bolmadı, 1985-jılı bir islewshige tiyisli bolǵan ónim óndiriw 1980-jıl dárejesiniń 90 procentin quradı.[1]

1985-1990 jıllarda avtonomiyalı respublikanıń xalıq xojalıǵına 3076 million som iri qarjı ózlestirildi, sonıń ishinde 2112 million somǵa[2] qurılıs-montajlaw jumısları orınlandı. 2727 million somǵa tórt tiykarǵı qorlar háreketke engizildi. 1985-1990 jıllarda iri qarjı jumsaudıń sociallıq baǵdarı kúsheydi. Mámleket esabınan jumsalǵan iri qarjılardan 858,7 million som óndirislik emes tarawdıń rawajlanıwına jumsaldı, bul jobada belgilengennen 36 procentke kóp edi. 1985-1990 jıllarda Taqıyatas GRES iniń 425 mıń kvt quwatlıqtaǵı turbinaları hám ulıwma ónimdarlıǵı saatına 1340 tonna ıssılıq beretuǵın puw qazanları iske qosıldı, hár qıylı neftebazalarda 29.0 mıń kub metr neft sıyımlıǵı, 30 mıń kub metr óndiris quwat- lılıǵındaǵı qurama beton shıǵaratuǵın hám Nókiste qurama temir-beton zavodı tiykarında 2 mıń tonna tovarlı armatura shıǵaratuǵın quwatlılıq; 50 million dana gerbish shıǵaratuǵın Qaraózekte hám №18 Qońırat gerbish zavod basqarmasında quwatlılıq paydalanıwǵa tapsırılǵan, Tórtkúl jip iyiriw-toqımashılıq fabrikasında 34 mıń dana iyiriw hám Mańǵıt jip iyiriw fabrikasında 576 dana toqıw stanokları ornatılǵan hám taǵı basqalar.

Soǵan qaramastan iri qurılısta sozılıp kiyatırǵan artta qalıwshılıq 1986-1990 jıllarda da dawam etti. Tiykarǵı qorlardı iske qosıw jobasınń orınlanbawı, sonday-aq qurılıs obektleriniń bólsheklenip ketiwi nátiyjesinde pitkerilmegen qurılıstıń ósiwi dawam etti. 1990 jıldıń aqırına avtonomiyalı respublikanıń xalıq xojalıǵında onıń muǵdarı 1985 jılǵa qaraǵanda 82 procentke ósti, al onıń ulıwma iri qarjılar muǵdarındaǵı salıstırmalı salmaǵı 118 procentke jetti. 1986-1990 jıllarda

[1] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. – Нөкис: «Қарақалпақстан» 2003, 311-б.

avtonomiyalı respublika boyınsha sanaat óniminiń ulıwma muǵdarı 18 procentke ósti, jıllıq ósim páti 3,4 procent boldı. Usıǵan qaramastan bes jıllıq planda názerde tutılǵan óndiris muǵdarı elektroenergiya, diywallıq materialları, qurama temir-beton, ósimlik hám mal mayı, paxta talshıǵın óndiriw boyınsha jobalar orınlanbadı. Sanaattıń shártnama boyınsha ónim tapsırıw minnetlemesi 98 procentke ǵana orınlandı. Kárxanapardıń 17 procenti ózleriniń jobaların orınlamay, 17 million somǵa ónim kem tapsırdı. Bul óndiristi basqarıwdıń kóplegen jerlerinde juwapkershiliktiń hám tártiptiń tómenlewi, materiallıq- texnikalıq jaqtan támiynleniwdiń qanaatlanarsız bolıwı nátiyjesinde bolıp, sanaat óndirisi rawajlanıwınıń teppe-teńlik jaǵdayın qıyınlastırıwǵa alıp keldi.

1960 jılları avtonomiyalı respublikada jol qurılısı en jaydırıldı. Ózbekstannıń, sonday-aq Qaraqalpaqstannıń basqarıwshı uyımlarınıń dıqqat orayında Ámiwdáryanıń eki jaǵası boyına avtomagistrat qurıw wazıypası turdı. Olar Gazli-Úrgenish-Taqıyatas-Qońırat-Moynaq uzınlıǵı 450 km. hám Dúldúl-Tórtkúl-Beruniy-Nókis-Qazaqdárya uzınlıǵı 330 km. avtomagistralları edi. 1972 jıldıń aqırında Tashkent - Aral teńizi avtomagistralı iske qosıldı. Qaraqalpaqstan ASSRı hám Xorezm wálayatı eń qısqa házirgi dáwir avtomagistralı arqalı Tashkent penen baylanıstırıldı. Qaraqalpaqstan Ózbekstan SSRı birlesken transport tarmaǵına kirgizildi. 70-jılları avtonomiyalı respublikada transporttıń rawajlanıwında da úlken ózgerisler boldı. Avtomobil transportınıń júk aylanısı 1970 jılǵı 132 million tonna/km. den 1980 jılı 360 million tonna/km.ge, avtobuslardıń jolawshılar tasıw aylanısı 308,2 millionnan 674.6 million jolawshı km ge jetti.[1] Avtomobil jolları qurılısınıń kólemi keńeydi. Qattı tóselmesi bar avtomobil jollardıń uzınlıǵı 1970-jılı 1098 km bolsa, 1980 jılı 1834 km ge jetti. Temir jol transportının rawajlanıw páti tezletildi. 1950 jılları salınǵan Charjow-Qońırat temir jolı xalıq xojılıǵınıń talapların qanaatlandırmadı. Gazli-Sverdlovsk hám Orta Aziya - Oray gaz ótkergishleriniń qurılıwına baylanıslı pútkil Orta Aziya xalıq xojalıǵın bunnan bılay rawajlandırıwı ushın Qońırat-Beynew temir jolın salıw zárúrligi payda boldı. Onıń qurılısı 1970 jılı baslanıp, oǵan 49 millet wákili qatnastı. Onıń Ústirt hám Qazaqstan dalaların kesip ótiwine qaramastan, bul qurılıs úsh jılda pitkerildi. Sonıń menen bir waqıtta Charjow- Qońırat temir jol liniyasın

[1] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. – Нөкис: «Қарақалпақстан» 2003, 312-б.

qayta qurıw boyınsha úlken jumıslar júrgizildi. Qaraqalpaqstandaǵı temir jol liniyasınıń uzınlıǵı 1970 jılǵı 102 km den 1980 jılı 486 km ge deyin pitkerildi.

Jańa Qońırat-Beynew temir jolı texnikanıń sońǵı jetiskenlikleri menen úskenelengen edi. Ol Orta Aziyadan burıngı awqamnın oraylıq aymaqları, sonday-aq Kavkaz hám Uralǵa ekinshi shıǵıw jolın payda etti. Poezdlardıӊ júriw jolı 1 mıń km ge, al Qaraqalpaqstan ASSRı ushın 1700 km ge qısqardı. 1970 jılları avtonomiyalı respublikanıń óziniń ishinde de temir jol qurılısı keńeydi. Taqıyatas-Nókis temir jol tarmaǵı turaqlı paydalanıwǵa qabıllandı. Sonday-aq Shımbayǵa deyin temir jol salındı. Respublika ishindegi temir jol hám onıń bunnan bılay da rawajlanıw keleshegi avtonomiyalı respublika xalıq xojalıǵınıń hám mádeniyatınıń rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye boldı. Aral teńizinde balıqshılıq kásibiniń qısqarıwına baylanıslı hám teńiz qáddiniń tómenlewi menen teńiz benen júk tasıw eki eseden aslam kemeydi.

# II-BAP. SOVET TOTALITAR XOJALIǴINIŃ SONǴI DÁWIRINDE QARAQALPAQSTANNIŃ EKONOMIKALIQ JAG`DAYI TARIYXIN U`YRENIW MÁSELELERI (1985-1990 JJ.)

## 2.1. "Qayta qurıw" siyasatı hám onıń nátiyjeleri

1970 jıllardaǵı hám 1980 jıllardıń basındaǵı tubalawshılıq dáwirinde payda bolǵan unamsız qubılıslar ulıwma burıngı Awqamnıń rawajlanıwına keri tásirin tiygizdi. Tubalawshılıq Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan sharayatında da elimizdiń rawajlanıwına óziniń keri tásirin tiygizdi. Bul tuwralı Ózbekstan Oraylıq partiya Komitetiniń 1984 jılı iyunde Tashkent qalasında bolıp ótken XVI plenumında ashıq aytıldı. Plenumda bes ay ishinde respublika kárxanalarınıń ónim satıw jobasınıń orınlanbaǵanlıǵı atap kórsetildi. Fond hám resurslardıń pıtırańqılıǵı, paydalanıwǵa beriletuǵın qurılıslardıń qımbatlawı hám sapasınıń tómenligi aytıldı. Jobadan tısqarı qurılıslar júrgiziw keń en jayǵanlıǵı hám olardıń kópshiliginde ısırapxorshılıqqa jol qoyılǵanlıǵı sóz etildi. Bul jaǵdaylardıń jobalı túrde qurılıp atırǵan turaq jaylardıń, mektep hám emlewxanalardıń, sociallıq-mádeniy orınlardıń waqtında pitkerilip iske qosılıwına kesent keltirgenligi aytıldı.

Plenumda ekonomikanıń agrar sektorında da ashıqtan- ashıq unamsız islerdiń orın alǵanlıǵı kórsetildi. Suwǵarılıp egiletuǵın jerlerden alınatuǵın ónim muǵdarı tómenlegen, kóplegen kolxoz hám sovxozlar shıǵınǵa ushıraǵan. Mal sharwashılıǵınıń ónimdarlıǵın kóbeytiw boyınsha respublikada islep shıǵılǵan ilájlar bosań iske asırılǵan. Plenumda paxtashılıqtı rawajlandırıwdaǵı iri kemshilikler kórsetildi: tiykarınan zúráátliliktiң óspewi, paxtadan talshıqtıń shıǵıwınıń azayıwı hám taǵı basqa jaǵdaylar orın alǵan.[1]

Ekonomikalıq hám mádeniy qurılısqa basshılıq usılındaǵı qáte-kemshilikler, sóz benen istiń bir bolmawı, turpayı qáte-kemshilikler, kadrlardı tańlap ornı-orınlarına qoyıw, kritika hám óz-ara kritika, jumıstaǵı kollegiallıq, qabıl etilgen qararlardıń orınlanıwın qadaǵalawlardıń tómen dárejede bolıwı, basshı kadrlardıń tákabbırlıq, menmenshilik hám ózi paydakúnemshilikke berilip ketiwshilikleri usı aytılǵan barlıq kemshiliklerdiń júz beriwine sebep bolǵan dep korsetiledi

[1] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. – Нөкис:. «Қарақалпақстан» 2003. 324-б.

plenumda.[1] 1984-jılı avgustta ÓzKP Qaraqalpaqstan oblastlıq partiya komitetiniń plenumı bolıp ótti. Onda Ózbekstan Kompartiyası Oraylıq Komitetiniń XVI plenumı qararları tiykarında mámleketlik tártipti bunnan bılay bekkemlew, kadrlar menen islesiw jumısların jaqsılaw tuwralı másele qaraldı. Plenumda oblastlıq partiya shólkemindegi jumıstıń jaǵdayı obektiv túrde talqılandı, 1970 jıllardaǵı Avtonomiyalı Respublikanıń jetiskenlikleri atap kórsetildi. Qaraqalpaqstannıń 1963-1984 jıllar ishinde ekonomikalıq hám mádeniy jaqtan rawajlanıwına oblastlıq partiya komitetiniń birinshi sekretarı bolǵan Q.Kamalov úlken úles qostı.

Haqıyqat jetiskenlikler menen birge plenum Avtonomiyalı respublikada shólkemlestiriwshilik hám siyasiy jumıslardıń dárejesi aldaǵı talaplarǵa ele juwap bermeytuǵınlıǵın atap kórsegti. Ekonomikanı rawajlandırıwdıń sheshiwshi baǵdarındaǵı áhmiyetli kemshilikler: miynet ónimliliginiń hám miynet sapasınıń tómenlewi, ónim jetkeriw boyınsha jobalar menen minnetlemelerdiń orınlanbawı, ónimlerdiń qımbatlap ketiwi ashıp kórsetildi. Paxta tazalaw sanaatında alınatuǵın talshıq tómenlep ketti, paxtakeshler aqırǵı ónim nátiyjelerin ala almadı.

Agrosanaat kompleksi túsiminiń tómenlep ketiwi: xojalıqtıń shıǵındarlıǵı, mámleketlik ssuda boyınsha qarızdar bolıp qalıwshılıq atap kórsetildi. Mal sharwashılıǵındaǵı jaǵdaydıń tómenligi, mallardıń bas sanınıń kemip ketiwi aytıldı. Plenumda sonday-aq ideologiyalıq, tálim-tárbiya jumıslarındaǵı kemshilikler ashıp taslandı: kadrlar menen islesiwde úlken kemshiliklerdiń bar ekenligi anıqlandı. Kadrlardı siyasiy iskerlik hám morallıq sapası boyınsha tańlawdıń sınalǵan principleri bir qatar jaǵdaylarda tuwısqanlıq, jerleslik, jaǵımpazlıq, jekke sadıklıq belgileri boyınsha tańlap alıw hám bahalaw, tapsırılǵan isti atqara almaǵan xızmetkerlerdi bir lawazımnan ekinshisine almastırıw sıyaqlı jaramsız usılları qollanılıp keldi.[2] Bul kórsetilgen kemshilikler 1970-1980 jıllardaǵı tubalawshılıqtıń Qaraqalpaqstan sharayatında da kúshli bolǵanlıǵın bildiredi. Al endi usı tubalawshılıqtı kúsheytiwge sebep bolǵan sol jılları payda bolǵan Aral mashqalası bolıp esaplanadı. Biraq Qaraqalpaqstan húkimeti 1965- 1985 jıllar aralıǵındaǵı 20-jıl ishinde ol mashqalanı sheshiw ushın aytarlıqtay iláj isley almadı.

---

[1] Шамамбетова Г.Б. Социальная политика в Каракалпакстане (1950-1985). – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 2004. –С.13.

[2] Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңесинин архиви. Ф1. оп. 45, д. 12, л. 66, 80..

1984 jılı avgustta ÓzKP Qaraqalpaqstan obkomınıń IV plenumında basqa diplomatiyalıq jumısqa ótiwine baylanıslı Q Kamalov obkomnıń birinshi sekretarlıǵı wazıypasınan azat etildi hám onıń ornına birinshi sekretar bolıp KPSS Oraylıq komiteta tárepinen jiberilgen K.S. Salıqov saylandı. Ol birinshi gezekte Avtonomiyalı Respublikadaǵı ilim- pazlardıń, jámiyetshiliktiń dıkkatın Aral mashqalasın sheshiwge awdarıp, usı waqıtqa deyin jabıq bolıp kelgen bul mashqalanı ashıq mashqalaǵa aylandırıwǵa eristi. 1985 jılǵa kelip Aral mashqalası tek Qaraqalpaqstan, Ózbekstan shárayatında ǵana emes, al pútkil awkamlıq shárayatlarda talqılana baslandı.

Biraq bul isti hám respublikadaǵı kemshiliklerdi saplastırıw ushın keń túrde jumıs júrgiziwge tubalawshılıqtıń awır tásiri hám elde járiyalılıqtıń joqlıǵı úlken kesent boldı. Usı qıyınshılıqlardı jeńiu ushın tabıslı gúres júrgiziwge Keńes húkimetiniń qayta qurıw siyasatı járdem berdi. 1985 jıldıń aprelinde KPSS Oraylıq Komitetiniń plenumı boldı. Plenum eldiń ishinde hám jer júzilik maydanda payda bolǵan jańa jaǵdaylardıń mánisin ashıp kórsetti hám eldiń sociallıq-ekonomikalıq rawajpanıwın tezletiw ushın kórsetpe berdi. Yaǵnıy elde qayta qurıw siyasatın júrgiziwdi uyǵardı. Qayta qurıwdıń tiykarǵı maqseti elde demokratiyanı hám járiyalılıqtı rawajlandırıwdan, xalıqtı ózin-ózi basqarıw jolına úyretiwden, sheshiwshi ekonomikalıq reforma júrgiziwden, jámiyette ádep-ikramlıqtı ornatıwdan, adamnıń erkin hám hár tárepleme rawajlanıwınıń tiykarı bolǵan dóretiwshilik múmkinshiliklerdi ashıwdan ibarat boldı.

Avtonomiyalı Respublikanıń partiya hám sovet organları miynetkeshlerdiń keń massasın usı baǵdarlamanı ámelge asırıwǵa mobilizaciyalay otırıp, 1985-1990 jıllarda bir qansha tabıslarǵa eristi. Respublikanıń xalıq xojalıǵınıń hámme tarawlarında ilimiy-texnikalıq progressti tezletiw boyınsha ádewir ilájlar islendi. 1985 jılı Nókiste pútkil soyuzlıq awıl xojalıǵı akademiyasınıń (VASXNIL) Orta Aziya bóliminiń kóshpeli sessiyası bolıp ótti. Sessiya Avtonomiyalı respublikada awıl xojalıǵın rawajlandırıw ushın zárúrli usınıslar islep shıqtı. Usı usınıslardıń tiykarında oraylıq húkimetten járdem sorawǵa múmkinshilik tuwdı. Qaraqalpaqstan húkimetiniń ótinishi boyınsha 1986 jılı 17-martta KPSS Oraylıq Komiteti menen SSSR Ministrler Keńesiniń «Qaraqalpaqstan ASSRın ekonomikalıq hám sociallıq jaqtan rawajlandırıwdı tezletiw boyınsha ilájlar» haqqında (№ 340) qararı shıqtı. Bul qarar oǵada áhmiyetli tariyxıy hújjet bolıp

esaplanadı. Óytkeni ol Qaraqalpaqstanda sovet húkimeti ornaǵalı birinshi mártebe oraylıq húkimet tárepinen Avtonomiyalı respublikaǵa arnalǵan birinshi qarar bolıp esaplanadı. Bul qarar úlken múmkinshiliklerdi ashıp berdi.

Bul hújjettiń arqasında Avtonomiyalı respublikanıń óndiris potencialı jańa quwatlıqlar menen anaǵurlım tolıqtırıldı. Taqıyatas GRESiniń besinshi gezegi, bir qatar jeńil sanaat, qurılıs industriyasınıń kárxanaları iske tústi. Awız suw menen támiynlew orınları bolǵan Túyemoyın hám Taqıyatastaǵı tiykarǵı suw toplaw qurılısları, Túyemoyın-Nókis-Taxtakópir, Taqıyatas-Qońırat-Toley magistral suw ótkergishleri, Nókis - Sultan Wáyis temir jol qurılısları tez pát penen islene basladı. Avtomobil jollarınıń tarmaqları uzaydı.

Awıl xojalıǵında da ádewir ózgerisler boldı. Ulıwma paxta tayarlaw boyınsha jobalar orınlanbasa da, paxta talshıǵın jetistiriw jobası jıl sayın orınlana basladı. Jergilikli awıl xojalıq xızmetkerlerine joqarı organlardıń isenimi kúsheyip kóp jıllardan beri dawam etip kiyatırǵan ǵalaba wákilshilik toqtadı. 1988 jılı urıstan keyingi 43 jıl ishinde birinshi mártebe qaladaǵı mekemelerdiń xızmetkerlerin, mektep oqıwshıların paxtaǵa mobilizaciyalaw toqtatıldı. Joqarıda aytılǵan №340 qarar boyınsha Aral mashqalasın esapqa ala otırıp Qaraqalpaqstan ASSRınıń arqa rayonlarında jasawshılardıń xızmet xaqısına rayonlıq koefficient kosıldı.

Turaq jaylardı salıw, qala hám awıllardı gazlestiriw boyınsha da ádewir jumıslar islendi. Oraylıq partiya hám húkimet basshılarınıń aldına Aral mashqalasın sheshiw máselesin taǵı da qoyıwdı kózde tutıp, onıń ushın ilimpazlardıń usınısların alıw maqsetinde respublika basshıları 1986 jılı Nókiste Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń kóshpeli sessiyasın shólkemlestirdi. Sessiya Aral mashqalasın sheshiw jollarına baǵıshlanǵan usınıslar islep shıqgı. 1987 jılı Aral mashqalasın sheshiw boyınsha usınıs islep shıǵıw ushın mámleketlik komissiya dúzildi.[1] Ol komissiya ilimpazlardıń usınısların qarap shıǵıp Partiya Oraylıq komitetine hám Oraylıq húkimetke usındı.

1988 jılı usı usınıslardıń tiykarında KPSS Oraylıq Komiteti menen SSSR Ministrler Soveti «Aral teńizi regionında ekologiyalıq hám sanitariyalıq jaǵdaydı túp - tamırınan jaqsılaw, teńiz basseyninde suw jáne jer resursların paydalanıwdıń

---

[1] Дошумбаев К. Развитие и размещение производительных сил в условиях экстремальной экологической обстановки в регионе (на примере Каракалпакской АССР). - Автореф. дисс. канд. эк. наук. - Т.: 1990. –С.17.

nátiyjeliligin arttırıw hám olardı qorǵawdı kúsheytiw ilájları haqqında» №1110 qarar qabıl etti.

Qarar tiyisli partiya, sovet hám xojalıq organların, ekologiyalıq awhaldı hám xalıqtıń den sawlıǵın túp-tamırınan jaqsılaw, Aral teńizine jaqın jaylasqan rayonlarda jasap atırǵan adamlardıń miynet etiwine, jasawı hám turmıs sharayatları ushın jaqsı jaǵday dúziwge, Apal teńizi basseyninde óndiriwshi kúshlerdi bunnan bılayda rawajpandırıwǵa sociallıq-siyasiy jáne xalıq xojalıǵı jaǵınan úlken áhmiyet beriwge minnetlengen hám olarǵa 1988-2000 jıllarda Aral átirapınıń basqa da rayonları menen bir qatarda Qaraqalpaqstan ASSRında tábiyiy ortalıqtı jaqsılaw, xalıqtı suw menen támiynlew hám medicinalıq jaqtan xızmet kórsetiw dárejesin arttırıw, Aral teńizi basseyninde suw resursların qatań únemlew, teńizdiń jáne oǵan jaqın jaylasqan aymaqlardıń gidrologiyalıq rejimin hám ekologiyalıq jaǵdayın jańalaw, ósimlikler jáne haywanatlar dúnyasın qayta tiklew boyınsha sheshiwshi ilájlar kompleksin ámelge asırıw tapsırılǵan.

Qararda suw resursların aqılǵa muwapıq paydalanıwdıń, diyqanshılıqtıń suw únemleytuǵın progressivlik sistemaların iske asırıwdıń zárúrligine ayrıqsha dıqqat awdarılǵan. 1988 jıldan 2000-jılǵa deyin suwǵarıw hám kollektor-drenaj sistemaların rekonstrukciyalaw boyınsha keń kólemde jumıslar júrgiziw názerde tutılǵan. Suwǵarıp egiletuǵın jerlerdiń iri massivlerin ózlestiriw toqtatılsın delingen. Jer suwǵarıw maqsetlerine hám xojalıq mútájliklerine suw paydalanıw limitleri belgilendi.

Sonday-aq qararda Aral boylarındaǵı sanitariyalıq hám epidemiologiyalıq jaǵdaydı jaqsılaw úlken siyasiy hám sociallıq áhmiyetke iye wazıypa ekenligi atap kórsetilgen. Xalıqqa medicinalıq xızmet kórsetiwdiń sapasın qısqa múddette jaqsılaw, den sawlıqtı saqlaw mákemeleriniń suw menen támiynlew orınlarınıń qurılısların iske asırıw, poselkalardıń, rayon oraylarınıń, qalalardıń sanitariyalıq jaǵdayın jaqsılaw belgilendi. Aral teńizi dógeregindegi rayonlarda óndiriwshi kúshlerdi bunnan bılay da rawajlandırıw maqsetinde tiyisli mámleketlik organlarǵa, mákemelerge hám shólkemlerge regiondı, sonıń ishinde Qaraqalpaqstan ASSRında xalıqtıń jumıs penen anaǵurlım tolıq támiynleniwin jáne suw resursların únemlewdi támiynleytuǵın óndirislerdi rawajlandırıw islerin ámelge asırıw tapsırıldı.

Qararda Aral basseynindegi awıl xojalıq óndirisiniń hám onıń tarawlarının rawajlanıwın tiyisli jolǵa salıudı, tek paxta hám salı ere beriwge jol qoymawdı, topıraqtıń buzılıwın saplastırıwdı, mal sharwashılıǵın intensiv rawajlandırıw ushın bekkem ot-shóp bazasın dúziwdi názerde tutatuǵın qatań ilimiy tiykarǵa ótkeriw wazıypası qoyıldı. Regionda tábiyattı paydalanıwdıń ekologiyalıq aspektleri boyınsha kompleksli ilim-izertlew jumısların júrgiziw hám usı máseleler boyınsha Orta Aziya respublikaparınıń, Qazaqstan SSRınıń ilim-izertlew shólkemleriniń jumısın baylanıstırıw ushın Nókis qalasında SSSR Ilimler Akademiyasınıń Aral teńizi basseyniniń ekologiyası hám suw mashqalaları institutın dúziw maqsetke muwapıq dep tabıldı. Solay etip qayta qurıw dáwirinde Avtonomiyalı respublikada paydalı ilajlar belgilendi. Biraq bulardıń kópshiligi orınlanbay qaǵaz júzinde qalıp qoydı. Sonlıqtan áhmiyetli 340-qararda belgilengen ilájlardıń orınlanıwı qattı qadaǵalanbadı. Respublikanıń ekonomikasında túpkilikli burılıs bolmadı. Ekonomikalıq hám sociallıq rawajlanıwǵa tiyisli dárejede pát endirilmedi. Qaraqalpaqstan qayta qurıw dáwirinde de tubalawshılıqtıń keri tásirinen qutıla atmadı, 1110-qarardaǵı belgilengen ilájlar ulıwma orınlanbay qaldı.[1]

Partiya hám Sovet organları xalıqtı basqarıwda, onı paydalı islerge baǵdarlawda repressivlik usıllardı qollandı. «Paxta isi» boyınsha 1980 jılları tiykarsız ayıplanıp 90 nan aslam respublika hám rayon, kolxoz basshıları tiykarsız qamaqqa alındı. Solardıń ishinde oblastlıq partiya Komitetiniń birinshi sekretarı Qallibek Kamalov, Qaraqalpaqstan Ministrler Keńesiniń baslıǵı Erejep Aytmuratov, Qaraózek, Tórtkúl, Shabbaz, Elikqala rayonlıq partiya Komitetleriniń birinshi sekretarları Sultamurat Qaniyazov, Qasım Nurımbetov, Alımbay Radjapov, Alımbay Primov hám taǵı basqalar edi. Ózbekstan Respublikası óz ǵárezsizligin alǵannan keyin, hámme gúnasız jazalanǵanlar aqlandı.

1985-1990 jıllardaǵı qayta qurıw dáwiri Qaraqalpaqstan ushın aldaǵı ǵárezsizlik jolında alǵa qaray bir adım boldı. Demokratiya, járiyalılıq en jayıp barıp Aral mashqalası pútkil dúnya júziniń dıqqatın ózine awdardı. Elde hám shet ellerde Aral mashqalasın sheshiwdi aldına maqset etip qoyǵan xúkimetlik emes shólkemler dúzildi. 1990 jılı 14-dekabrde Qaraqalpaqstan ASSR Joqarǵı Soveti

[1] Дошумбаев К. Развитие и размещение производительных сил в условиях экстремальной экологической обстановки в регионе (на примере Каракалпакской АССР). - Автореф. дисс. канд. эк. наук. - Т.: 1990. –С.18.

óziniń tórtinshi sessiyasında Avtonomiyalı Respublikanı ǵárezsiz Ózbekstan Respublikası quramındaǵı Suverenli Qaraqalpaqstan Respublikası dep járiyaladı.

## 2.2. Aral apatshılıǵı

Qaraqalpaqstannıń Qeńes hákimiyatı waqtındaǵı sociallıq-ekonomikalıq jaǵdayın XX ásirdiń ortalarında payda bolǵan Aral mashqalası menen tıǵız baylanıslı bolǵanlıqtan onı eki basqıshqa bólip qaraw kerek. 1917-1960-jıllar arasındaǵı jaǵday, bul Aral mashqalasınıń keskinleskenge deyingi dáwiri. 1960-1990 jıllar aralıǵı, yaǵnıy Aral mashqalasınıń keskinlesken dáwiri boldı. Bul dáwir Aral teńiziniń qurıp ketiwiniń hám Ámiwdárya suwınıń pataslanıwınıń nátiyjesinde xalıqtıń sociallıq-ekonomikalıq jaǵdayı awır awhalǵa túsken waqıtları edi.

1917-1960 jıllarda Qaraqalpaqstanda Aral teńiziniń sociallıq hám ekonomikalıq jaǵdayǵa unamsız tásiri sezilmeydi. Sonda da respublika xalqınıń sociallıq- ekonomikalıq jaǵdayı basqa respublikalar menen salıstırǵanda júdá áste-aqırınlıq penen rawajlandı. Buǵan Orta Aziya respublikalarınıń ishinde Qaraqalpaqstannıń óndiriwshi kúshleriniń júdá tómen dárejede rawajlanǵanlıǵı, onıń jerinde iri sanaattıń bolmawı sebep boldı. Iri sanaattıń bolmawı bul jámiyetlik menshik qorınıń basqalarǵa qaraǵanda júdá az muǵdarda bolǵanlıǵın kórsetedi. 1924 jılı Orta Aziyada milliy shegaralanıw júrgizilip atırǵanda mámleketlik bahalı múlkti jan basına bólgende Qırǵızstan boyınsha 4 som 60 tiyinnan, Tájikstan boyınsha 8 somnan, Ózbekstan boyınsha 11 som 60 tiyinnan, Túrkmenstan boyınsha 12 som 10 tiyinnan tuwra kelse, bul kórsetkish Qaraqalpaqstan boyınsha 3 som 8 tiyindi quradı.[1] Solay etip, Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń rawajlanıwı joqtıń qasındaǵı bazadan baslandı. Bul jaǵday kóp jıllarǵa deyin eldiń sociallıq-ekonomikalıq rawajpanıwına keri tásirin tiygizip keldi.

Soǵan qaramastan 1917-1960 jıllar arasında Qaraqalpaqstanda sanaat, awıl xojalıǵı belgili dárejede rawajlandı. Xalıqtıń turmıs abadanlıǵı artıp, mádeniyatı kórine basladı. Biraq eldiń ekonomikasınıń tiykarǵı ózegi bolǵan sanaattıń ulıwma óniminiń ósiw páti 1940-1960 jılları SSSR hám Ózbekstanǵa salıstırǵanda ádewir tómen boldı. Máselen, sanaattıń ósiw páti 1960 jılı 1940 jılǵa qaraǵanda SSSRda

---

[1] Қарақалпақстан жаңа тарийхы. Нөкис: «Қарақалпақстан» 2003. 320-б.

524 procent, Ózbekstanda 421 procent bolǵan bolsa, Qaraqalpaqstanda 272 procentti quradı.[1] 1960 jılǵa Qaraqalpaqstannıń ulıwma sanaat ónimi de tomen dárejede boldı. Sanaattı rawajlandıratuǵın xalıq tutınıw tovarların islep shıǵarıw, paydalı qazılma baylıqlardı ózlestiriw qusaǵan ilájlar tolıq iske asırılmadı. 1960 jılı Qaraqalpaqstan sanaatınıń, ulıwma ónimi Ózbekstan sanaatınıń ulıwma óniminiń tek 3,6 procentin qurap, respublika wálayatlarınıń ishinde eń keyingi orındı iyeledi. Avtonomiyalı respublikanıń islep shıǵarǵan sanaat ónimin jan basına bólgende Ózbekstannan eki ese, al elektr quwatı boyınsha 5 ese kem boldı.

Degen menen 1940-1960 jıllar aralıǵında Qaraqalpaqstannıń ekonomikası industriya hám sanaat jaǵınan bir qansha rawajlandı. Biraq, usı jılları bul tarawda túpkilikli ózgerisler bolmadı. Avtonomiyalı respublika tek agrar shiyki zat baǵdarı boyınsha rawajlandı. Suwdan paydalanıw, eski arnalardı qaytadan qurıw boyınsha úlken jumıslar islendi. Barlıq suw aǵatuǵın úlken arnalardıń uzınlıǵı 2500 km ge jetti. 1960 jılǵa egislik jerlerdiń túri ózgerip, onıń ishinde paxtashılıq 68,8 procentke jetti, yaǵnıy ol basqa barlıq egislerge ústemlik etiw dárejesine jetti. Qaraqalpaqstan xalqınıń 90 procentke jaqını awıl xojalıǵı menen shuǵıllandı.

Sanaatta isleytuǵın jumısshı hám xızmetkerlerdiń sanı 1960 jılǵa SSSRda 36,5 procent, Ózbekstanda 24,2 procent bolsa, Qaraqalpaqstanda 11,6 procentti quradı. Qaraqalpaqstan óndiriwshi emes tarawlarda, ásirese xalıqqa turmıs jaǵınan xızmet kórsetiw tarawında ádewir artta qalıp keldi. 1960 jılı hár bir 10 mıń adamǵa dúkándaǵı sawda maydanı SSSR boyınsha 814 kv metr, Ózbekstan boyınsha 599 kv metrden tuwra kelse, Qaraqalpaqstan boyınsha bul kórsetkish 407 kv metr quradı. SSSRdıń hár bir 1000 kv metr jerine 25 jámiyetlik awqatlanıw mákemesi, Ózbekstan boyınsha 47 mákemesi tuwra kelse, Qaraqalpaqstan boyınsha tek 7 awqatlanıw mákemesinen tuwra keldi. Bul demek xalıqtıń jan basına satılǵan zat kóleminiń júdá az muǵdarda bolǵanlıǵın kórsetedi.

Xalıqqa turmıs jaǵınan xızmet kórsegiwdin ulıwma kólemi jan basına bólgende Qaraqalpaqstanda tek 182 tiyindi quraytuǵın edi. Avtonomiyalı respublika boyınsha qalalıq jerde mámleketlik turaq jay qorı 1960 jılǵa 250 mıń kv metrdi quradı. Bul qalalıq jerdegi tek 6 mıń xojalıqtıń talabın qanaatlandıratuǵın edi. Awıllıq jerlerde jámáátlik turaq jay qorı usı jılları derlik joqtıń qasında boldı.

[1] Народное хозяйство СССР 1922-1977 гг. Юбилейный статистический ежегодник. - М.: Статистика, 1977. 135-б.

1960 jılları xalıq xojalıǵınıń rawajlanıwı menen bir qatarda xalıq bilimlendiriw tarawı ushın maman qánigeler tayarlaw jumısı biraz jaqsılandı. Sonıń menen birge xalıqtıń turmısına, densawlıǵına xızmet etewshi qánigeler ele jetispeytuǵın edi. Shıpakerler orta maǵlıwmatlı medicina xızmetkerleri basqa respublikalarǵa qaraǵanda az sanda edi. 1960 jılı hár bir 10 mıń adamǵa SSSRda 20,1 vrachtan, 64,7 orta maǵlıwmatlı medicina xızmetkerlerinen, Ózbekstanda - 13,8 vrach hám 44,4 orta maǵlıwmatlı medicina xızmetkerlerinen tuwra kelse, Qaraqalpaqstanda 7,2 vrachtan hám 30,8 orta maǵlıwmatlı medicina xızmetkerlerinen tuwra keldi.[1]

Xalıqtıń sociallıq-ekonomikalıq jaǵdayınıń tómen ekenligi 1917-1960 jıllar arasında bolıp ótken awır jıllarında ayqın kórindi. Máselen, Qaraqalpaqstannıń jaǵdayı ekinshi dúnya júzilik urıs jılları 1941-1945 jıllar basqa respublikalarǵa satıstırǵanda tómen dárejede boldı. Urıstıń birinshi jılınan baslap mámleket tárepinen qalalarda nan, un, qant, shay, aq may hám basqa azıq-awqatlıq zatlar tejelip, júdá az muǵdarda beriletuǵın boldı. Awıl xalıqları onday zatlar menen derlik támiynlenbedi. Xalıq asharshılıqqa ushıradı. Ólimshilik kóbeyip ketti. Usı shárayatta 1943-1944 jılları respublikada súzek keseli kelip shıqtı.[2] Xalıqtıń elde ólgen adamlarınıń sanı urısta qurban bolǵanlarǵa salıstırǵanda úsh esedey artıq boldı. Urıs jılları usı hám basqa awırıwlardan Qaraqalpaqstanda 90 mıńǵa shamalas adam ólgen. Urısta ólgenler menen birge respublika urıs jılları 124 mıń adamınan ayırılǵan. Qaraqalpaqstan xalqınıń urıstan aldıńǵı jılǵı sanı 510 mıń on bes jıldan keyin, yaǵnıy 1959 jılı tiklendi.

Xalıqtıń ushıraǵan bul awır jaǵdayınıń tásiri 1960 jıllarǵa deyin hám onnan keyin de respublikamızdıń sociallıq-ekonomikalıq jaǵdayınıń jaqsılanıwına úlken zıyanın tiygizip keldi. Solay etip, Qaraqalpaqstannıń sociallıq-ekonomikalıq jaǵdayı 1960 jıllarǵa 1917 jılǵa deyingige salıstırǵanda aytarlıqtay jaqsılanǵan bolsa da, basqa respublikalarǵa, hátte wálayatlarǵa salıstırǵanda tómen dárejede edi. Buǵan sebep Qaraqalpaqstanǵa oraydıń dıqqatı tómen bolǵan. Bul tuwralı usı dáwirdi puqta izertlegen V.Yu.Zorin bılay dep jazadı: «Urıstan keyingi jıllarda eldiń kóplegen aymaqlarında bolıp ótken sanaattaǵı rawajlanıw Qaraqalpaqstanǵa tásirin tiygizbedi. SSSR hám Ózbekstan SSR mámleketlik joba komitetleri

---

[1] Қарақалпақстан жаңа тарийхы. Нөкис: «Қарақалпақстан» 2003. 321-б.

[2] Камалов С. Вклад каракалпакстанцев в победу во второй мировой войне. //Фашизм устидан қозонилган ғалабада Ўзбекистоннинг тарихий ҳиссаси. – Ташкент: «Фан», 1996, 327-б.

avtonomiyalı respublikanıń rawajlanıw dárejesine jeterli kewil bolmedi. Usınıń aqıbetinde aymaqtıń pútkil xalıq xojalıq kompleksiniń rawajlanıwına úlken zıyan keltirildi».

1960-1980 jılları Qaraqalpakstannıń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwı dawam etti. Usı dáwir ishinde Taqıyatas-Nókis, Nókis-Shımbay, Gazoshaq-Lenin jolı temir jolları Ámiwdáryanıń tómengi jağındağı tiykarğı ekonomikalıq rayonların baylanıstırıp, onı burıngı SSSRdıń Evropa bólimine shıǵardı. Respublika boylap Buxara-Ural, Shatlı-Naip, Orta Aziya-Oray magistral gaz ótkizgishler qurıldı.

Oǵan Shaqpaqtıdan shıqqan Qaraqalpaqstan gazı tutastırıldı. Avtonomiyalı respublikanıń irrigaciyalıq tarmaqlarına turaqlı túrde suw jiberip turıwdı támiyn etetuǵın Taqıyatas gidrouzel i paydalanıwǵa berildi. Bul Ámiwdáryanıń oń jaǵası menen shep jaǵasındaǵı rayonlardı temir jol hám avtomobil jolları menen baylanıstırıp turıwǵa múmkinshilik tuwdırdı. Ámiwdáryanıń tómengi jaǵı ushın úlken ekonomikalıq áhmiyetke iye bolǵan Taqıyatas GRESi tolıq iske qosıldı.[1] Bul dáwirde Qaraqalpaqstan partiya shólkeminiń baslıǵı bolıp Q.K.Ka- malov islep turǵan edi.

Usınday progressivlik mánidegi ózgerisler júz bergenine qaramastan, Qaraqalpaqstan sanaatı jaǵınan jetkilikli jetiskenliklerge erise almadı. Tiykarǵı wazıypası paxta menen salı óndiriwden ibarat bolǵan agrar respublikaǵa aylandı. Sonlıqtan usı otken waqıt ishinde bolingen barlıq qárejettiń 70 procentke shamalası irrigaciya menen melioraciyaǵa jumsaldı. 60-80 jıllar ishinde 181,1 mıń gektar jańa egislik jerler ózlestirildi. Paxta hám salı óndirisiniń kólemi ádewir ósti. Sharwashılıq hám basqa tarawlardaǵı azıq-awqat óndirisi de azǵana ósti.

Bul jılları xalıqtıń materiallıq jaǵdayı hám mádeniy rawajlanıw dárejesi kóterildi. Jumısshı hám intelligenciya wákilleriniń aylıqları kóbeydi. Jámiyetlik tutınıw qorınan tólenetuǵın napaqanıń kólemi arttı. Ásten jobalı túrde jámiyetlik turaq jay qorı óse basladı. Xalıq bilimlendiriwi menen ilim tarawı rawajlandı.

Degen menen usı 20-30 jıl ishinde Qaraqalpaqstan burıngı artta qalıwshılıǵınan úzip-julqıp alǵa shıǵıp kete almadı. Onıń sociallıq-ekonomikalıq

---

[1] Камалов С. Расцвет Советской Каракалпакии в братской семье народов СССР. - Ташкент: «Узбекистан», 1985. 26-б.

rawajlanıw dárejesi basqa avtonomiyalı respublikalar hám Ózbekstannıń wálayatları menen salıstırǵanda burınǵıday tomen boldı. Eldiń usınday dárejede ekenligin Aral apatshılıǵı dálilledi. Sonıń menen birge Aral mashqalası avtonomiyalı respublika sanaatınıń, qurılısınıń, transportınıń, baylanısınıń hám awıl xojalıǵınıń rawajlanıwına irkinish jasadı. Xalıqtıń abadanlıq turmıs dárejesin birden tómenletip jiberdi. Orta Aziyada erteden qonıslanǵan qaraqalpaq, ózbek, qazaq, túrkmen xalıqlarınıń táǵdiri ázelden Aral teńizi menen tıǵız baylanıslı edi. Aral boyı aymaǵı usı xalıqlardıń xalıq bolıp qáliplesiwinde úlken orın tuttı, yaǵnıy onıń besigi boldı. Olardıń babaları bul aymaqta, sol waqıttaǵı Xorezm oazisinde, joqarı mádeniyatlı áyyemgi civilizaciyanı dóretti. Bul jerde áyyemgi zamanlardan-aq suwǵarıw diyqanshılıǵı joqarı dárejede rawajlanǵan edi, paxta, júzim, shabdal, erik hám basqada miywe túrleri egilip, olardan oǵada joqarı zúráát alınǵan. Buǵan Aral teńizi ayrıqsha ıqlım tuwdırıp turǵan.

Solay etip, Aral boyı aymaǵında áyyemgi zamanlardan qonıs basqan xalıqlardıń tariyxıy táǵdiri Ámiwdárya, Sırdárya hám Aral teńizi menen tıǵız baylanıslı bolıp kiyatır. Biraq, XIX ásirdiń aqırında orıs klimatologı, geograf, Peterburg ilimler akademiyasınıń aǵzası Voyeykov Aral teńizin «kereksiz kól» dep onı qurıtıwdı usınıs etedi. Patsha húkimeti bul usınıstı iske asırıp úlgermedi. Al, biraq, keńes húkimeti tárepinen bul is ámelge asırılıp, teńiz qurıtıldı. Bul SSSR mámleketi patshashılıqtıń baslaǵan koloniallıq siyasatın turmısqa asırıwdı dawam etkenin kórsetedi. Oraydı bayıtıwǵa baǵdarlanǵan keńes húkimetiniń alıp barǵan siyasatı shet-shebirdegi milliy aymaqlardıń tábiyiy resurslarınıń tonalıwına alıp keldi. Burınǵı SSSRdıń húkimet basshıları milliy respublikalardı, sonıń ishinde Ózbekstan menen Qaraqalpaqstandı, koloniallıq aymaqlar sıpatında alıp qaradı. Orta Aziya respublikaları awqam ushın shiyki zat bazası sıpatında xızmet etti.

1960 jıldan baslap Ámiwdárya hám Sırdárya basseynlerinde jańa jerlerdi ózlestiriw boyınsha keń kólemli jumıslar baslanıp, oǵan qosımsha dárya suwları talap etildi. Nátiyjede paxtashılıq penen salıgershilik óziniń rawajlanıwın taptı, paxta monokulturaǵa aylandı. Biraq jerlerdi ózlestiriw ilimiy tiykarda alıp barılmadı. Diyqanshılıqtıń rawajlanıwı ekstensivlik usıl menen alıp barıldı, al bul jaǵday barǵan sayın tiykarsız suw resurslarınıń zaya bolıwına alıp keldi. Dárya suwlarınan Aral teńiziniń úlesi belgilenbegenlikten, onıń qurıwı tezlesti. Solay

etip, SSSR mámleketiniń koloniallıq siyasatınıń aqıbetinde payda bolǵan Aral hám Aral boyı mashqalası búgingi kúnde de óz sheshimin taba almay atır.

Aral apatshılıǵının jaqınlap kiyatırǵanın, onıń zıyanın Qaraqalpaqstan xalqı, ásirese alımlar erteden-aq bildi. Alımlar 1960 jıllardan baslap Araldıń táǵdiri boyınsha birneshe ilimiy konferenciyalar shólkemlestirip, orayǵa Araldıń suwdan úlesin bólip shıǵarıw, ulıwma suwdı únemli paydalanıp, teńizdi qurtıwǵa alıp kelmewdi ótinish etip, 20 jıl dawamında xat jazıp keldi.

Aral teńiziniń qurıwı tómendegi unamsız qubılıslarǵa alıp keldi. Qaraqalpaqstannıń xalıq xojalıǵınıń eń eski tarawlarınıń biri balıqshılıq sanaatı edi. Ol respublikanıń xojalıq. kompleksiniń ajıralmas bir bólegi bolıp keldi. Balıqshılıq tarawı ónimniń ulıwma kóleminiń ishinde gósh tarawınan 2,2 procentke, sút-may shıǵarıwdan 10,3 procentke artıq edi. 1973 jıldıń birinshi yanvarında sanaattıń tiykarǵı óndiris qorı bahasının 35 procentke jaqını balıqshılıq tarawına tiyisli boldı.[1] Demek, bul tarawdıń salıstırma salmaǵı may shıǵarıw, gósh tayarlaw, sút-may shıǵarıw, un tartıw hám vino shıǵarıw tarawlarınıń hámmesiniń salıstırma salmaǵınan artıq boldı.

Qaraqalpaqstannıń balıqshılıq xojalıǵı tiykarınan Aral teńizi arqalı rawajlandı. 1960 jıllarǵa deyin bul teńizden 600 mıń centner, sonıń ishinde onıń Qaraqalpaqstan bóliminen 270 mıń centner joqarı bahalı azıq - awqat balıǵı awlanıp keldi, Endi Araldıń qurıp ketiwine baylanıslı onıń balıqshılıq xojalıǵınıń áhmiyeti derlik pútkilley joq boldı. Tek balıq awlaw tarawı saplastırılıwınıń saldarınan ekonomikaǵa keletuǵın shıǵın xár jılı 127 million somdı quradı. Islep shıǵarılǵan 22 túri mámleketlik sapa belgisine iye bolıp, olardıń kópshiligin sırt el valyutasına satılıp atırǵan Moynaq konserva kombinatı sapalı balıqsız qaldı.

1960 jılları Ámiwdáryanń quyar jerinde hár jılı millionnan aslam ondatra terisi alınatuǵın edi. Ol burıngı SSSRda awlanatuǵın ondatra terilerinin 15-20 procentin quraytuǵın edi. Endi Aral teńiziniń hám kóplegen kóllerdiń qurıp ketiwine baylanıslı ondatranıń sanı azayıp ketti. Ondatranı awlaw toqtawınıń nátiyjesinde ekonomikaǵa keletuǵın tikkeley shıǵın jılına 10 million somdı quraydı.[2]

---

[1] Тлеуов Р., Тлеубергенов Ш. Рыбы Каракалпакии. - Нөкис: «Қарақалпақстан» 1974, 11-б.

[2] Қарақалпақстан жаңа тарийхы.- Нөкис: «Қарақалпақстан» 2003, 322-б.

Ámiwdáryanıń tómengi jaǵasında suw transportınıń Ámiwdárya hám Aral teńizi mámleketlik kemeshilik mákemeleri respublikamızdıń turmısında belgili orındı iyeleytuǵın edi. Endi Araldıń qurıwı hám Ámiwdáryanıń suwı azayıwı aqıbetinde dárya menen teńiz transportı joq boldı. Teńizdiń qurıp ketiwi shólistanlıq kóleminiń kóbeyiwine, toǵay hám ósimliklerdiń kóplegen túrleri siyrekleniwine alıp keldi. Ásirese, dáryanıń quyar jerlerindegi ósimlikler siyreklesip qaldı.

800 mıń gektar jerdiń qamısı pútkilley joq boldı, 0,3 million gektar jerdegi qádirli toǵay aǵashları joq bolıp ketiw aldında tur. Qamıs hám toǵay aǵashları jergilikli xalıq ushın áyyemgi zamanlardan berli jay salıw hám qara úylerdi soǵıw ushın qurılıs materialları bolıp kelgen edi. Usı dáwirge deyin jılına 800 mıń kv metr qamıs plitaların islep shıǵaratuǵın kóplegen arteller bolǵan edi. Olarǵa xalıqtıń talabı kúshli boldı. Endi respublikanıń xalqı arzan tábiyiy qolaylı, dástúriy, hátte olardı basqa zatlar menen almastırıw múmkin emes bolǵan qurılıs materiallarınan ayırıldı. Aral teńiziniń qurıwı, Ámiwdárya suwınıń pataslanıwı respublika jerleriniń topıraqların qattı duzlandırıp jiberdi. Bul jaǵday turaq jaylarǵa, qurılısqa, jollarǵa, mádeniy esteliklerge úlken zıyanın tiygizdi. Jerdiń duzlanıwı turaq jay qorına úlken zıyanın tiygizdi. 1986 jılı qala hám awıldaǵı turaq jaylardıń 78 procenti qulaw aldında turǵanlıǵı anıqlandı. Duzlı jer astı suwları eldiń asfaltlanǵan jolların da buzdı.

Teńizdiń ultanınan kóterilgen duz hátteki joqarı voltli elektr liniyalarınıń sımları menen izolyatorlarına jabısıp, tirek baǵanaların jep, olardı isten shıǵardı. Arqa tárepten ushıp kelip atırǵan duzlar, sonday-aq Ámiwdárya suwına kóp muǵdarda kollektor-drenaj suwları quyılıwınıń nátiyjesinde duzlanıwı Qaraqalpaqstan awıl xojalıq óndirisine oǵada úlken zıyan keltirdi. Olar egislik jerlerdi duzladı. Hátteki egislik jerdiń azǵana dárejede duzlanıwı paxtanıń zúráátin 10-15 procentke kemeytedi, al egerde jer orta dárejede duzlansa zúráát 30-40 procentke, kúshli dárejede 50-60 procentke kemeyedi. Suwǵarılıp egiletuǵın jerdiń ishinde 1 procentke deyin duz bolsa, zúrááttiń úshten bir bólegin qısqartadı, al endi onıń ishindegi duzdıń muǵdarı 2-3 procentti qurasa, onda ulıwma zúráát bolmaydı. 1987-jılı respublikadaǵı 485,1 mıń gektar suwǵarılıp egiletuǵın jerdiń 376,9 mıń gektarı duzlanǵan edi.[1] Ámiwdáryanıń tómengi jaǵı shólistanlıqqa aylana baslawı

[1] Глазовский Н.Ф. Аральский кризис. - Москва-Нукус.1990, 36-б.

hám duzlanıwı, onıń barlıq 1300 mıń gektar jeriniń 500 mıń gektarınıń tábiyiy potencialın joq etiwge alıp keldi. Usıǵan baylanıslı ol jerlerdiń ónimdarlıq koefficienti sońǵı 26 jıl ishinde 30 ballǵa kemidi, yaǵnıy usı sebepten bolǵan onıń shıǵını 360 million somdı quraydı.

1970-1985 jıllar aralıǵında Qaraqalpaqstanda awıl xojalıǵına tiyisli óndiris qorı 4,4 mártebe, energiya quwatı 3 mártebe, mineral tóginler menen támiynlew 2,7 mártebe, 1 gektar súrim jer qorı menen támiynleniwi 2-4 mártebe, bir jumısshınıń ortalıqtan bir jıllıq qor menen támiynleniwi 3 mártebe hám onıń energiyalıq qurallanıwı 2,2 mártebe ósti. Usıǵan qaramastan awıl xojalıǵınıń ulıwma ónimi usı dáwirdegi bahalarǵa salıstırǵanda barlıǵı bolıp tek 45 procentke osti, al onı jan basına bólgende kerisinshe 6 procentke kemeydi. Kolxoz benen sovxozlarda islep shıǵarıw 11 procentke kemidi. Suwǵarılatuǵın jerdiń, 1 gektarınan alınatuǵın ulıwma ónim 1970 jılǵı 1970 somnan 1985 jılı 1090 somǵa tústi. 1984 jılı avgustta bolǵan wálayatlıq partiya komitetiniń plenumında Ózbekstan Respublikası basshısınıń shıǵıp sóylegen sózinde 1975-1983 jıllar aralıǵında Qaraqalpaqstan mámleketlik paxta tayarlaw jobasın paxta mamıǵı boyınsha tek bir mártebe 1977 jılı orınlaǵan dep kórsetildi.

Bunday jaǵdayǵa alıp kelip atırǵan birinshi gezekte Aral apatshılıǵınıń saldarı ekenligine gúman bolmawı kerek. 1960 jılları Ámiwdáryanıń quyar jerinde otlaqlı jaylawlar gósh tayarlawǵa baǵdarlanǵan qara mal túrlerin shólkemlestiriwge múmkinshilik tuwdırǵan edi. 1970 jılları ol jerlerde barlıǵı bolıp 100 mıń bas qaramalǵa iye 10 mal sharwashılıq xojalıǵı bar edi. Bul xojalıqlardıń rentabelligi joqarı boldı hám bir centner góshtin bahası 70-80 som turdı. 25 jıl 1960-1985 jıllar ishinde bul jerlerden 75 mıń tonna gósh ondirildi. Endi bul aymaqtıń shólistanlıqqa aylanıwı Ámiwdáryanıń quyar jeri múmkinshiliklerin derlik joqqa shıǵarıp respublikanı arzan gósh shıǵarıw múmkinshiliginen ayırdı. Usı tikkeley shıǵın 128 million somdı quradı.

Qızılqum menen Ústirttiń shıǵıs tárepi ósimlikleriniń siyreklesiwi jaylawlardıń tábiyiy múmkinshiliklerin tómenletti. Usı jerlerde orta esap penen jılına 5 million tonna bahalı mal otı joq bolıp atır.[1] Bul jaǵday qoy hám basqa mayda mallar bas sanınıń kemeyiwine alıp keldi. Onıń ústine Qaraqalpaqstan

---

[1] Камалов С.К. Из истории развития Аральского кризисаю. //Вестник ККФАН УзССР. - Нукус: 1990, № 4, 13-14-б.

sovxozlarınıń qoy-eshkileri, qara mallarınıń kópshiligi keselge ushıradı. Jer astı suwlarınıń duzlanıwı hám onıń joqarı kó- teriliwi tariyxıy mádeniy ortalıqqa hám onıń ajıralmas bólegi bolǵan mádeniy esteliklerge qaytıp tiklenbes zıyanın tiygizip atır. Tórtkúl rayonında suwǵarılatuǵın jerlerdiń jaqınlıǵınan eń eski, estelik Qoyqırılǵan qala nabıt boldı. Ellikqala rayonında 50 den aslam áyyemgi antik dáwirge tiyisli estelikler bar edi. Solardan onlaǵanı ǵana qaldı. Al Xorezmshahlardıń rezidenciyası bolǵan Topıraqqala da joq bolıw halında tur. Respublikanıń arqa aymaǵında jaylasqan esteliklerdiń jaǵdayı bunnan da tómen.

Egerde tábiyiy ortalıqtı buzıw adamnıń tirishiligine oǵada úlken qáwip tuwdıratuǵın bolsa, mádeniy-tariyxıy ortalıqqa keltirgen shıǵın adamlardıń ádep-ikramlılıǵına hám mádeniy rawajlanıwına úlken zıyan tiygizip, onı tariyxınan ayıradı.[1] Ekologiyalıq ózgerislerdiń unamsız saldarı Qaraqal- paqstan xalqınıń sociallıq turmıs dárejesin páseńletip jiberdi. Xawa rayınıń ózgeriwine, duzlı shańnıń kóbeyiwine hám ishimlik suwdıń ńorı tómenlewine baylanıslı diskomforttıń kúsheyiwi ayrıqsha qáweterli jaǵday tuwdırıp atır. Ámiwdárya suwınıń pataslıǵı adamlardıń den sawlıǵına zıyanın tiygizip, respublikada epidemiologiyalıq jaǵdaydı kúsheytti. Jerústi suwlarınıń pataslanıwı menen bir qatarda jer astı suwları da pataslanıp atır. Respublikadaǵı eń úlken kán bolǵan Xojeliniń jer astı suwı duzlanǵan, arqa rayonlardan sanalǵan Taxtakópir, Qaraózek, Shımbay rayonlarındaǵı jer astı dushshı suwlarınıń da duzlanıw qáwpi tuwıp tur.

Songı 15 jıl ishinde 1970-1985 jıllar Qaraqalpaqstanda xalıq ishinde awırıwshılıq penen ólimshilik birden kóbeyip ketti. Paratif keseli menen awırǵanlardıń sanı Ózbekstannıń dárejesinen 2 mártebe, al burıngı awqam menen salıstırǵanda 2,3 mártebe artıq boldı. Songı jılları sarı awırıw menen awırǵanlardıń sanı 3 ese, suzek penen awırǵanlardıń sanı 4,5 ese kóbeydi. Rak keseli menen awırǵanlardıń sanı orta esap penen burıngı awqam boyınsha kórsetkishten 7 mártebe artıq boldı. Eń qáuipli jeri rak penen awırıw jaslar arasında kóbeydi. Cońǵı bes jıl ishinde ol kesel menen jaslardıń arasında awırǵanlardıń sanı 2 eseden artıp ketti. Anemiya, YAǴNIY qanı azlıq penen awırǵanlardıń sanı, ásirese tuwıw jasındaǵı hayallardıń arasında kóbeydi.

[1] Камалов С.К. Современное состояние, перспективы изучения и публикации памятников истории и культуры Каракалпакской АССР. Проблемы Аральского моря и дельты Амударьи. - Ташкент: Фан, 1984, 240-б.

Cońǵı 10 jıl ishinde adamnıń ishki aǵzalarına tas jıynalıw keseli menen awırǵanlardıń sanı 7 mártebe, turaqlı ishek awırıwı menen awırǵanlardıń sanı 3 mártebe, bóteke keseli menen awırǵanlardıń sanı 8,6 mártebe ósti. Ókpe keseli tuberkulez menen awırǵanlardıń sanı 2 esege arttı. Ana hám balalardıń óliwshiligi kóbeyip ketti. Qaraqalpaqstan oba, tulyarema juqpalı kesellik hám tırıspay keselleriniń jergilikli oshaǵına aynaldı. Araldıń qurıwı, shólistanlıqtıń oǵırı úlkeyiuiniń 3 nátiyjesinde Qızılqum hám Ústirttegi kemiriushi hayuanlar Ámiuderyanıń quyar jerine qaray ótip atır. Bul oǵada qáwipli, óytkeni bul kemiriwshilerdiń kópshiligi oba hám tulyarema awırıwlarınıń tábiyiy deregi bolıp esaplanadı.[1]

Tek usı awırıwlardıń ózi aymaqqa hár jılı 15-20 milliard som ekonomikalıq zıyan tiygizedi.[2] Xalıqtıń den sawlıǵınıń tómenlewi ekologiyalıq jaǵdaylardan tısqarı Qaraqalpaqstannıń xalıq xojalıǵınıń bir tarawı bolǵan den saulıqtı qorǵaw jumısındaǵı úlken qáte-kemshiliklerge tikkeley baylanıslı edi. Kommunistler birneshe on jıllar dawamında el azamat- larınıń den sawlıǵı bul eldiń baylırı dep tastıyıqlap keldi. Biraq olar, jámiyetshilik usı baylıqtı arttırıw ushın barlıq iláјlardı islep atır dep, kózdi jumıp júrdi. Endi bankrotlıqqa ushırap, kózin ashıp qarasa, xalıqtıń densawlıǵı júdá tómen, al medicina bolsa júdá ábiger awhalda ekenligin kórdi. Qaraqalpaqstannıń densawlıqtı saqlaw tarawı usı jarlılıq boyınsha birinshi orındı iyelep keldi.

Respublikada shıpakerler jetispedi. Hár bir 10 mıń xalıqqa orta esap penen tek 25,5, al arqa rayonlarda 13,7-16 joqarı maǵlıwmatlı medicina qánigelerinen tuwra keldi. Usı jılları respublika boyınsha 1200 shıpaker jetispedi, sonnan 720 awıllarǵa kerek boldı. Orta maǵlıwmatlı medicina qánigeleri menen támiyn etiw jaǵdayı onnan da tómen boldı. Densawlıqtı saklaw mákemeleriniń materiallıq jaqtan tómiynleniwi jan ashınarlıq jaǵdayda edi. Kát qorınıń tek 23 procenti turaqlı emlewxanalarda jaylasqan edi. Respublikamızda bir de arnawlı tuwıw úyi qurılmadı. Diagnostikalıq oray ulıwma joq edi. Emlew mákemelerinde ıssı suw

[1] Абдиров Ч.А. Состояние здоровья населения и проблемы научных исследований. //Вестник ККФАН УзССР. - Нукус, 1990, N 4, 20-22-б.

[2] Дошумбаев К. Развитие и размещение производительных сил в условиях экстремальной экологической обстановки в регионе (на примере Каракалпакской АССР). Автореф. дисс. канд. эк. наук. - Т.: 1990.

menen suwıq suw, kanalizaciya tarawı, oraydan ıssılıq beriw jayları bolmadı. Feldsher hám akusherlik orınlardıń tek tórtten biri telefonlastırılǵan edi.[1]

Qaraqalpaqstanda bir de sanatoriy, bir de dem alıw úyi qalmadı. 1973-1982 jılları Moynaq qalasında islep turǵan kurortlarda jılına 20 mıńnan aslam adam dem alar edi. Aral teńiziniń qurıwı menen olar joq bolıp ketti. Respublikanıń bunnan kórgen shıǵını jılına 8 million somdı quradı. Respublikanıń derlik barlıq kolxoz hám sovxozlarınıń hesh qaysısında jámiyetlik monsha bolmaǵan. Nókis qalasınan basqa hesh bir qala hám awıllarda kanalizaciya tarawı joq edi. Kanalizaciyanı hám onıń shıǵındıların tazalaytuǵın orın Nókiste de bolmadı. Bul awhal qala hám awıllıq jerlerde epidemiologiyalıq jaǵdaydı júdá keskinlestirip jiberdi. Qaraqalpaqstan xalqınıń 80 procenti aytarlıqtay turaq jayǵa iye emes edi.

Qaraqalpaqstanda azıq-auqattıń tiykarǵı jelinetuǵın túrleri menen awkatlanıw dárejesi Ózbekstan, Qazaqstan hám Túrkmenstan Respublikaları menen salıstırǵanda tómen edi. Máselen, 1989 jılı Qaraqalpaqstannıń qalalarında hár bir shańaraq aǵzasına jelingen nan -136 kg, palız ónimleri 57 kg, gósh - 16 kg, balıq - 0,6 kg, sút-192 litrden tuwra kelse, Ózbekstanda nan 148 kg, palız ónimleri - 102 kg, gósh - 37 kg, balıq 3,8 kg, sút - 222 litrden, Qazaqstanda nan - 136 kg, palız ónimleri - 82 kg, gósh - 64 kg, balıq-9,1 kg, sút - 334 litrden, al Túrkmenstanda nan 133 kg, palız ónimleri 110 kg, gósh 50 kg, balıq 4,8 kg hám sút 250 litrden tuwra kelgen.[2]

Azıq-awqatlıq zatlardı xalıq mámleketlik dúkánlarda az bolǵanlıǵınan bazardan alatuǵın edi. Olardıń bazar nırqı mámleketlik bahadan bir neshe ese artıq boldı. Bul bahalar barǵan sayın ósip bardı. Máselen, 1988 jılı bazardaǵı awqatlıq zatlardıń bahası 21 procentke ósti. Sonıń ishinde kartofel 43 procentke, miywe-37 procentke ósti. Azıq-awqat emes zatlar da mámleketlik dúkánlarda jet- kiliksiz boldı. Olardı da xalıq 1990 jılǵı bahalarǵa qaraǵanda 4-5 ese artıq bahası menen bazarlardan hám kommerciyalıq dúkánlardan satıp alatuǵın edi. Solay etip, ekologiyalıq hám ekonomikalıq apatshılıqlar menen daǵdarıslar Qaraqalpaqstan xalqınıń turmıs dárejesine ólimshi etip soqqı berdi.[3]

Keńes húkimeti Aral apatshılıǵın kópke shekem jabıq saqlap keldi. 1985 jılı baslanǵan járiyalıq siyasatı nátiyjesinde bul mashqala pútkil SSSRǵa hám sırt

---

[1] Ещанов Т.А. Исчезает море, исчезает здоровье. .//Правда Востока, 1991, 22-февраля.
[2] Қарақалпақстан жаңа тарийхы. – Нөкис: «Қарақалпақстан» 2003. 324-б.
[3] Курбаниязов А. Развитие потребительского рынка в Каракалпакии. - Нукус, 1990, 7-б.

mámleketlerge jáhad boldı. Jámiyetshiliktiń Aral mashqalasın sheshiw boyınsha talapları keńes húkimetin usıǵan baǵıshlanǵan eki qarar shıǵarıwǵa májbúrledi. 1986 jıldıń 17-martında KPSS Oraylıq Komitetı menen SSSR Ministrler Keńesiniń № 340-qararı shıqtı. Bunıń maqseti xalıqtı dushshı awız suw menen támiynlewden ibarat bolıp, sońınan Túyemoyınnan Taxtakópir, Qońıratqa deyin magistral suw ótkergish qurıw isleri baslandı. Usı qarar boyınsha 1986-jılı Qaraqalpaqstannıń arqa rayonları Moynaq, Qońırat, Shomanay, Qanlıkól, Kegeyli, Shımbay, Qaraózek, Taxtakópir hám Nókis qalası xalıqları ushın alatuǵın aylıqlarına qosımsha aqsha qosıldı. Nókiste-eksperiment hám klinikalıq medicina ilim-izertlew institutı shólkemlestiriddi. Ekinshi №1110-qarar 1988 jılı 19-sentyabrde shıqtı, onıń da maqseti Aral boylarındaǵı ekologiyalıq, sanitariyalıq jaǵdaydı jaqsılawdan ibarat boldı. Biraq usı qararlardan keyin de eldegi sociallıq - ekonomikalıq jaǵdayda tiykarınan ózgeris bolmadı. Keńes hákimiyatı qulaǵannan keyin bul qararlar ulıwma iske aspay qaldı.

Solay etip, Aral apatshılıǵı aymaqqa tikleniwi múmkin emes shıǵıp alıp keldi. Qánigelerdiń maǵlıwmatı boyınsha, Aral ekosistemasına tikkeley keltirilgen zıyan aqshalay esaplaǵanda 45 milliard somdı quraydı.[1] Al endi Aral mashqalasın sheshiw boyınsha islenetuǵın ilajlardıń aqshalay shıǵını 100-110 milliard somdı talap etedi. Bul materiallıq shıǵınnan tısqarı xalıqqa úlken morallıq shıǵın tiygizildi, bul zıyandı xesh qanday aqsha menen esaplaw múmkin emes, álbette. Ol xesh wakıtta ornına túspeydi de.

Solay etip, Qaraqalpaqstannıń sociallıq-ekonomikalıq jaǵdayı totalitar mámlekettiń tusında izbe-izlik penen basqa respublikalar qatarında ilgerilep kete almadı. Buǵan usı mámleket siyasatınıń tiykarında júz bergen Aral apatshılıǵı baslı sebeplerdiń biri boldı.

[1] Глазовский Н.Ф. Аральский кризис, причины возникновения и пути выхода. - Москва: Наука, 1990, 46-б.

# III-BAP. «1946-1990 JILLARDA QARAQALPAQSTAN EKONOMIKASI» TEMASIN U`YRENIWDE INNOVATSION METODLAR

## 3.1. Sabaqtıń tálim texnologiyası

### Tema: 1946-1990 jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikası

**Jobası:**

1. Urıstan sońgı jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń awhalı (1946-1960 jj.)
2. Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń bir tárepleme rawajlanıw tendenciyaları (1960-1980 jj.)
3. XX a`sirdin` 80 jıllar ekinshi yarımında sovet hu`kimetinin` "Qayta qurıw" siyasatı hám onıń nátiyjeleri
4. Aral apatshılıǵı

**A'debiyatlar:**

1. 20172017-2021-yillarda O`zbekiston Respublikasini rivojlantirishning beshta ustuvor yo`nalishi bo`yicha Harakatlar strategiyasi. O`zbekiston Respublikasi Prezindentining 2017-yil 7-fevraldagi PF-4947 sonli Farmoni.
2. Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı N.2003

| Tema | 1946-1990 jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikası |
|---|---|

(Lektsiya –2 saat)

**Lektsiyani o`tkeriw texnologiyasi**

| *Sabaq tu`ri* | *Tema boyinsha lektsiya* |
|---|---|
| **Lektsiya jobasi** | 1. Urıstan sońgı jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń awhalı (1946-1960 jj.)<br>2. Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń bir tárepleme rawajlanıw tendenciyaları (1960-1980 jj.)<br>3. XX a`sirdin` 80 jıllar ekinshi yarımında sovet hu`kimetinin` "Qayta qurıw" siyasatı hám onıń nátiyjeleri<br>4. Aral apatshılıǵı |
| **Oqiw sabag`inin` maqseti** | **To`mendegi bilim ha`m ko`nlikpelerdi qa`liplestiriw:**<br>- pa`nnin` strukturasi ha`m reyting kriteriyalari<br>- aniq tariyxiy waqiyalardi hu`jjetler tiykarinda sa`nelerin belgilewdi<br>- studentler Qaraqalpaqstannıń urıstan sońgı jıllarda ekonomikalıq awhalı menen tanısadı<br>- Sovet totalitar sisteması dáwirinde Qaraqalpatan ekonomikasınıń |

| | |
|---|---|
| | bir tárepleme rawajlanıw baǵdarın úqrenedi |
| **Tayanish tu`sinikler** | totalitar, ekonomika, protsessler, qayta qurıw, ekologiya, sotsialliq turmıs, Aral apatshılıǵı h'.t.b |

| **Pedagogikaliq waziypalar:** | **Oqiw iskerligi na`tiyjeleri:** |
|---|---|
| 1. 1946-1990 jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikası haqqinda mag'lıwmat beriw | urıstan sońǵı jıllarda ekonomikalıq awhal haqqinda aytip bere aladi |
| 2. Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń bir tárepleme rawajlanıw tendenciyaları haqqinda mag'lıwmat beriw | Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń agrar tarawınıń rawajlandırıwındaǵı ilajlar haqqinda mag`liwmatlar bere aladi |
| 3. Qayta qurıw siyasatı hám onıń nátiyjeleri haqqinda mag'lıwmat beriw | qayta qurıw siyasatınıń social-ekonomikalıq nátiyjeleri haqqinda aytip bere aladi |

| | |
|---|---|
| Oqitiw usillari | Lektsiya, ko`rgizbe, aqliy hujim, klaster |
| Oqitiw qurallari | Lektsiya teksti, karta, komp`yuter texnologiyasi, slaydlar |
| Oqitiw sharayati | Texnikaliq qurallar menen ta`miyinlengen, oqitiw usillarin qollaniw mu`mkin bolg`an oqiw bo`lme |
| Monitoring ha`m bahalaw | Ba baqlaw, awizeki tekseriw, jazba jumis, oqiw tapsirma |

**Lektsiyanin` texnologiyaliq kartasi**

| **Jumis barisi, basqishlari waqti** | **Jumistin` mazmuni** | |
|---|---|---|
| | **Oqitiwshi** | **Student** |
| **1-basqish Kirisiw (15 minut)** | 1.1. Oqiw pa`ninin` atin aytadi, predmettin` das'lepki uliwma tu`sinikler beredi. Metodikaliq ha`m sho`lkemlestiriwshi ta`repleri, studentler bilimlerin bahalaw reytinglerin ha'm pa'n strukturasin tanistiradi. (1-qosimsha)<br>1.2. Bul pa`nnin` u`yreniletug`in temalari boyinsha teoriyaliq ha`m seminar sabaqlari, olardin` baylanisi haqqinda qisqasha mag`liwmat beredi. Tiykarg`i a`debiyatlar menen tanistiradi. (2-qosimsha)<br>Oqiw da'stu'rin talabalarg'a tanistiradi.<br>1.3. Lektsiya sabag`inin' maqseti ha`m oqiw na`tiyjelerin aytadi. Studentlerdi aqliy hu`jimge tartiw ushin qiziqtiriwshi sorawlar beredi. (3-qosimsha). | Tin`laydi<br>ha`m jazadi aniqlastiradi, sorawlar beredi<br>Temanin` atin jazip aladi<br>Sorawlarg`a juwap beredi |

| | | |
|---|---|---|
| **2-basqish tiykarg`i protsess (55 minut)** | 2.1. Lektsiya jobasinin` barliq sorawlari boyinsha vizual materiallardi ko`rsetedi. (4-qosimsha). Temanin` tiykarg`i jerlerin jazip aliwlarin aytadi. Qiziqtiriwshi soraw-juwap o`tkeredi.<br>1. Urıstan songı jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń awhalı (1946-1960 jj.)<br>2. Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń bir tárepleme rawajlanıw tendenciyaları (1960-1980 jj.)<br>3. XX a`sirdin` 80 jıllar ekinshi yarımında sovet hu`kimetinin` "Qayta qurıw" siyasatı hám onıń nátiyjeleri<br>4. Aral apatshılıǵı<br>2.2. Temanin` tayanish tu`sinikleri ha`m kerekli belgiler qosiladi. Juwaplardi tuwirlaydi ha`m juwmaqlaydi (5-qosimsha)<br>2.3. Talabalardin` erkin pikirlewine ruxsat beriledi ha`m olardi jaristiradi. | Tin`laydi, u`yrenedi, jazadi, aniqlaydi, sorawlar beredi<br>Tiykarg`i jerlerin jazadi<br>Sorawlarg`a juwap beredi<br>Ha`r bir tayanish tu`sinikler ha`m belgilerdi talqılaydı, jazadi.<br>Juwap beredi, tin'laydi |
| **3-basqish juwmaqlawshi basqish (10 minut)** | 3.1. Tema boyinsha uliwma juwmaqlaydi.<br>3.2 Studentlerdin` bilim ha`m ko`nlikpelerin baqalaydi.<br>3.3. Kelesi saatda ko`riletug`in ma`seleni aytip o`tedi ham o`z betinshe tayarliq ko`riwlerin aytadi.<br>3.4. Studentlerge u`yge tapsirma qilip:<br>(1). 1946-1990 jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikası temasinda referat tayarlaw;<br>(2). O`z betinshe jumis ushin temalar usiniladi;<br>(3). Keyingi tema jariyalanadi ha`m og`an tayarlanip keliwdi aytadi.<br>(4). O`zin-o`zin tekseriw ushin sorawlar beriledi.<br>(5). Usinis etilgen a`debiyatlardi u`yreniwge beredi. | O`z betinshe tayarliq ko`riwleri ushin tapsirmani jazip aladi<br>Dokladlar temasina tayarlanadi |

# VİZİUAL PREZENTATSIYALAR (fragment)

## Tema boyinsha teoriyaliq mag`liwmatlar:




Qaraqalpaqstanda urisqa bag’darlang’an ekonomikani paraxat jolg’a saliwdin’ u’lken mashqalari payda boldi, sebebi, Qaraqalpaqstan frontqa jaqin jaylas-pag’ani menen uris bul jerde de ekonomikag’a u’lken ziyan tiygizgen edi. Uristan son’ Qaraqalpaqstanda xaliq xojalig‘inin’ barliq tarawlarin rawajlandiriw za’ru’rli edi. Uristan son’ monopartiya u’stemligi burin-g’idan da ku’sheydi ha’m eldin’ rawajlaniwi Orayg’a bag’inishli boldi. Usi maqsette uristan son’ xaliq xojalig’in qayta tiklew ha’m tag’i da rawajlandiriw haqqinda nizam (1946-50 jillar ushin), bes jilliq jobalar qabil etildi, al 1959-jili jeti jilliq joba tastiyiqlandi.



Awil xojalig’indag’i uristan son’g’i mashqalalar. Paxta monokulturasi. Uris ekonomikasinin’ barliq tarawina, a’sirese awil xojalig’ina unamsiz ta’sir etti. Awil xojalig’inda materialliq-texnikaliq baza ju’da’ to’men-ledi. Respublikada ol waqitta quwati kem tek 4 zemlesos bolip, olar kanal tazalaw ha’m qaziw jumislarinin’ 3% ke shamalasin g’ana orinlaytug’in edi. Bunin’ u’stine paxta o’nimleri to’menlep ketken edi. Sonliqtan 1946-jili 2-fevralda Oray «1946— 1953-jillari O’zbek-standa paxtashiliqti qayta tiklew ha’m oni bunnan bilay da ko’teriw jobasi ha’m ilajlari haqqinda» qarar qabil etti.

Paxtashiliqti rawajlandiriw haqqindag’i Oraydin’ qatan’ ko’rsetpe-lerine muwapiq ma’jbu’riy tu’rde A’miwda’rya ha’m Sirda’rya suwlarin paydalaniwda jer-suw resurslarin esapqa almaw, jerlerdi barinsha bastirip suwg’ariw, xaliqtin’ den-sawlig’ina ziyanli ximikatlardi ha’dden tis paydalaniw da’stu’rge aylanip ketti. Bul jag’day Aral ten’izi suwinin’ azayip, ekologiyanin’ buziliwina alip kelgen sebeplerdin’ biri boldi. A’miwda’ryadan aqqan suwdin’ basim ko’pshiligin duzlang’an pestitsid, gerbitsidler menen za’rerlengen, kollektorlardan shiqqan suwlardan turdi. Bul jag’day egis jerlerdi isten shig’ardi, adamlarda tu’rli kesellikler payda etti. Sovetler elinde bir partiya u’stemlik etken totalitar du’zimnin’ unamsiz aqibetleri xaliq xojalig’i menen ja’miyetlik-siyasiy turmistin’ barliq tarawlarinda en jaydi. Aral mashqalasina orayliq hu’kimettin’ basi awirmadi. Sonin’ menen birge 1970-80-jillari jergilikli partiya, Sovet ha’m xojaliq basshilari da bul mashqalani sheshiw ma’selesin joqari organlarg’a qoya almadi. Bul jag’day 1980-jillardin’ aqirinda Qaraqalpaqstannin’ ekonomikasinin’ (sonin’ ishinde a’sirese awil xojalig’inin’) rawajlaniwin tubalawshiliqqa alip keldi.





Bes jilliq planlarda Oray ushin paxta ha’m basqa da shiyki zatlardi tayarlaw waziypalarina tig’iz baylanistirildi. Ol ushin u’lken qarjilar, kompleks mexaniza-tsiyalaw, qurilis, qa’nigeler tayarlaw ha’m t.b. ma’seleleri ortag’a qoyildi. Ko’rsetilgen waziypalardi orinlaw monopartiyanin’ u’stemligi tiykarinda iske asatug’in byurokratliq ha’m buyriq ta’rtibi menen boldi. Usinday Orayliq ko’rsetpelerge tiykarlana otirip O’zbek-stan ha’m Qaraqalpaqstannin’ xaliq xojaliq rawajlaniw jobalari du’zildi ha’m olardi iske asiriw ushin ilajlar ko’rildi.





Bes jilliq planlarda Oray ushin paxta ha’m basqa da shiyki zatlardi tayarlaw waziypalarina tig’iz baylanistirildi. Ol ushin u’lken qarjilar, kompleks mexaniza-tsiyalaw, qurilis, qa’nigeler tayarlaw ha’m t.b. ma’seleleri ortag’a qoyildi. Ko’rsetilgen waziypalardi orinlaw monopartiyanin’ u’stemligi tiykarinda iske asatug’in byurokratliq ha’m buyriq ta’rtibi menen boldi. Usinday Orayliq ko’rsetpelerge tiykarlana otirip O’zbek-stan ha’m Qaraqalpaqstannin’ xaliq xojaliq rawajlaniw jobalari du’zildi ha’m olardi iske asiriw ushin ilajlar ko’rildi.

# Sanaat







Uristan son'g'i jillari Qon'irat, Shimbay, Xojeli may zavodlari, Ha'ktaw qurilis materiallari kombinati, No'kiste motor remontlaw, su't, may, pivo isleytug'in zavodlar ha'm elektrostantsiyalar iske qosildi.

1950-jillari Xojeli, Qon'irat may zavodlari tag'i da ken'eytildi, 1956-1958 jillar Shabbaz (Beruniy) ha'm Taxtako'pir paxta tazalaw zavodlari ja'ne de Xojeli go'sh kombinati iske qosildi









1950-jili Moynaq rayonindag'i alti baliq zavodina tek bir g'ana trasportyor tuwra kelgen bolsa, 1958-jili baliq zavodlarinda tog'iz turaqli, jeti ko'shpeli trasportyor, segiz elektron ha'm basqa da jan'a texnikalar boldi. Bul jillari Moynaq konserva kombinatinda baliqlardi prestlew, muzxanadan konserva tsexina a'keliw, tayar o'nimlerdi qutilarg'a saliw ha'm basqa da jumislar mexanizatsiyalandi





1950-jillarda ondatra xojalig'i rawajlana basladi. 1957-jildan baslap Qaraqalpaqstannin' Moynaq rayoninda bahali terisi bar haywanlardi bag'ip o'siretug'in fermalar sho'lkemlestirildi. 1958-1960 jillarda olar ma'mleketke bahali an' terilerin tapsiriwdan 900 min' manattan aslam payda aliwg'a eristi.






Respublikadan shiyki zatlardi alip ketiw ha'm kerekli mashina, u'skeneler ha'm basqa da texnikalardi a'keliw jumislarinda u'lken qiyinshiliqlar ha'm tosqinliqlar bar edi. Sonliqtan da 1947-jil Sharjaw—Qon'irat temir jolin saliw haqqinda O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan hu'kimeti tiyisli ilajlar ko'rdi. Shardjaw—Qon'irat temir jol qurilisindag'i qaraqal-paqstanlilardin' ushastkasi Darg'anata menen U'rgensh aralig'indag'i 75,2 shaqirim jol qurilisi edi. Temir jol qurilisinda 1947- jili-aq Qaraqalpaqstannan 3913 adam jumis isledi. Temir jol qurilisindag'i jumis og'ada awir boldi. Qaraqalpaqstannin' ushastkasi qumliq, sho'listanliq ha'm oyli-ba'lentli boldi, ja'ne de, temir jol polotnasina qurilisshilar jiynag'an topiraqti samal ha'm dawil isirip alip kete beretug'in edi. Bul temir jol qurilisinda 20 min' qaraqalpaqstanlilar qaharmanliq miynet u'lgilerin ko'rsetti

## 3.2. Metodikalıq usınıs ha`m korsetpeler

O`zbekistan Respublikası g`a`rezsizlikke eriskennen son` ta`lim-ta`rbiya protsessinde u`lken o`zgerisler ju`z berdi. Ha`zirgi ku`nde ta`lim protsesinde interaktiv metodlar, innavatsion texnologiyalar, pedagogik ha`m axborot texnologiyalarınan oqıw protsessinde qollawg`a bolg`an qızıg`ıw itibar ku`nen ku`nge ha`wij alıp barmaqta, bunday bolıwının` sebeplerinin` biri, usı waqıtqa shekem da`stu`riy ta`limde oqıwshılardı tek g`ana tayar bilimlerdi iyelewge u`yretken bolsaq zamanago`y texnalogiyalar olardı iyeleytug`ın bilimlerin o`zleri qıdırıp tabıwlarına, g`a`rezsiz u`yrenip, analiz etiwine, ha`tteki juwmaqlardı da o`zleri keltirip shıg`arıwlarg`a u`yretiledi.

Oqıtıwshı bul protsesste shaxstın` rawajlanıwına, qa`liplesiwine, bilim alıwına ha`m ta`rbyalanıwına sharayat jaratıladı ha`m sonın` menen bir qatarda basqarıwshılıq bag`dar beriwshi funktsiyasın orınlaydı. Ta`lim protsessinde oqıwshı tiykarg`ı figurag`a aylandı. Sonın` ushın tariyx sabaqlarında zamanago`y oqıtıw interaktiv metodlar, innavatsion texnologiyalardın` ornı ha`m roli u`lken a`hmiyetke iye. Pedagogikalıq texnologiya ha`m pedagog sheberligine baylanıslı bilim, ta`jriybe ha`m interaktiv metodlar oqıtıwshılardı bilimli, sawatlı bolıwına imkaniyat jaratadı.

İnnovatsiya - jan`alıq kirgiziw, jan`alıq esaplanadı. İnnavatsion texnalogiyalar pedagogikalıq protsess ha`m de oqıtıwshı ha`m oqıwshı iskerligi jan`alıq, o`zgerisler kirgiziw bolıp, onı a`melge asırıwda tiykarınan interaktiv metodlardan tolıq paydalanıladı.

İnteraktiv metodlar bul ja`ma`a`t bolıp pikirlew dep ju`rgiziledi, yag`nıy pedagogik ta`sir etiw usıları bolıp ta`lim mazmunnın` quramlı bo`limi esaplanadı. Bul metodardın` o`zine ta`nligi sonnan ibarat olar tek g`ana pedagog ha`m oqıwshılardan birgelikte jumıs islewi arqalı a`melge asırıladı.

Bunday pedagogikalıq birge islew protsesi o`zine ta`n qa`siyetlerge iye bolıp, olarg`a to`mendegiler kiredi.

- Oqıwshının` sabaq dawamında oqıwg`a itibarsızlıq qılmawg`a erkin pikirlewge, o`z u`stinde islewge ma`jbu`r etiwi.

- Oqıwshılardı oqıw protsessinde bilimge bolg`an qızıg`ıwların ha`mme waqıtta itibarg`a alıw ha`m ta`minlew.

- Oqıwshılardın` bilimge bolg`an qızıg`ıwshılıg`ın g`a`rezsiz ra`wishte ha`r bir ma`selege do`retiwshilik ta`rizde ku`sheytiw.

- Pedagog ha`m oqıwshının` ha`mme waqıt birgelikte jumısının` qa`liplesiwi.

Pedagogikalıq texnoogiyalar ma`selelri, mashqalalardı u`yrenip atırg`an oqıwshılar, ilimiy izertlewshiler pikirinshe, pedagokalıq texnalogiya bul tek g`ana axborot tkexnologiyası menen baylanıslı bolg`an ha`m oqıtıw protsessinde qolanıw mu`mkin TSO, kompyuter, aralıqta turıp oqıtıw, yaki ha`r qıylı texnikalardan paydalanıw deb belgilenbidi.[1]

Bizin` pikirimizshe pedagogikalıq texnalogiyanın` en` tiykarg`ı negzi oqıtıwshı ha`m oqıwshının` belgilengen maqsetke qamsızlandırılg`an na`tiyjege birgelikte erisiwde qollanılatug`ın ha`r bir ta`lim texnalogiyası oqıtıwshı ha`m oqıwshı arasında birge islesiwdi ornata alsa, oqıw protsesinde oqıwshılar erkin pikirley alsa, izlense analiz ete alsa, o`zleri juwmaq shıg`ara alsa o`zlerine, gruppag`a, gruppa bolsa olarg`a baha bera alsa oqıtıwshı o`zi bolsa olardın` bunday jumısları ushın imkaniyat jarata alsa, usı waqıt oqıtıw protsesinin` tiykarı esaplanadı.

Ha`r bir sabaq, tema, oqıw, predmetin o`zine ta`n texnologiyası bar, yag`nıy oqıw protsessindegi pedagogik texnologiyası bar bul jeke ta`rtiptegi protsess bolıp ol oqıwshının mu`ta`jliginen kelip shıqqan halda bir maqsetke bag`darlang`an aldınan jobalastırılg`an ha`m kamsızlandırılg`an na`tiyje beriwine qaratılg`an pedagogikalıq protsess bolıp tabıladı.

Oqıtıwshı ha`m oqıwshının` maqsetten na`tiyjege erisiwinde qanday texnalogiyanı olar ıqtıyarına, sebebi ha`r eki ta`reptin` tiykarg`ı maqseti anıq. Na`tiyjege erisiwge qaratılg`an, bunda oqıwshılardın` bilim da`rejesi, klass xarakteri, sharayatqa qrap islenetug`ın texnologiyag`a tan`lanadı. Mısalı, na`tiyjege eriiw ushın, ba`lkim kompyuter menen islew lazım, ba`lkim fil`m, tarqatpa material, sızılma ha`m plakatlar, ha`r qıylı a`debiyatlar, axborot texnologiyası kerek bolar, bul tek g`ana oqıtıwshı ha`m oqıwshıg`a baylanıslı.

Sonın` menen bir qatarda oqıtıw protsessinin` aldınan jobalastırıw za`ru`r, bul protsesste oqıtıwshı oqıw predmetinin` o`zine ta`n ta`repin, orın ha`m sharayatın, en` tiykarg`ısı, oqıwshının` imkaniyatı ha`m imkaniyatına ha`m

[1] Т.Ташпулатов, Я.Гафаров «Тарих ўқитиш методикаси» -Т.: Ўқитувчи 2002. 48-б.

birgelikte islewin sho`lkemlestire alıwın, esapqa alıw kerek, sonda g`ana, kerekli kafolatlang`an na`tiyjege erisiwi mu`mkinshiligine iye bolamız. Soay etip aytqanımızda, oqıwshını ta`linin` orayına alıp shıg`ıw kerek.

Oqıtıwshı ta`repinen ha`r sabaqtı anıq jag`dayda ko`re alıwı ha`m onı elesletiw ushın bolajaq sabaq protsesin jobalastırıp alıw kerek. Bunda oqıtıwshıg`a bolajaq sabaqtın` texnalogiyalıq kartasın ha`r bir tema, ha`r bir sabaq ushın oqıtılatug`ın predmet, pa`nnin` qa`siyetinen. Oqıwshılardın` imkaniyatı ha`m mu`ta`jliginen kelp shıqqan xalda du`ziledi. Bunday texnalogiyalıq karta du`ziw birqansha quramalı degen menen bunın` ushın oqıtıwshı, pedagogika, psixalogiya, metodika, pedagogikalıq ha`m axborot texnalogiyadan, xabardar bolıw kerek, sonday-aq ha`r qıylı metodlardı maqsetke muwapıq biliw kerek. Usıllardı biliw kerek boladı. Ha`r sabaq qızıg`arlı bolıwı ushın aldın puxta oylap du`zilgen sabaqtın` jobalastırg`an texnalogiyalıq kartasına baylanıslı boladı.

Sabaqtın` texnalogiyalıq kartasın qay ko`riniste yaki formada du`ziw, bul oqıtıwshının` ta`jriybesi, qoyg`an maqseti ha`m ıqtıyarına baylanıslı. Texnologiyalıq karta qanday du`zilgen bolmasın, onda sabaq protsesin, anıq halda ko`rsetilgen bolıwı ha`mde anıqq belgilengen maqset ha`m wazıypalarg`a, na`tiyje sabaq protsesinin` sho`lkemlestiriw texnologiyası tolıq o`z ko`rinisin tapqan bolıw kerek.[1] Texnologiyalıq kartanın` du`ziliwi oqıtıwshını sabaqta ken`eytirilgen konspektini jazıwdan azat boladı, sebebi bunday kartada sabaq protsesinin` ha`mde ta`repleri o`z ko`rinisin ko`riwge boladı. Tariyx oqıtıwda baslang`ısh kursı boyınsha to`mendegi texnologiyalıq kartasın du`zsek boladı.

## Texnologiyalıq karta

| **Tema** | **Tariyxıy kartalar** |
|---|---|
| Maqset ha`m wazıypalar | Oqıwshılarg`a temanın` tariyxı a`xmiyetin tu`sindiriw. Karta haqqında oqıwshılar ta`repinen jeke ha`m toparlar ta`rtibinde o`zlestirip alıw waqıya haqqında tu`siniklerdi payda ta`rtibinde etiw. Oqıwshılardın` karta haqqında bilimin bahalaw. |

[1] Фарберман Б.Л. «Илғор педагогик технологиялар». -Т.: Фан 2001. 73-б.

| | |
|---|---|
| Oqıw protsessinin` mazmunı | Ha`zirgi zaman tariyxın kartasının` tu`rleri ha`m olardın` jaylasıw orınların anıqlaw kontr kartag`a tarixıy tarixıy esteliklerdin` uaqıyaların jaylasqanlıg`ın sızıp u`yreniw. |
| Oqıw protsesinin` a`melge asırıw texnalogiyası | Bunda metod: karta mashtabların, Kartanı karta tu`rlerin topar ha`m jeke jag`day da u`yreniw.<br>Forma: a`meliy mashg`ulat, kontr kartada islesiw kishi ha`m jeke, jamaat bolıp islesiw.<br>Kural: Kontr karta tarixiy ha`m siyasiy karta<br>Baqlaw: ahız- eki soraw-juwap, o`z-o`zin nazorat qilish<br>Baxalaw: xoshametlew 5 ball sistema. |
| Ku`tiletug`ın na`tiyje | Oqıtıwshı: Mavzuni qısqa waqıt ishinde barlıq oqıwshılar ta`minlewden o`zlestiriwge erisildi. Oqıwshılar iskerligin asıradı. Oqıwshılarg`a karta haqqında qızıg`ıwshılıg`ın arttıradı. O`z aldına qoyılg`an maqsetine erisedi.<br>Oqıwshı : Jan`a bilimlerdi u`yrenedi. Jeke ha`m topar halında islesiwdi u`yrenedi Eslep qalıw qa`bileti rawajlanadı. Qısqa waqıt ishinde tarixıy mag`lıwmatlar haqqında ko`p mag`lıwmatqa iye boladı. |
| Kelesi rejeler | Oqıtıwshı Jan`a pedagogikalıq texnalogiyanı o`zlestiriw ha`m sabaqqa engiziw, quramalastırıw. O`z u`stinde islew, jan`a pedagogik texnalogiyanı ja`nede teren` u`yrenib temaların turmıs tarawlarına baylanıstırıw |

**Pedagogikalıq karta**

| **Tema** | 1946-1990 jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikası |
|---|---|
| Maqset ha`m wazıypalar | Oqıwshılarg`a tariyxıy waqıyanın`tariyxı, a`hmiyeti kelip shıg`ıwın tu`sindiredi. Temag`a baylanıslı tarqatpa materiallardı oqıwshılar ta`repinen jeke yamasa topar halatında o`zlestirip alıwı yaki jeke tu`sindiriwlerin bahlaw arqalı alg`an bilimin bahalaw. |
| Oqıw protsessinin` | Texnikalıq qurallardan paydalanadı. Kartalardag`ı ma`mleketlerdin` jaylasıwın u`yretiw. Bunda metod: Awız-eki bayan etiw, sa`wbet qılıw. |

| | |
|---|---|
| mazmunı | |
| Forma:<br>Qural: | A`meliy shınıg`ıw: Oqıtıwshılarg`a tema haqqında u`yretip barıw ha`m olardan sabaqtı talap etiw. Basqada temadag`ı waqıyalardı u`yreniwdi talap qılıw. |
| Baqlaw: | Awız eki bahalaw olardın` bilimlerin bahalaw ha`m bilimlerin tekserip bal qoyıp barıw. |
| Oqıtıwshı: | Temanı sabaq dawamında barlıq oqıtıwshılar ta`repinen o`zlestiriw. Oqıwshılardın` sabaqqa bolg`an qızıg`ıwshılıg`ı bilimi artadı. |
| Oqıwshı: | Oqıwshının` jan`a bilimi rawajlanadı jeke halda ha`m topar bolıp islesiwdi u`yrenedi, Oqıwshı o`zinin` eslep qalıw qa`biletin rawajlandıradı ha`m ko`p mag`lıwmat toplaydı. |
| Oqıtıwshı | Jan`a ped texnologiyanı o`zlestiredi. Oqıtıwshı ja`ne de o`z u`stinde isleydi. Pedagogikalıq sheberligi asadı. |

Oqıtıwshı ta`repinen o`zi oqıtıp atırg`an pa`nnin` ha`r bir teması, ha`r bir sabaq waqtında du`zilgen joqarıdag`ı sıyaqlı texnalogiyalıq karta og`an pa`ni predmetlik jaqsı halda esletiw, tu`siniwge, oqıw protsessinin` baslanıwı, erisiletug`ın na`tiyjesine qarap alıwına ja`rdem beredi. A`sirese texnalogik kartanın` oqıwshının` imkaniyatına, mu`ta`jligine kelip shıqqan halda du`ziliwi, onın` shaxs sıpatında ta`limnin` orayına alıp shıg`ıwına alıp keledi. Bul o`z gezeginde oqıtıwdın` na`tiyjeligin asırıwg`a imkaniyat jaratadı.[1]

Oqıtıw protsesinde oqıtıwshılarg`a shaxs sıpatında qaralıwı, ha`r qıylı pedagogakalıq texnalogiyalar ha`m de zamanago`a` metodlardı qollanıw olardı mustaqil, erkin pikirlewge, izleniwge, ha`r bir ma`selege do`retiiwshilik pene qaraw, juwapkershilikti seziw, ilimiy izertlew jumısların alıp barıw, analiz qılıw, ilmiy a`debiyatlardan u`nemli paydalanıwg`a, en` tiykarg`ısı oqıwg`a, pa`nge, pedagogika ha`m o`zi tan`lag`an ka`sipke bolg`an qızıwg`ıwshılıg`ın ku`sheytedi.

---

[1] «Тарих фанини касбий соҳаларга йўналтириб ўқитиш методикаси». -Т., ТДПУ. 2012. 79-б.

Bunday na`tiyjege ersiw a`meliyatta oqıw prtsessinde innovatsion ha`m de axborot texnalogiyalardı qollaw maqsetke muwapıq ha`m de na`tiyje beredi. Oqıtıw protsesinde qollanıw mu`mkin bolg`an ayrım treninglerge xarakteristika beremiz.

«Tarmaqlar» metodı - oqıtıwshını logikalıq pikirlew, ulıwma pikirlew shen`berin ken`eytiriw, g`a`rezsiz ra`wishte a`debiyatlardı paydalanıwdı u`yretiwge qaratılg`an.[1]

«3x4» metodı - oqıtıwshılardı erkin pikirlewine ken` ko`lemde ha`r qıylı idealardı Bere biliwi, ta`lim protsesinde jeke, kishi topar xalında analiz etip, juwmaq shıg`ara alıwı, ta`riypley alıwına qaratılg`an.

«Blits-oyın» metodı - ha`reketler izbe-izligin tuwrı sho`lkemlestiriwge, pieirlewge, u`yrenip atırg`an predmeti tiykarında ko`p, ha`r qıylı pikirlerden, mkqlıwmatlardan kerekligin tan`lap alıwın u`yretiwge qaratılg`an.

«İnterv`yu» texnikası - oqıwshı soraw beriw, esite alıw tuwrı juwap beriw, sorawdı tuwrı du`ziwge u`yretiwge qaratılg`an.

«Bumerang» texnikası - oqıwshılardı sabaq protsessinde, sabaqtı tıs a`debiyatlar, tekstler menen islew, u`yretilgen materialda yadında saqlap qalıw, so`ylep Bere alıw, pikirin erkin xalda bayan ete alıw ha`mde bir sabaq dawamında barlıq oqıwshılardı bahalaw alıwg`a qaratılg`an.

«Oqıwshı» trening - oqıwshılar menen individual jag`dayda jumıs islew oqıtıwshı ha`m oqıwshı arasındag`ı tosıqtı joq etiw, birlikte jumıs islew jolların u`retiwge qaratılg`an.

«Basqarıw» texnikası oqıtıwshılardı auditoriyanı basqarıwdag`ı usıllar ha`m de oqıwshılardı auditoriyanı basqarıwdag`ı usıllar ha`m de oqıwshılardı jumıs prtsessinde basqarıw usılları menen tanıstırıwshı ha`m son`g`ı u`yretiwge qaratılg`an.

Oqıwshılardın` bilimlerdi iyelewde, qızıg`ıwshılıg`ın, o`z wazıypasın biliwi, juwapkershilikti seziwi ta`lim na`tiyjeligi ta`miyinleytug`ın baslı faktorlar bolıp, bunnan tısqarı oqıwshılardın` qızıg`ıwshılıg`ın oyatıwshı oqıw jan`alıqları oqıw dereklerinin` qızıqlıg`ı ha`m ta`lim protsessinin` tıyimlılıg`ın asırıwg`a ja`rdem beredi. Pedagogika ha`m metodika tarawında izertlewlerge tiykarlanıp ta`lim

[1] Т.Ташпулатов, Я.Гафаров «Тарих ўқитиш методикаси» -Т.: Ўқитувчи 2002. 49-б.

na`tiyjeligin ta`miyinlew sha`rt sharayatları sıpatında jan`a pedagogikalıq texnologiyalardın` tu`rleri ha`m usılları to`mendegishe.[1]

Pikirlerdin` tarmaqlanıwı (Klaster) bolıp, bul pedagogikalıq strategiya esaplanıp bul metod oqıwshılarda qandayda bir temanı teren` u`yreniwlerge ja`rdem berip, oqıwshılardı temag`a baylanıslı tu`siniklerdi yamasa anıq pikirlerdi erkin ha`m ashıq ra`wishte izbe-izlik penen baylanıstırg`an jag`dayda tarmaqlastırıwg`a u`yretedi.

Klaster metodı bul temanı teren` u`yreniwden aldın oqıwshılardın` pikirlew iskerligin tezlestiriw ha`m ken`eyttiriw ushın qızmet qılıwı mu`mkin. Sonday-aq temanı bekkemlew, jaqsı o`zlestiriw, ulıwmalastırıw ha`m de oqıwshılardı usı tema boyınsha o`z aldına keltiriwlerin sızılma formasında sıpatlawg`a iytermeleydi.

**İnnovatsion texnologiya.** Bul texnologiyada innovatsion texnologiyalar qatarına kirip sabaq dawamında oqıw materialın teren` ha`m anıq jag`dayda u`yreniw, temanı tu`sinip alıwg`a, erkin iyelewge bag`darlang`an.

Bumerang ha`r qıylı mazmun ha`m xarakterge (mashqalalı, ha`r qıylı mazmunlı) iye bolg`an temalardı u`yrengende qollansaq ju`da` paydalı bolıp, o`z ishine awız-eki ha`m jazba jumıs formaların qamtıp aladı ha`m de ha`r bir sabaq waqtında ha`r bir qatnasıwshının` ha`r qıylı tapsırmalardı orınlawı, gezek penen oqıwshı ha`m oqıtıwshı rolinde bolıwı ja`ne de kerekli baldı toplawg`a imkaniyat tuwdıradı. Kritikalıq pikirlew, sananı qa`liplestiriwge imkaniyat jaratadı, esti, idealardı, pikirlerdi da`lillerdi jazba ha`m awız eki formalarda bayan etiw ko`nlikpelerin rawajlandıradı.

Bilimlendiriw menen bir qatarda usı metod ta`rbiyalıq xarakterdegi bir qansha wazıypalardı a`melge asırıw imkanın beredi.

**«Skarabey» texnologiyası.** «Skarabey» interaktiv texnologiya bolıp, ol oqıwshılardın` pikirine baylanıslı, aqıl esinin` rawajlanıwına imkaniyat jaratadı. Qanday da bir mashqalanı sheshiwde o`z pikirin ashıq ha`m erkin su`wretlewdegi sheberligin qa`liplestiredi. Usı texnologiya oqıwshılarg`a g`a`rezsiz ra`wishte bilimnin` sıpatı ha`m sapasın a`dil bahalaw, u`yrenilip atırg`an tema haqqındag`ı tu`sinik ha`m esletiwlerdi anıqlawg`a imkanın beredi. Ol ha`zirgi waqıtta ha`r qıylı

[1] Толипов Ў., Усмонбоева М. «Педагогик технологияларнинг таркибий асослари» -Т.: Фан 2006. 44-б.

idealardı su`wretlew ha`m de olar arasındag`ı baylanıslardı anıqlawg`a imkan payda etedi.

«Skarabey» texnologiyası ha`r ta`repleme bolıp, onnan oqıw materiallarının` tu`rli basqıshların u`yreniwde paydalanıladı.

- basında oqıw iskerligin marapatlaw sıpatında («Aqılıy hu`jim»).

- temanı u`yreniw protsessinde onın ma`nisi, du`zilisi ha`m mazmunın belgilew, olar arasındag`ı tiykarg`ı bilimler, tu`sinikler baylanıslar xarakterin anıqlaw, temanı ja`ne de terenirek u`yreniw, jan`a ta`replerin su`wretlep beriw.

- aqırında alıng`an bilimlerdi bekkemlew ha`m juwmaqlaw maqsetinde.

«Skarabey» texnologiyası oqıwshılar ta`repinen an`sat qabıl etiledi, sebebi biliw, pikirlew qa`siyetlerin inabatqa alıng`an halda islep shıg`ılg`an. Ol oqıwshılar ta`jiriybesinen paydalanıwdı ko`zde tutadı, pikirley alıw ta`jiriybesin o`tkiziw imkaniyatına iye. Usı texnologiyanın` ayrım abzallıqları sıpatında an`sat tu`sinip alıwdı jen`illestiriwshi sızılma formalardan paydalanıwdı ko`rsetiw mu`mkin. «Skarabey» o`z aldına, kishi gruppalarda ha`m oqıw protsessinde qollanıw mu`mkin.

**«Beep» texnologiyası.** Bul texnologiya quramalı, ilajı barınsha, mashqalalı xarakterdegi temalardı u`yreniwge qaratılg`an. Texnologiyanın` a`hmiyeti sonnan ibarat, bunda temanın` ha`r qıylı tarmaqları boyınsha bir mag`lıwmat beriledi. Ha`zirgi waqıtta olardın` ha`r biri o`z aldına tochkalardan talqı etilgedi. Mısalı, jaman ha`m jaqsı ta`repleri, abzallıg`ı, pa`ziylet ha`m kemshilikleri, payda ha`m ziyanları belgilenedi. «Beep» texnologiyası ulıwma temanın` ayırım tarmaqların talıqlawda kishi toparlardın` ha`r bir qatnasıwshının, topardın` aktiv islewine qaratılg`an.

Bul interaktiv texnologiya kritikalıq analizlew, anıq pikirlewde na`tiyjeli rawajlandırıwg`a ha`m o`z ideaları, pikirlerin jazba yaki awız eki formada ıqsham bayan etiwge mu`mkinshilik jaratadı. «Beep» texnologiyası temanı u`yreniwdin` ha`r qıylı basqıshlarında qollanılıwı mu`mkin.

Tiykarg`ı tu`sinikler to`mendegishe.

Aspekt penen predmet, ha`diyse, tu`sinik tekseriledi.

Abzallıq bir na`rseni salıstırg`andag`ı u`stinlik.

Pa`ziylet-jaqsı sıpat.

Nuqsan-qag`ıyda ha`m kreteriyag`a durıs qaramaw.

Juwmaq qandayda bir pikirge juwmaqlawshı na`tiyjege keliw.

**İlimiy, baylanıslıq, izshillik usıllar.** Pedagogikalıq izertlewlerden belgili qızıg`ıwshılıq ha`m ha`reketshin`ligi ta`limdi juwmaqlastırıw imkaniyatın beredi. Balalardı oqıw xızmetine qızıqtırıwdın` tiykarg`ı deregi en` a`wele onın` mazmunı metodisttin o`zi mazmunlıq xarakterdegi usıl wazıypasın atqaradı. Mazmun ku`shli marapatlawshı ta`sir ko`rsetiwi ushın oqıtıw printsiplerine qa`liplestirilgen bir qatar talabalar (ilimiylik turmıs penen baylanıslılıq izshillik ha`m basqalar) juwap beriwi kerek.[1]

Tariyx ta`liminde oyınlardan na`tiyjeli paydalanıw oqıtıwshı ha`m oqıwshılar qarım-qatnasın muwapıqlastırıwg`a ja`rdem beriw izertlewden belgili boldı. Oyın dawamında oqıwshı dosları menen oqıtıwshı menen baylanısta boladı. Bul baylanıs a`dettegi pikir alısıwdan parıqlı bolıp oyında bir wazıypanı orınlaw menen baylanıslı soraw pikir bildiriw ha`m basqalar pikirlerin qabıllaw yaki inkar etiwden ibarat. Bul bolsa na`wbetinde jaslardın` aqılıy jaqtan o`siwine ja`rdem beredi. Respublikamız ulıwma orta ta`lim mekteplerinin` tariyx boyınsha a`meldegi oqıw da`stu`rlerin talqılaw sonı ko`rsetedi, onda tariyx ta`lim boyınsha bilimler mazmunın belgilewshi to`mendegi altı bag`dar bar.

1. Tariyxtın` teoriyalıq tiykarları.
2. Tariyxıy izertlew metodları.
3. Tariyxıy sotsiallıq-ekonomikalıq ob`ektler.
4. Ha`diyseler ha`m protsessler.
5. Barlıqtı qabıllawdın` materiallıq ha`m ruwxıy ma`deniyatta du`ziliwi.
6. Territoriyalıq topografiyalıq du`zilisi, oqıtıwshılar iyelewi kerek bolg`an tariyxıy ko`nlikpeler bolsa to`mendegi ko`rsetkishler ja`rdeminde tekserilgen.

1. Ayta (ko`rsete) alıw
2. Waqıyanı anıqlay alıw
3. su`wretley biliw
4. tu`sindire biliw
5. prognoz qıla biliw.

Demek, oqıwshıdan ken` qamırawlı tariyxıy bilim ko`nlikpelerdi iyelew talap etilgen. Bunda didaktik oyınlardan paydalanıw kerek ha`m u`lken na`tiyje

[1] Я.Гафаров, М.Гафарова «Методы преподования историй Узбекистана» -Т.: Шарқ 1996. - С.57

beredi. Tariyxtan ha`r bir sabaqta bilim ko`nlikpelerdi qa`liplestiriwge imkan beriwshi didaktik oyınlardı sho`lkemlestiriw mu`mkin.

**Aqılıy hu`jim.** Aqılıy hu`jim gruppalar aralıq jumıslarda qollanılatug`ın, ko`plegen ideyalardı islep shıg`ıw mu`mkin bolg`an metod. Bul haqıyqatında da talabalardın` oqıw protsessinde aktiv qatnasıwları, ha`r qıylı ideyalardı bayan etiw waqtında basqalardı da qızg`ın jumısqa tartıwı, ilham menen islewlerine imkaniyat beriwi ha`m og`an xoshametlew metodı. Aqılıy hu`jim sonın` ushın da aktivlestiriwdin ha`r qıylı usılı, onda jalg`ız islew mu`mkin emes, bir g`ana ideya gruppanın` ha`mme qatnasıwshıların bir qıylı da tartıp aladı. Oqıtıwshı tema yaki sorawdı ajıratıp alıwı za`ru`r, keyin bolsa oqıw aktivligi 5-10 minut aralıg`ındag`ı waqıt shegarasında jen`illestiredi.

Aqılıy hu`jim tu`rli ta`rizde qollanılıwı mu`mkin, ma`selen, qanday da bir temanı dodalaw ushın, jan`a soraw qoyıw yaki qa`legen qanday da bir mashqalanı sheshiw ushın.

Tiykarg`ı qag`ıydalar to`mendegiler:

1. Aytılıp atırg`an ba`rshe ideyalar bir-birine qarag`anda a`hmiyetliliginde ten.
2. Kiritilip atırg`an idealarg`a qarag`anda kritika joq.
3. İdeyanı berip atırg`an waqıtta so`ylewshinin pikirin bo`lmeslik.
4. So`ylewshige qarag`anda bahalawshı komponent joq.[1]

Metodtı isletiwge kirisiw:

1-metod. Gruppanın` ba`rshe qatnasıwshılarına bir tema ha`m bir soraw qoyıladı.

1. Oqıtıwshı oqıw protsessinde alg`a ilgerlewine o`z qolına sonday ta`rizde aladı. Ol auditoriyadan ba`rshe talabalarg`a soraw beredi ha`m qandayda bir arnawlı temag`a baylanıslı ba`rshe mu`mkin bolg`an pikirlerdi aytıwdı soraydı.

2. Ba`rshe, ha`tte, al paydasız ideyalardı da aytıwg`a ruxsat beriledi. Aytılıp atırg`an pikirler ishinde bir g`ana tiykarg`ı tema saqlanıp qalıwı sha`rt.

3. Birewinin` de pikiri dodalanbaydı, kritika qılınbaydı, bahalanbaydı.

4. Tiykarg`ı pikirlerdi oqıtıwshı flip-karta, doskag`a jazıp aladı yaki ekranda ko`rsetiledi.

---

[1] Йўлдошев Ж.Ғ., Усмонова С.А. «Педагогик технологиялар асослари» -Т., Фан. 2004. 128-б.

2-metod. Ba`rshe tema ha`m sorawlar ulıwma jo`nelisi saqlang`an halda u`lken gruppa quramındag`ı kishi gruppalarg`a bo`linedi.

1. Oqıtıwshı ulıwma tema boyınsha bir neshe, 4-6 soraw tayarlawı mu`mkin.

2. U`lken gruppa kishi gruppalarg`a ajıratıladı ha`m ha`r bir gruppag`a aqılıy hu`jim o`tkeriw ushın o`z aldına soraw beriledi.

3. Ha`r bir gruppa aqılıy hu`jim na`tiyjesin jazıp alıw ushın bir g`ana kishi gruppa ajıratıladı, keyin ala protsess tamam bolıwı menen onı gruppanın` ba`rshe ag`zalarına beriledi.

4. İdeyalar ha`r bir gruppa ta`repinen u`lken (ko`riniske yamasa) qag`azg`a markerden paydalanıp jazıp alınıwı mu`mkin. Usınday ko`rinis plakattın` joqarısına tayarlang`an sorawlar jazıp qoyıladı. Ko`rinis plakat protsessinin` aqırında ha`r bir qa`lewshi ne jazılg`an ha`m ja`mlengenligin ko`riwi ushın asıp qoyıladı.

5. Aqılıy hu`jimnin` bul metodı waqıttın` qısqasha da`wirinde bir sorawdın` bir neshe ta`repi islep shıg`ılıwı za`ru`r bolg`an jayda a`sirese paydalı.

6. Oqıtıwshı basshı ja`rdemshi sıpatında ha`reket qıladı ha`m bir gruppadan ekinshi gruppag`a aqılıy hu`jim a`melge asırılıp atırg`an waqıtta o`tip turadı.

**Pikirler hu`jimi.** Bul metodtan maqset mu`mkin bolg`anınsha u`lken mug`dardag`ı ideyalardı jıynaw, talabalardı bir qıylı pikirlew inertsiyasınan awlaq qılıw, do`retiwshilik wazıypaların sheshiw protsessinde da`slep payda bolg`an pikirlerdi jen`iw. Bul metod A.F.Osborn ta`repinen usınılg`an. Bul metodtın` tiykarg`ı wazıypası ha`m qag`ıydası bahs qatnasıwshıları islep shıqqan. İdeyalar kretiriyasın ulıwma qadag`alaw, ha`r qıylı ha`zillerdi xoshametlew. Bul metodtan paydalanıwdın` jetiskenligi ko`p ta`repten oqıtıwshı shınıg`ıw basshısına baylanıslı. «Pikirler hu`jimi» qatnasıwshıları mug`darı 15 adamnan aspawı kerek. Shınıg`ıwlardın` dawamlılıg`ı bir saatqa shekem.

Jalpı «Pikirler hu`jimi». Bul metod J.Donal`d Filips islep shıg`ılg`an. Ol u`lken gruppalarda jan`a ideyalar islep shıg`ıw na`tiyjeligin sezilerli da`rejede asırıwdı ta`miyinleydi. Ba`rshe qatnasıwshılar kishi-kishi 5-6 adamnan ibarat gruppalarg`a bo`linedi ha`m ha`r bir kishi gruppa sheshiletug`ın do`retiwshilik wazıypa ha`m mashqala boyınsha 15 minut dawamında g`a`rezsiz ra`wishte o`z-ara «Pikirler hu`jimi» o`tkiziledi. Usınnan son` ha`r bir kishi gruppa wakili o`z gruppalarında islep shıg`ılg`an ideya haqqında xabar beredi ha`m oqıtıwshı

basshılıg`ında ja`ma`a`t bolıp og`an baha beredi ha`m olardan en` jaqsıları, ta`kirarlanbasları tan`lap alınadı.

Joqarıdag`ı pedagogikalıq texnologiyalardan paydalang`an halda sabaq protsessinde tu`rli mashqalalardı sheshiwge, olardın` kelip shıg`ıw sebepleri, du`zetiw jolların tabıwg`a oqıwshılardı bolsa g`a`rezsiz izleniwge, pikirlewge, o`z pikirlerin sıpatlaw ha`m tu`rli sharayatlardan shıg`ıwqa u`yretiwge «mashqalalı sharayat» formasın qollaw mu`mkin.

**Trening imkaniyatın jaratıw.** Usı texnologiya oqıtıwshı talabalardı sabaq protsessinde, sabaqtan tısqarı tu`rli a`debiyatlar u`yrenilgen materiallardı yadında saqlap qalıw, so`ylep Bere alıw ha`m de bir sabaq dawamında ha`mme oqıwshı talabalardı bahalay alıwg`a qaratılg`an. Maqset trening dawamında tın`lawshılarg`a tarqatılqan materiallardı olar ta`repinen jeke ha`m gruppa halatında o`zlestirip alıwları ha`m de o`z-ara sa`wbet, qarım-qatnas arqalı, tu`rli sorawlar arqalı, tarqatpa materiallar, ondag`ı temalar qay da`rejede o`zlestirilgenin baqlaw. Trening dawamında oqıwshı talabalar ta`repinen baha, balların iyelewge imkaniyat jaratıw.[1]

Trening texnologiyası bir neshe basqıshta o`tkiziledi.

1-basqısh. Trening tuwrıdan-tuwrı tın`lawshılardı 4-5 adamnan ibarat kishi gruppalarg`a bo`liwden baslanadı; trener ha`r bir gruppa ha`m onın` ha`r bir ag`zasına g`a`rezsiz u`yreniw, pikirlew ha`m yadta saqlap qalıw ushın jeke-jeke anıq jazıw tarqatpa material beredi. Trener ta`repinen tan`lang`an tema boyınsha ulıwma birden-bir ko`lemdegi tekst beriledi. Olardın` sanı gruppalar ha`m tın`lawshılar sanına baylanıslı. Eger to`rt kishi gruppa bolsa ol jag`dayda ulıwma tema 4 tekstlerge bo`linip ha`r bir gruppag`a bo`linedi. İskerli na`tiyjeli bolıwı ushın ha`r bir gruppag`a tekstlerden ha`r bir tın`lawshılarg`a beriledi. Solay etip, 4 gruppag`a ulıwma tema tiykarında 4 tu`rli tekstke iye, ha`r bir tın`lawshı bolsa o`z gruppasına tu`sken tekstine iye boladı.

2-basqısh. Gruppalarg`a berilgen tekstti gruppa ag`zalarına jeke ta`rtipte o`z aldına u`yreniwleri tekstti yadlap alıwları keyin ala kerek bolas basqalarg`a yaki trenerge aytıp beriwleri, ilajı bolsa tekstti o`zlestirip alıwları kerekligin trener

[1] С.Зиямухаммедова, Б.Зиямухаммедов «Новая педагогическая технология» -Т., Фан 2002. 143-б.

u`yretedi ha`m tayarlıq ushın tekstti u`lken-kishiligine qarap 10-15 minut waqıt beredi. Ol bolsa gruppa ha`m tın`lawshılardı iskerligin baqlaydı.

3-basqısh. Trener aldınan tayarlap qoyılg`an sanlar jazılg`an kishi qag`az benen ha`r bir gruppa qasına kelip gruppa ag`zalarınan usı qag`azlardı birewden san tartıp alıwların soraydı. Gruppalardag`ı ha`mme tın`lawshılar sanlar jazılg`an qag`azdan alıwı kerek. Qansha gruppa bolsa sonsha gruppaları ag`zaları sanına qarap sanlar jazılg`an qag`azlar tayarlanadı. Trener sanlar boyınsha tın`lawshılardan jan`a gruppalar du`ziwin soraydı. Mısalı, ha`mme bir sandı alg`anlar bir g`ana jan`a gruppa, 2 sanlılar ekinshi gruppa, 3 sanlılar u`shinshi gruppanı, 4 sanlılar to`rtinshi gruppanı, 5 sanlılar besinshi gruppanı sho`lkemlestiriwlerin soraydı. Gruppa ag`zaları jan`a gruppag`a o`tiwlerinde o`zleri menen u`yrengen tekstlerdi aladı.

4-basqısh. Sanlar boyınsha jan`a gruppalar du`zilgende ha`r bir jan`a gruppada aldın`g`ı gruppalardan birwden wa`killer o`z-o`zinen toplanıp qaladı, yag`nıy 4 gruppada 4 qıylı tekst u`yrenilgen bolsa, bir jan`a gruppada ha`r birewinen birewden wa`kil toplanadı, ulıwma tema boyınsha 4 tın`lawshı ha`m 4 qıylı tekst tolanadı.

5-basqısh. Jan`a du`zilgen gruppanın` ha`r bir ag`zası endi o`zine 2 wazıypa yag`nıy oqıtıwshı menen oqıwshı wazıypasın aladı ha`m to`mendegishe iskerlik ko`rsetedi.

1. Oqıtıwshı sıpatında o`zi aldıng`ı u`yrengen materialdı aytıp beredi, tu`sindiredi, o`zi erkin u`yrengen materialdın` tiykarg`ı orınlarına dıqqatın awdaradı, basqa gruppa ag`zalarının` tu`siniwi ha`m o`zlestiriw qa`biletlerin tekseredi.

2. Oqıwshı sıpatında gruppa ag`zaların na`wbetpe-na`wbet aytıp tu`sindirip atırg`an tekstlerin esitedi, analizleydi, pikirleydi ha`m yadta saqlawg`a ha`reket qıladı. Trener bolsa olarg`a o`z pikirlerin olarg`a aytıp birewi kerek ekenligin u`yretedi ha`m og`an 20 minut waqıt beredi. Bul basqıshta trener baslanıwında tarqatılg`an barlıq material tın`lawshılar ta`repinen o`zlestirilgen esaplanadı.[1]

**İnteraktiv usıllar.** Tariyx sabag`qları oqıwshılarda so`ylew ma`deniyatının` en` baslı belgisi esaplanıp, balalardın` so`z baylıg`ın rawajlandırıp barıwına, durıs

[1] Толипов Ў., Усмонбоева М. «Педагогик технологияларнинг таркибий асослари» -Т.: Фан. 2006. 47-б.

so`ylewin qa`liplestiriw menen birge olarda aqılıy ha`m estitikalıq go`zzallıqtı tanıw sezimlerin qa`liplestirip, ta`rbiyalap baradı, bilim ka`ni bolg`ankitaptı su`yip oqıwg`a da a`meliy ko`nlipe sıpatında xızmet etedi. Juwmaqlap aytqanda, innovatsion usıllardan paydalanıp o`tilgen sabaqlar oqıwshının` sabaqqa belsene qatnasıwına, onın` jazba ha`m awız eki so`ylew tilinin` rawajlanıwına, oylawına ha`m salıstırıwg`a, bolıp atırg`an waqıyag`a o`z pikirlerin bildire alıwg`a ta`rbiyalap baradı. Bunday sabaqlarda oqıwshı zerikpeydi, qaytama belsene qatnasadı, sabaq qızıg`arlı bolg`anlıg`ı ushın o`tilgen tema ha`m sol sabaq olardın` yadında uzaq waqıt saqlanıp qaladı.

Qaraqalpaqstan tariyxı pa`nin boyınsha «G`a`rezsizlik jillarinda Qaraqalpaqstannin` sotsial-ekonomikaliq rawajlaniw» teması boyınsha Bumerang texnologiyasınan paydalanıw usılları.

Bul usılda oqıwshılardın` kritikalıq pikirlew, estitw ideyalardı, da`lillerdi, jazba ha`m awız eki formalardı bayan etiw konplekslerin rawajlandıradı. Sabaq waqtında ko`rgizbeli qurallardan Qaraqalpaqstan Respublikası kartası, Atlas karta, videofilmlerinen paydalansa boladı. Sabaqta oqıwshılardı 3 toparg`a bo`lip u`yretken maqul sebebi sabaq waqtında soraw-juwap ba`sekilesiw ideyalardı salıstırıwg`a qolaylı keledi.[1]

Bul sabaqta oqıtıwshıg`a qoyılatug`ın talaplar:

1. Temag`a za`ru`r bilimlerdi beriwi,

2. Ko`nlikpelerdi repraduktiv da`rejede ta`miyinlew,

3. Tapsırmalardı an`sat bo`leklerge bo`liw ha`m olardı qayta islew,

4. Tekstler baylanıstı orınlawg`a baylanıslı o`z betinshe jumıslardı sho`lkemlestiriw,

5. Sabaq barısında a`ste izleniwshilik ha`m qabıl etiwge bag`darlaw.

6. Ha`r qıylı problemalı ma`selelerdi payda etiw ha`m onın` kemshiliklerin tabıwg`a bag`darlaw.

7. Oqıwshılarıdın` o`z iskerligin analiz qılıwg`a eristiriw ha`m onı oqıtıwshı yaki klass penen dodalawg`a u`yretiw.

Bul sabaqtın` baslı wazıypası ko`nlikpelerin qa`liplestiriw basqıshları to`mendegishe boladı:

---

[1] «Тарих фанини касбий соҳаларга йўналтириб ўқитиш методикаси». -Т., ТДПУ. 2012. 81-б.

A) Oqıtıwshı ne u`stinde islew kerekligin u`yretedi.

B) Bir neshe mısallar ja`rdeminde waqıyalardı oqıwshılarg`a u`yretedi.

V) Tariyxıy waqıyalardı sabaq barısında quramalastıradı.

G) Oqıwshılardı da`lil talap etiwshi tapsırmalardı aladı.

D) Oqıwshı sorawdı sheshiwde o`z jumısın sıpatlaydı.

1. Oqıtıwshı g`a`rezsizlik jillarinda Qaraqalpaqstannin` sotsial-ekonomikaliq rawajlaniw jag`dayının` mazmunı haqqında mag`lıwmatlardı beredi.

2. Oqıwshılar temag`a tiyisli quramalı tapsırmalardı aladı.

4. Bul tapsırmalar boyınsha mag`lıwmatlar jıynaydı.

5. Oqıwshılar o`z betinshe g`a`rezsizlik jillarinda Qaraqalpaqstannin` sotsial-ekonomikaliq rawajlaniw jag`dayı tariyxına sıpatlama jazadı. Eger oqıwshılar tema boyınsha o`z betinshe jazba tu`rinde temag`a baylanıslı ko`nlikpelerdin qa`lipleskenligin da`lilleydi.

G`a`rezsizlik jillarinda Qaraqalpaqstannin` sotsial-ekonomikaliq rawajlaniw haqqında sabag`ın o`tiw barısında bilimlendiriw menen bir qatarda xarakterdegi bir qansha to`mendegi wazıypalardı qa`liplestirgen bolamız.

- Ja`ma`a`t penen islesiw.
- Bir-birewge mu`na`sebet ta`rtibi,
- Ko`nligiwshilik (jen`ilgende),
- Basqalardın` pikirin hu`rmetlew,
- Aktivlik
- O`z jumısının` na`tiyjeli bolıwına umtılıw
- O`zinin` jumısına baha beriw

## Bumerang texnologiyası.

| Tema | 1946-1990 jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikası |
|---|---|
| Maqset wazıypalar | Oqıwshılarda 1946-1990 jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikası haqqında sa`wbetlesiw, tu`sindiriw ha`m sho`lkemlestiriw arqalı bilimler beriw. |
| Oqıw protsessinin` mazmunı | 1946-1990 jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikası bir tárepleme rawajlaniw mazmunı ha`m onın` na`tiyjelerin izertlegen ilimpazlardın` miynetleri, derekler menen tanısıw |
| Sabaq waqtında | Metodlar: Soraw-juwap, sa`wbetlesiw. Bumerang texnologiyası. |

| | |
|---|---|
| a`melge asırıw texnologiyası | Forma: Jazba tu`rinde mag`lıwmatlar alıw,<br>Qural: Temag`a baylanıslı kontur kartalar islew<br>Bahalaw: Test, awız-eki soraw juwap,<br>Bahalaw: Xoshametlew usılı 5 ball sisteması. |
| Ku`tilgen na`tiyje | Oqıtıwshı: Tema mazmunı qısqa waqıt ishinde o`zlestirildi. Oqıwshılardın` iskerligi astı, sabaqqa qızıg`ıwshılıg`ı arttı. O`z aldına qoyg`an maqsetine jetti. Tema boyınsha bir qansha mag`lıwmat aldı, erkin pikir aytıwg`a eristi, Qısqa waqıt ishinde bir qansha mag`lıwmatlar topladı. |
| Kelesi reje | Oqıtıwshı: Jan`a ped texnologiyalardı o`zlestiriw ha`m sabaqqa analiz jasaw, o`z u`stinde isley biliw ha`m so`ylew da`rejesi astı.<br>Oqıwshı: O`z betinshe islew, o`z pikirin ayta biliw, qosımsha materiallardı izlew, bir sheshimge keliwi. |

1946-1990 jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikası temasında «Beep» texnologiyasınan paydalanıw usılları.

Bul texnologiya quramalı, mashqalalı xarakterdegi temalardı u`yreniwge qaratılg`an bolıp temanın` yamasa ayırım tarmaqların tolıqlawda kishi toparlardın` ha`r bir qatnasıwshılardın` aktiv islesiwine qaratılg`an sabaqtı erkinlestiriw.

- temanı u`yreniwde tiykarların an`lap jetiw,
- tema boyınsha oqıwshılardın` aldıng`ı bilimlerinin` jeterli bolıwı
- juwmaqlaw basqıshında barlıq alıng`an bilimlerdi sistemalastırıp qayta bekkemlew,
- tu`siniklerdi ideyalardı a`dil bahalaw
- abzallıq bir na`rseni salıstırg`andag`ı u`stinlik
- juwmaq. Bunda oqıwshı eki toparlardın` basqarıwshısı ha`m de ideyalardı, pikirlerdi bahalap barıwshı xızmetin atqaradı.

1946-1990 jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikası haqqında oqıtıwshı to`mendegi tema boyınsha tu`sindirip talıqlawg`a ortag`a taslaydı.

1946-1990 jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikası temasın u`yreniwde to`mendegi ma`selelerge itibar qaratıwdı talap etedi.

1. Qaraqalpaqstan haqqındag`ı tu`sinikler oqıtıwshının` bayanatı, gu`rrin`i oqıw fil`mleri, slayd, kartina, karta qurallar ja`rdeminde iske asırıladı.

2. U`yrenilip atırg`an temanın` a`hmiyeti oqıtıwshının` janlı so`zi, sanlarg`a, faktlarge su`yengen mag`lıwmatları ha`m ko`rgizbeli qurallar ja`rdeminde iske asadı.

3. Qaraqalpaqstan sotsial-ekonomikalıq awhalı oqıwshılardın` o`z betinshe tablitsanı toltıra biliwi, a`hmiyetli mag`lıwmatlardı u`yrenedi.

## 3.3. «1946-1990 jillarda Qaraqalpaqstan ekonomikası» temasın oqıtıwda "Teksheme-tekshe" metodinan paydalanıw

- *"Teksheme-tekshe" metodınıń maqseti*: Oqiwshilardi erkin, ga'rezsiz ha'm logikaliq pikirlewgw, topar bolip islewge, izleniwge, pikirlerin ja'mlep ha'm olardan teoriyaliq ha'mde a'meliy tu'siniklerge iye boliwi, basqalarg'a o'z pikirleri menen ta'sir ko'rsete aliwi, iyelegen bilimlerin qollana aliwi.

Bul metod - oqiwshilardi o'tilgen yamasa o'tiliwi kerek bolg'an tema boyinsha jeke, toparda, frontal bolip pikirlewge, uliwmalastiriwg'a ha'm so'yley aliwg'a u'yretedi. Onnan paydalanıw tártibi tómendegishe boladı:

- Úytrnilgen tema belgili bir bólimlerge ajıratılıp, arnawlı qaǵazlarda jazıladı;
- Oqıwshılar kishi toparlarǵa bólinedi;
- Hár bir toparǵa tema boyinsha arnawli tayarlanılpan tekstler beriledi;
- Hár bir toparǵa tema boyinsha berilgen tekstler menen tanısıp shıǵadı, onıń mazmunın belgilengen waqıt ishinde markerler járdeminde tablica yamasa slayd túrinde orınlaydı;
- belgilengen waqıt tamamlanǵan soń, topardıń bir aǵzası ózi orınlaǵan tapsırms menen barlıq topardı tanıstıradı;
- Barlıq toparlardıń jumısları kórilip shıǵılǵannan soń, topar tárepinen ózlestirilgen temanıń uliwma obrazı, kishi temalar mazmunını ashıwshı faktler, sáneler, waqıyalar tablica yamasa slaydlar tiykarinda logikaliq izbe-izlikte jaziw taxtasına teksheme-tekshe kórinisinde jaylastırıladı;
- Oqıtıwshı toparlar tárepinen tayarlanılǵan jumıslarǵa túsinik beriw, zárúr orında olarǵa ózgerisler kirgizedi;
- toparlar tárepinen tayarlanılǵan jumıslardıń mazmını, sapası hám dizaynine baha beriledi (bahalaw prosessi reńli kartochkalar arqali ámelge

asırıladi, yaǵnıy oqıwshılar ózleri sipatlı dep tapǵan isti reńli kartochkalar járdeminde belgileyd, eń kóp kartochkaǵa iye bolǵan jumıs ushın eń joqarı ball beriledi;

*Metodti qollawda oqiwshi (talaba)lar to`mendegi sha`rtlerge a`mel qiladi:*

- Kishi temalar boyınsha imkanı barınsha maǵlıwmarlardı tolıı bayan qılıw;
- Kishi toparladıń jumıslarına obektiv baha beriw.

Metod owıwshı (talaba)larda úyrenilgen temanı kishi temalarǵa ajıratqan halda tablica yamasa slaydlar tiykarinda úyreniw kónlikpesin qáliplestiredi. Sonday-aq, oqıwshı (talaba)larda temanı úyreniwge dóretiwshilik penen jandasıw, jeke pikir bildiriwi, ózlestirilgen túsinikleri boyınsha kórgizbelilik qábiletin rawajlandırıwǵa járdem beredi.

**«1946-1990 jillarda Qaraqalpaqstan ekonomikasi» kishi teması útinde "Teksheme-tekshe" metodı boyınsha islew**

| Sáne | Tariyxıy waqıya, prosess |
|---|---|
| ?????????????? | Xojeli, Qonırat may zavodları taǵıda keneytirildi |
| ?????????????? | Shabbaz (Beruniy) hám Taxtakópir paxta tazalaw zavodları hám Xojeli gósh kombinatı iske qosıldı |
| ?????????????? | Ondatra xojalıǵın rawajlandırıw baslandı |
| ?????????????? | Taxiatash GRESiniń qurılısı baslandı |
| ?????????????? | Charjaw-Qonırat temir jolın salıw haqqında Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan tiyisli ilajlar kórdi |
| ?????????????? | Qonıratqa birinshi poez keldi |
| ?????????????? | Nókis, Tashkent, Moskva arasında telefon baylanısı ornatıldı |
| ?????????????? | «Kolxozlarda awıl xojalıǵı arteliniń ustavın buzıwlardı saplastırıw ilajları xaqqında» qarar |
| ?????????????? | Qaraqalpaqstanda eń birinshi paxtashılıqqa qánigelestirilgen Xojeli rayonınan "Ámiwdárya" sovxozı shólkemlestirildi |
| ?????????????? | Moynaq balıq konserva kombinatı eń kóp ónim bergen |

| | |
|---|---|
| | jıl bolıp, ol 20,1 million shártli qutı balıq óndirip shıǵardı. |
| ?????????????? | Sultan Uays tas maydalaw hám bóliw zavodı, Xalqabad paxta tazalaw zavodı, Xojeli sút-may zavodı, Nókistegi konserva kombinatı, aerovokzal, televidenie orayı paydalanıwǵa tapsırıldı. |

## Oqıw tapsırmasınıń orınlanıwı:

| **Sáne** | **Tariyxıy waqıya, prosess** |
|---|---|
| 1946 jılı | «Kolxozlarda awıl xojalıǵı arteliniń ustavın buzıwlardı saplastırıw ilajları xaqqında» qarar |
| 1947 jılı | Charjaw-Qonırat temir jolın salıw haqqında Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan tiyisli ilajlar kórdi |
| 1950 jilg`a shekem-aq | No`kis ,Tashkent, Moskva arasinda telefon baylanisi ornatildi |
| 1950 jılları | Xojeli, Qonırat may zavodları taǵıda keneytirildi |
| 1950 jılları | Ondatra xojalıǵın rawajlandırıw baslandı |
| 1954 jılı | Qaraqalpaqstanda eń birinshi paxtashılıqqa qánigelestirilgen Xojeli rayonınan "Ámiwdárya" sovxozı shólkemlestirildi |
| 1955 jılı 24 iyulde | Qonıratqa birinshi poez keldi |
| 1956 jılı | Taxiatash GRESiniń qurılısı baslandı |
| 1956-1958 jıllar | Shabbaz (Beruniy) hám Taxtakópir paxta tazalaw zavodları hám Xojeli gósh kombinatı iske qosıldı |
| 1960 jılı | Moynaq balıq konserva kombinatı eń kóp ónim bergen jıl bolıp, ol 20,1 million shártli qutı balıq óndirip shıǵardı. |
| 1960 jılları | Sultan Uays tas maydalaw hám bóliw zavodı, Xalqabad paxta tazalaw zavodı, Xojeli sút-may zavodı, Nókistegi konserva kombinatı, aerovokzal, televidenie orayı paydalanıwǵa tapsırıldı. |

## 3.4. Bilemen, Biliwdi qáleymen, Bilip aldım (BBB) metodı haqqında ulıwma túsinik hám onıń sabaq ótiw protsessinde qollanılıwı

Bilemen, Biliwdi qáleymen, Bilip aldım (BBB) metodı oqıwshı (talaba)larǵa belgili bir tema, temanıń bólimi yamasa kishi temalar boyınsha bilimler dárejesin bahalay alıwı imkaniyatın beredi. Onı qollanıwda oqıwshı (talaba)lar topar yamasa jamaa bolıp islewleri múmkin. Toparda islegende shınıǵıw aqırında toparlar tárepinen orınlanǵan jumıslar analiz qılınadı. *Toparlar iskerligi tómendegi kórinisde ámelge asırıladı:*

Hár bir topar ulıwma sxema tıykarında oqıtıwshı tárepinen berilgen tapsırmalardı orınlaydı; shınıǵıw juwmaǵında kishi temalar boyınsha toparlardıń sheshimleri ulıwmalastırıladı

toparlar ulıwma sxemanıń arnawlı temaları boyınsha oqıtıwshı tárepinen berilgen tapsırmalardı orınlap, pikirlerdi

Oqıw xızımeti sózsiz jazıw taxtası yamasa is qaǵazında óz kórinisin tómendegi sxema formasında tiykarinda toltırıladı:

Metotdan paydalanıw úsh basqısh tiykarında ámelge asırıladı:

| Bilemen | Biliwdi qáleymen | Bilip aldım |
|---|---|---|
| | | |
| | | |

Oqıwshılardıń úyreniliwi rejelestirilgen tema boyınsha túsiniklerge iyelik dárejesi anıqlanadı

Oqıwshılardıń tema boyınsha bar bilimlerin bayıtıwǵa qaratılǵan zárúrlikleri orınlanadı

Oqıwshılar temaǵa tiyisli maǵlıwmatlar menen tolıq tanıstırıladı

*Basqıshlar boyınsha ámelge asırılatiǵın háreketler kórinisi tómendegishe:*

- oqıwshı (talaba)lar kishi toparlarǵa biriktiriledi;
- oqıwshı (talaba)lardıń jańa tema boyınsha túsinikleri dárejesi úyreniledi;
- oqıwshılar tárepinen úyrenilgen túsinikler sxemanıń birinshi qatarına jazılıp barıladı;
- Oqıwshılardıń tema boyınsha bar bilimlerin bayıtıwǵa qaratılǵan zárúrlikleri orınlanadı;
- oqıwshı (talaba)lardıń zárúrlikler sıpatında bayan etilgen túsinikler sxemanıń ekinshi qatarına toltırıladı;
- Oqıtıwshı temaǵa tiyisli jańa maǵlıwmatlar menen tolıq tanıstırıladı;
- oqıwshı (talaba)lar tárepinen ózlestirilgen jańa túsinikler anıqlanadı;
- bayan etilgen jańa túsinikler sxemanıń úshinshi qatarına jazıp qoyiladı;
- shınıǵıw sońında jalǵız sxema proekti jaratıladı.

**BBB- metodı:**

| **Bilemen** | **Biliwdi qáleymen** | **Bilip aldim** |
|---|---|---|
| Urıstan songı jılları Qonırat, Shımbay, Xojeli may zavodları, Háktaw qurılıs materiallar kombinatı, Nókiste motor remontlaw, sút, may, pivo isleytuǵın zavodlar hám elektrostanciyalar iske qosıldı.<br>Paxtashılıqtı rawajlandırıw ushın jańa suwǵarıw texnikaları; zemnasoslar, ekskovatorlar, buldozerler alıp kelindi. | Urıstan soń paraxat turmısqa ótiwdiń mashqalaları nelerden ibarat boldı?<br>Urıstan songı jıllardaǵı sannat, transport hám baylanıs tarawlarında qanday ózgerisler boldı?<br>Paxta ushın jańa jerler ózlestiriw qalay alıp barıldı? | 1946 jılı 2 fevralda Oray «1946-1953 jılları Ózbekstanda paxtashılıqtı qayta tiklew hám onı bunan bılay da kóteriw jobası hám ilajları haqqında» qarar qabıl etti.<br>1949-1950 jılları 604 traktor, 144 avtomashina, 73 paxta teriw, awıl xojalıq texnikaları alıp kelindi.<br>1963 jıl Taxiatas GRESi tábiyi gazge ótti.<br>1967 jılı Qonırat – Benew temir jolınıń qurılısı baslandı. |

## 3.5. «Keys-stadi» texnologiyasi haqqında túsinik hám onıń tariyx sabaqlarında qollanılıwı.

Tálim processiniń áhmiyetin óz-ara baylanıstırıwshı úsh buwın – oqıtıw, tárbiyalaw hám rawajlandırıw siyaqlı usıllar quraydı. Ańlaw, sınaw hám iyelegen bilimlerdi kóp mártebe tákirarlaw, ádetde, shınıǵıwlardıń aktivlestiriw (tiykarǵı bólimi) protsessinde ámelge asırıladı. Bul bilimler bir-birinen tek metodikalıq jaqtan ǵana emes, al didiktikalıq támiynleniwi menen, yaǵnıy pedagog - xızmetkerdiń tásiri baǵdarlanǵan ob`ekt, anıqraǵı, shaxstıń kognitiv, motivli hám erikli tárepleri menen parıqlanadı.

Ámeliy baǵdarlanǵan, kónlikpe hám qánigelikti bekkemlewshi usıllar óz mazmunına baylanıslı innovatsialıq esaplanadı. Olarǵa: shólkemlestiriwshi-xızmetli hám rolli oyınlar, personallardıń baylanısı, dóretiwshilik isler, rolli trening, “Case-study” hám basqalar kiredi.

Keys-stadi (inglizshe case – toplam, anıq ahwal, stadi -bilimlendiriw) – keyste bayan etilgen hám bilim alıwshılardı mashqalalardı kórsetiw hámde onıń maqsetke muwapıq bolǵan sheshimin variantların izlewge qaratılǵan anıq real yaki jasalma tárizde jaratılǵan jaǵday mashqalali jaǵdaydıń sheshiliwine tiykarlanǵan bilimlendiriw usılı. Ol 1-shi ret Garvard universitetiniń huqiq mektebinde 1870 jilda qollanılǵan edi. 1920 jilda Garvard biznes-mektebi (HBS) muǵallimleri yuristlerdiń woqıtıw tájiriybesine tayanip, ekonomikalıq ámeliyattaǵı anıq jaǵdaylardi sheshiw hám oylasıwdı bilimlendiriwdiń tiykarǵı usili etip tańlaǵanınan keyin bul woqıtıw usılı keń tarqala basladı [1:38].

Keys-stadi - bilim, axborotlar, kommunikatsiya hám basqarıwdıń qoyılǵan bilimlendiriw maqsetin ámelge asırıw hám keyste bayan etilgen ámeliy mashqalalı jaǵdaydı sheshiw waqtında prognoz etiletin woqıw nátiyjelerine kepillik beriwdi elementli tárizde táminleytuǵın bir tártibke keltirilgen optimal usılları hám elementlerinen ibarat bolǵan bilimlendiriw texnologiyası.

Keys-stadi bul- mashqalalı jaǵdaydı sheshiw:

1. Talabalardan málim turmıslıq waqıyalardı ańlaw, mashqalanıń ámeliy sheshimin tabıw talap etiledi.

2. Keys ushın tańlanǵan mashqalanıń bir ǵana sheshimi bolmasl ıg ıida múmkin.

3. Keys metodin didaktik oy ınlar qatarina kiritiw múmkin.

4. Talaba málim jaǵdaydıń sheshimin izler eken málim róldi atqarıwshı sıpatında maydanǵa shıǵadı.

Ámeliy jaǵday – keys– stadi turmıstan alınǵan bar jaǵdaylarǵa tiykarlanǵan halda shólkemlestirilgen yaki ápiwayi mashqalalardı keltirip shıǵarıwshı jasalma tárizde jaratılǵan jaǵdaylardıń bilim alıwshılardı maqsetke muwapıq tárizde sheshimin izlew úyretiw usılı.

Keys úsh derekke tiykarlanadı (bul úsh derektiń mazmunı túrlishe bolıwı múmkin). Olar, turmıslıq sheksizlik, bilimlendiriw hám pánge baylanıslı boladı.

U'sh derektin mazmunına qarap keystiń úsh túrin ajıratıw múmkin:

✓ A'meliy keyslar (turmıslıq jaǵdaylardıń sheshimin tabıwǵa qaratılǵan);

✓ Bililendiriw keysleri (Bilimlerdi ózlestiriwge qaratılǵan);

✓ Ilimiy-izleniw keysleri (izertlewge tiykarlanǵan keysler).

Syujetke qarap 2 túrge ajıratıladı: syujetli hám syujetsiz bolıp. Keys obektine qarap: Jeke, Shólkemlestirilgen, Kóp sub`ektli bola aladi. Keysler dúziw kólemine kóre - qisqa kólemli, ortasha kólemli hám úlken kólemli, al dúzilisine kóre - sistemalastırılǵan yamasa sistemalastırılmaǵan bolıp bólinedi.

Tariyx pánlerin oqıtıwda Keysler dúzgende onıń waziypalarınıń qoyılıwına qarap: Sorawlarǵa tiykarlanǵan hám tapsırıqlarǵa tiykarlanǵan bolıp qollanılsa duris boladı. Sonday-aq keysler didaktik maqsetlerge kóre tómendegishe bólinse durıs boladı:

1. Mashqalanıń sheshimen yaki kontseptsiyasın illyustratsiyalarda shıǵarıwǵa úyretiw;

2. Trening- teması boy ınsha tájiriybe hám kónikpelerdi shólkemlestiriw;

3. Bahalaw hám pikir júritiwge úyretiw;

4. Mashqalanı anıqlaw hám sheshimin tabıw, basqarıw qábiletlerin rawajlandırıw;

5. Jańa strategiya hám uslıllard ı islep shıǵıw.

Temalar boyinsha dúzilgen keysler óziniń shólkemlestiriliwi boyinsha hár qiyli kóriniske iye bola aladı. Olar: Pechatlangan, Elektron, Video-keys, Audio-keys, Mul`timediya-keys. Keysler dúziwde onıń pasportına ámel qılınsa olardıń orınlanıwı durıs hám nátiyjeli boladı. Mis: Pedagogik anotatsiya, talabalarǵa

metodlı kórsetpeler beriw, keys-stadi di sheshiw variantı, bilimlendiriw texnologiyası.

Tariyx sabaqlarınan Keysdin qúziliwi:

Tariyx páni muǵalliminiń sabaq protsesinde oqıwshılarǵa bergen sorawlarına itibar beriń.

- Urıstan sońǵı jıllarda Qaraqalpaqstan sanaatı, awıl xojalıg`ı ha`m transportı paraxat jolına ótkeriw jumısları ne sebepten awır boldı?

- Qalay oylaysizlar, ne ushin urıstan sońǵı jıllarda Qaraqalpaqstanda ekonomikalıq tikleniw awır keshti?

- Sizin` qala, rayon ha`m awıldan urıstan sońǵı jıllarda islep shıǵarıwda islegen miynet veteranları haqqında aytıp berińiz

- Aral mashqalasınıń kelip shıǵıw sebepleri hám onıń jer júzlik ekosistemaǵa tásiri haqqında maǵlıwmat beriń?

Bular haqqında jazılǵan maqalalar, tezisler, ápsanalar, gazeta-jurnal betlerindegi materiallardı úyreniń hám analizleń.

**Tapsırma:**

1. Bul sorawlardıń ishinen oqıwshılardıń yadına neler salınbaqshı ekenligin anıqlań. Bir-birine baylanıslı sebeplerdi anıqlaw ushın qanday sorawlar talap etiledi? Oqıwshılardıń oylaw sheńberin óz betinshe rawajlandırıwǵa baylanıslı bolǵan sorawlar bar ma? Bular qanday sorawlar?

2. Siziń pikirińizshe hár bir sorawdıń teń salmaqlılıǵı qanday bolıwı kerek edi? Sabaqta bul sorawlardıń sheshimin tabıw oqıwshılardıń jas ózgesheliklerine baylanıslı bolıwı múmkin be? Múmkin bolsa qalay?

3. Bul sorawlardıń mánisleri muǵallimniń tájiriybesine hámde onıń kásiplik sheberligine baylanıslı bolıwı múmkin be? Múmkin bolatuǵın bolsa dálilleń.

Demek, tariyx sabaqlarınan qoyılǵan "Case-study"dıń tiykarǵı maqseti – túrli jaǵdaylarda, sonıń ishinde, pedagogik protsess jaǵdayında máselelerdi sheshiw, oqıwshılardıń kontseptual sxema hám modellerden ámeliy paydalanıw kónlikpelerin payda etiw, mashqalalardı toparlarda analizlew hám sheshimin tabıw kónlikpelerin islep shıǵıw arqalı bilimlerdi bekkemlewge xızmet etiwden ibarat.

**«Urıstan sonǵı jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń awhalı» kishi teması boyinsha Keys-stadi dúziw**

*Keys-stadidin tiyqarǵı maqseti:* Urıstan sonǵı jıllarda Qaraqalpaqstan sanaatı, awıl xojalıg`ı ha`m transportı paraxat jolına ótkeriw jumısları ne sebepten awır boldı?

*Keys jumisiniń waziypalari*:

1. Oqıw jumısına muwapıq jańa bilimlerdi óz betinshe puxta ózlestiriw kónlikpelerine iye bolıw.

2. Kerekli maúlıwmatlardı izlep tabıw, qolaylı usıllar hám qurılmalardı anıqlaw.

3. Axborot dereklerinen únemli paydalanıw.

4. Ilmiy ádebiyatlar menen islesiwdi qáliplestiriw.

5. Komp`yuterden paydalanıp, elektron oqıw ádebiyatları hám maǵlıwmatlar banki menen islesiwdi jolǵa qoyıw.

6. Internet tarmaǵinan maqsetli paydalaniw.

7. Maǵliwmatlar bazasin shólkemlestiriw.

8. Jumıs nátiyjelerin ekspertizaǵa tayarlaw hám eksport juwmaǵına tıykarlanıp, kemshiliklerdi saplastırıw.

9. Tapsırmalardı orınlawda izbe-izlik hám dóretiwshilik penen qatnasıwdı támiyinlew.

10. Islep shıǵılǵan sheshim, joybar yamasa ideyanı talıqlaw hám qániygeler jámáátinde qorǵap shıǵıw.

*Kutiletugi'n natiyjeler:*

- kórsetilgen tapsirmalar boyinsha karta hám tablitsa tayarlaw, súwretler jiynaw;
- toplanǵan maǵliwmatlardi analizlew.
- Referat, foto al`bom, plakat slaydlar hám taǵi basqalar tayarlaniladi.
- Juwmaq jazilip, bahalandi

*1-oqıw tapsırma:* Birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov miynetlerinde sovet totalitar xojalıq basqarıw sisteması dáwirinde ekonomikalıq awhalı haqqında berilgen maǵlıwmatlar tiykarında *argumentlestirilgen ESSE* jumısın tayarlap keliw.

*2-oqıw tapsırma:* Menıń kóz qarasımnan urıstan sońǵı jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń awhalı temasında syujetli al`bom tayarlap keliw.

*3-oqıw tapsırma:* Sizin` qala, rayon ha`m awıldan urıstan sońǵı jıllarda islep shıǵarıwda islegen miynet veteranları haqqında aytıp berińiz?

*4-oqıw tapsırma:* Aral mashqalasınıń kelip shıǵıw sebepleri hám onıń jer júzlik ekosistemaǵa tásiri haqqında maǵlıwmat beriń?

Bular haqqında jazılǵan maqalalar, tezisler, ápsanalar, gazeta-jurnal betlerindegi materiallardı úyreniń hám analizleń.

*Keysning tipologik qa'siyetlerine xarakteristikasi:* Bul daladaǵı, *ótmishten házirge keliw rejimindegi* yamasa *waqıt artqa qaytarılatuǵın* keys- estelik hám de syujetli keys.

Kólemi jaǵınan - orta kolemdegi keys texnologiya bolıp esaplanadi. Bul keysti tariyxǵa qızıǵıwshı hár bir adam orınlawına boladı.

# JUWMAQLAW

Qaraqalpaqstannın` 1946-1991 jıllardag`ı ekonomikasının` tariyxın izertlew bizlerge to`mendegi ulıwmalıq juwmaqlarg`a keliwge mu`mkinshilik beredi:

- Ekinshi dúnya júzilik urıstan keyin Qaraqalpaqstanda urısqa bağdarlanğan ekonomikanı paraxat jolğa salıwdıń úlken mashqalaları payda boldı, sebebi, Qaraqalpaqstan frontqa jaqın jaylaspağanı menen urıs bul jerde de ekonomikağa úlken zıyan tiygizgen edi.

- Urıstan soń monopartiya ústemligi burıngıdan da kúsheydi hám eldiń rawajlanıwı Orayğa bağınıshlı boldı. Usı maqsette urıstan soń xalıq xojalığın qayta tiklew hám tağı da rawajlandırıw haqqında nızam (1946-50 jıllar ushın), bes jıllıq jobalar qabıl etildi, al 1959-jılı jeti jıllıq joba tastıyıqlandı. Bul jobalarda Qaraqalpaqstannıń ózine tán milliy ózgeshelikleri, ekonomikalıq zárúrlikleri esapqa alınbadı. Jobalarda respublikanıń rawajlanıwı Oray ushın paxta hám basqa da shiyki zatlardı tayarlaw wazıypalarına tığız baylanıstırıldı. Ol ushın úlken qarjılar, kompleks mexanizaciyalaw, qurılıs, qánigeler tayarlaw hám t.b. máseleleri ortağa qoyıldı. Kórsetilgen wazıypalardı orınlaw monopartiyanıń ústemligi tiykarında iske asatuğın byurokratlıq hám buyrıq tártibi menen boldı. Usınday Oraylıq kórsetpelerge tiykarlana otırıp Ózbekstan hám Qaraqalpaqstannıń xalıq xojalıq rawajlanıw jobaları dúzildi hám olardı iske asırıw ushın ilajlar kórildi.

Sonday-ak, urıstan keyingi on jıllıqta Qaraqalpaqstan awıl xojalığınıń rawajlanıwında qarama-qarsılıklar sezile basladı. Jobalastıratuğın oray, óziniń sózsiz xúkimdarlığın bekkemlep, Qaraqalpaqstan awıl xojalığı bir tárepleme rawajlanıwın belgiledi hám azıq-awqat eginlerin shekletip, paxtashılıq egis maydanlarınıń muğdarın kóbeytip jiberdi.

Solay etip 1940-1960-jıllar aralığında Qaraqalpaqstannıń ekonomikası industriya hám sanaat jağınan bir qansha rawajlandı. Biraq, usı jılları bul tarawda túpkilikli ózgerisler bolmadı. Avtonomiyalı respublika tek agrar-shiyki zat bağdarı boyınsha rawajalandı.

- Qaraqalpaqstan ekonomikası 1960-jıllarda da bir tárepleme rawajlanıwın dawam etti. Awqamda ústemlik etken totalitar basqarıw tárepinen Oray mápi ushın belgilenip berilgen ekonomikalıq siyasat májbúriy orınlanıw talap etti. Oray dáslep jeti jıllıq, soń qaytadan jáne bes jıllıq jobalar tastıyıqladı hám iri qarjı jumsawdı

belgilendi. Olar tiykarında Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanda da jobalar qabıl etildi. Bul jobalarda metropoliya ushın burınǵısha shiyki-zat tayarlaw baslı minnetli wazıypa bolıp qala berdi.

- Qaraqalpaqstan sanaatınıń rawajlanıwı paxtashılıqtıń rawajlanıwı menen tıǵız baylanıslı bolıp, 60-jılları Oray ushın shiyki zat tayarlawdı támiynleytuǵın sanaatı rawajlandı.

- 1970-1980 jılları geypara qátelik hám kemshiliklerge qaramastan xalqımızdıń qaharmanlıq miyneti nátiyjesinde Qaraqalpaqstan ádewir rawajlandı. Bul jıllarda Qaraqalpaqstan xalıq xojalıǵınıń rawajlanıwı ushın iri qarjı jumsaw nátiyjesinde Qaraqalpaqstanda 30 dan aslam sanaat kárxanaları menen cexları iske qosıldı. Olar Nókis broyler fabrikası, Shımbay gúrish zavodı, Xojeli toqımashılıq hám Beruniy jip iyiriw fabrikaları, jay qurılısı kombinatları, keramzit, temir-beton buyımları, gerbish zavodları, temir jol qurılısı hám basqa da bir qansha obektler edi.

- 70-jılları avtonomiyalı respublikada transporttıń rawajlanıwında da úlken ózgerisler boldı. Temir jol transportının rawajlanıw páti tezletildi. Bul jılları avtonomiyalı respublikanıń óziniń ishinde de temir jol qurılısı keńeydi. Avtomobil jolları qurılısınıń kólemi keńeydi.

1970-1985-jılları Oraydıń paxtashılıq hám salıgershilikti rawajlandırıw talabı barǵan sayın kúsheydi. Qaraqalpaqstanda paxtashılıqtıń rawajlanıwı burınǵı SSSRdıń paxta ǵárezsizligine jetiw haqqındaǵı mámleketlik siyasatı menen tıǵız baylanıslı bolıp, 20 jıl (1964-1984-j.j.) ishinde respublikamızda 7 million 144 mıń tonna paxta өndirilip, oraydıń tokımashılıq fabrikalarına 2 million 219 mıń tonna paxta talshıǵı tapsırıldı. Qaraqalpaqstanda paxtashılıq hám salıgershilik penen birge, mal sharwashılıǵın rawajlandırıwǵa da dıqqat awdarıldı.

- Bul jılları Qaraqalpaqstannıń ekonomikalık rawajlanıwında tabıslar menen bir qatarda bir qansha mashqalalar hám unamsız qubılıslar orın aldı. Xalıq xojalıǵınıń barlıq tarawlarında hám jámiyetlik-siyasiy turmısta birden-bir partiyalıq ústemlik dawam etiw, nátiyjesinde elde totalitar dúzim burınǵıdan da beter kúsheydi. Xalıq xojalıǵında ulıwmalıq mámleketlik múlk hám buyrıqpazlıq-administrativlik sistemanıń eń jayıwı aqıbetinde bul elimizdiń rawajlanıwına óziniń keri tásirin tiygizdi. Qaraqalpaqstan ekonomikanı rawajlandırıwdıń sheshiwshi baǵdarındaǵı áhmiyetli kemshilikler orın aldı, yaǵnıy miynet

ónimdarlıǵınıń hám miynet sapasınıń tómenlewi, ónim jetkeriw boyınsha jobalar menen minnetlemelerdiń orınlanbawı, sonın menen birge ekonomikanıń tiykarınan ektensivlik usılda rawajlanıwı boldı.

- Qaraqalpaqstan xalıq xojalıǵı tiykarınan paxtashılıq penen tıǵız baylanıslı boldı hám onı rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan edi. Qaraqalpaqstan sanaatınıń paxta tazalaw kárxanaları tek paxtanı dáslepki qayta islewden ótkerdi, al onıń eń bahalı hám áhmiyetli bólegi paxta mamıǵına Oray iyelik etti. Joqarıda kөrsetilgen Qaraqalpaqstanda paxtashılıq hám salıgershilikti rawajlandırıw haqqındaǵı Oraydıń qatań kórsetpelerine muwapıq májbúriy túrde Ámiwdárya hám Sırdárya suwların paydalanıwda jer-suw resursların esapqa almaw, jerlerdi barınsha bastırıp suwǵarıw, xalıqtıń den sawlıǵına zıyanlı ximikatlardı paxta atızlarda hádden tıs paydalanıw dástúrge aylanıp ketti.

Bul jaǵday Aral teńizi suwınıń azayıp, ekologiyanıń buzılıwına alıp kelgen sebeplerdiń biri boldı. Ámiwdáryadan aqqan suwdıń basım kópshiligi duzlanǵan pesticid, gerbiycidler menen zárerlengen, kollektorlardan shıqqan suwlardan turdı. Bul jaǵday egis jerlerdi isten shıǵardı, adamlarda túrli kesellikler payda etti.

- XX-ásirdin 80-jıllardıń ortalarına kelip eldegi totalitar dúzimniń unamsız aqıbetleri keskinlesip ketti. Jámiyetlik-siyasiy hám ekonomikalıq turmısta sheshiwshi ózgerisler islew zárúrligi payda boldı. 1985-jılı Oray sovet jámiyetin qayta qurıw máselesin ortaǵa qoydı. Onıń tiykarǵı maqseti – elde demokratiyanı hám járiyalılıqtı rawajlandırıwdan, xalıqtı ózin-ózi basqarıw jolına úyretiwden, sheshiwshi ekonomikalıq reforma júrgiziwden, jámiyette ádep-ikramlıqtı ornatıwdan, adamnıń erkin hám hár tárepleme rawajlanıwınıń tiykarı bolǵan dóretiwshilik múmkinshiliklerdi ashıwdan ibarat boldı. Biraq, bul waqıttaǵı Oraydaǵı basshılar ilimge tiykarlanǵan hám siyasiy jaqtan dáliyllengen haqıyqıy qayta qurıw baǵdarlamasına iye emes edi. Olar tek demokratiya hám járiyalılıq uranları astında qıyalıy hám qáte, jáne de zorlıq-zombılıq penen jumıs usılların kúsheytti.

Solay bolsa da, avtonomiyalı respublika xalıqlarınıń qaharmanlıq miyneti nátiyjesinde bul dáwirde ádewir jumıslar islendi. Sonday-aq Qarakalpaqstanda xalıq xojalıǵın óndirisiniń rawajlanıwı ushın iri qarjılar jumsalanıp, onıń óndiris potencialı jańa quwatlıqlar menen anaǵurlım tolıqtırdı.

Qayta qurıw dáwirinde Qarakalpaqstanda ekonomikanı intensiv usıl bağdarında rawajlanıwı maqsetinde xalıq xojalığınıń hámme tarawlarında ilimiy-texnikalıq progressti hám óndiriste jańa ekonomikalıq qatnasıqlardı eńgiziwi boyınsha ilájlar islendi. Soğan qaramastan, bul dara diyxan xojalıqları ele durıslı jolğa túspegen edi. Xalıq xojalıqlardıń basqa tarawlarında da buyrıqpazlıq-administrativlik usılda basqarıwı dawam etiliwi nátiyjesinde jańa ekonomikalıq qatnasıqlardı eńgiziwi tiyisli nátiyje bermedi.

- Keńes húkimeti Aral apatshılığın kópke shekem jabıq saqlap keldi. 1985-jılı baslanğan járiyalıq siyasatı nátiyjesinde bul mashqala pútkil burıngı SSSRğa hám sırt mámleketlerge járiya boldı. Bul jılları Nókiste pútkil Awqamlıq awıl xojalığı akademiyasınıń (VASXNIIL) Orta Aziya bóliminiń (1985-j.) hám Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń (1986-j.) kóshpeli sessiyaları bolıp ótti. Olarda sanaat penen awıl xojalığın rawajlandırıwğa bağdarlanğan bir qatar máseleler qaraldı. Sessiyalarda qabıl etilgen sheshimler Aral mashqalasın sheshiwge bağıshlanğan úlken eki qarardıń júzege shığıwına járdem berdi.

Biraq bul áhmiyetli qararlarda orınlanbay qaldı hám eldegi ekologiyalıq ózgerislerdiń unamsız saldarı Qaraqalpaqstan xalqınıń sociallıq turmıs dárejesin tomenletip jiberdi. Xawa rayınıń ózgeriwine, duzlı shańnıń kóbeyiwine hám ishimlik suwdıń qorı tómenlewine baylanıslı adamlardıń jasawı ushın qolaysız jağdaydıń kúsheyiwi ayrıqsha qáweterli jağday payda etti. Ámiwdárya suwınıń pataslığı adamlardıń den sawlığına zıyanın tiygizip, avtonomiyalı respublikada epidemiologiyalıq jağdaydı kúsheytti.

Solay etip qayta qurıw dáwirinde Aral apatshılığı regionında avtonomiyalı respublikanı ekonomikalıq hám sociallıq jaqtan rawajlandırıw, sonday-aq regionda ekologiyalıq, sanitariyalıq jağdaydı jaqsılaw boyınsha paydalı ilajlar belgilenip bir qatar jumıslar islendi. Biraq bulardıń kópshiligi orınlanbay qağaz júzinde qalıp qoydı hám Qaraqalpaqstannıń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwğa tiyisli dárejede pát endirilmedi.

Qaraqalpaqstanda ekonomikasın rawajlanıwda onın` pozitiv ha`m unamsız ta`jriybesin u`yreniw maqsetinde bul ma`seleni elede kompleksli ha`m tolıq tu`rde izertlew kerek. Izertlew jumıslarda milliy g`a`rezsizlik ideologiyanı paydalanıw lazım. Dissertatsiya jumıstag`ı mag`lıwmatları joqarı oqıw orınlarda, akademiyalıq

litsey ha`m kolledjelerde «O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan tariyxı» pa`nin oqıtıwda qosımsha mag`lıwmatlar esabında paydalınıw boladı.

1946-1990 jıllar Qaraqalpaqstan ekonomikasın tariyxın u`yreniwde bul dissertatsiyalıq jumıstag`ı berilgen juwmaqları ha`m usınısları xalıq xojalıq tarawındag`ı islep atırg`an qa`niygelerge ha`m ulıwma ja`miyetshilikke paydalanıwdı usınıs etemiz.

# PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:


## 1. O`zbekistan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtın` miynetleri

1.1. Ш.М.Мирзиёев. «Танқидий таҳлил, қатьий тартиб-интизом ва шахсий жавобгарлик ҳар бир раҳбар фаолиятининг кундалик қоидаси бўлиши керак». -Т.: Ўзбекистон, 2017.

1.2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг Фармони. «Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича ҳаракатлар стратегияси тўғрисидаги». -Т.: Адолат, 2017.

1.3. Постановление Президента Республики Узбекистан «Об организации деятельности общественного совета по новейшей истории Узбекистана при Академии наук Республики Узбекистан» // Народное слово, 1 июля 2017 г. - №129.

1.4. Mirziyoev, Shavkat Miromonovich.Buyuk kelajagimizni mard va olijanob xalqimiz bilan birga quramiz. Mazkur kitobdan Ózbekiston Respublikasi Prezidenti Shavkat Mirziyoevning 2016 yil 1-noyabrdan 24-noyabrga qadar Qoraqalpoģiston Respublikasi, viloyatlar va Toshkent shahri saylovchilari vakillari bilan otkazilgan saylovoldi uchrashuvlarida so'zlagan nutqlari urin olgan. /Sh.M.Mirziyoev. – Toshkent: "Ózbekiston", 2017.

## 2. İlimiy a`debiyatlar

2.1. «Ўзбекистон тарихи». II-жилд. -Т.: «Шарк» 2000.

2.2. «Қарақалпақстанның жаңа тарийхы». -Н.: «Қарақалпақстан». 2003.

2.3. Энциклопедия Республики Узбекистан. -Т.: 2006.

2.4. Камалов С. Вклад каракалпакстанцев в победу во второй мировой войне. //Фашизм устидан қозонилган ғалабада Ўзбекистоннинг тарихий ҳиссаси. Ташкент, «Фан», 1996.

2.5. Камалов С. Расцвет Советской Каракалпакии в братской семье народов СССР. Ташкент: «Узбекистан», 1985.

2.6. Сарыбаев К.С. Қарақалпақстанда пүткил халықлық ирригациялық қурылыслар тарийхынан. - Нөкис, 1989.

2.7. Сарыбаев М.К. Политика хлопковой монокультуры советской власти в Каракалпакстане и ее последствия (1917-1990 гг.). -Ташкент: Изд-во Национальной биб.-ки Узбекистана им. Навои, 2008.
2.8. Тлеубергенов Ш. Темпы развития и совершенствование отраслевой структуры промышленности Қарақалпақии. Нукус, Изд. «Қарақалпақстан», 1977.
2.9. Народное хозяйство СССР 1922-1977 гг. Юбилейный статистический ежегодник. М.: Статистика, 1977.
2.10. Тлеуов Р., Тлеубергенов Ш. Рыбы Каракалпакии. Нөкис: Қарақалпақстан, 1974.
2.11. Глазовский Н.Ф. Аральский кризис. Москва-Нукус. 1990.
2.12. Глазовский Н.Ф. Аральский кризис, причины возникновения и пути выхода. Москва: Наука, 1990.
2.13. Курбаниязов А. Развитие потребительского рынка в Каракалпакии. Нукус, рукопись, 1990.
2.14. Камалов К.К. Ел хызметинде. Нөкис. «Қаракалпакстан», 1995.
2.15. Расулов Б.М. Ўзбекистонда коллективлаштириш жараёнидаги сиёсий катагонлар ва сургун килинган дехконлар ахволи (1929-1959). – Автореф. дисс. … доктора ист. наук. - Тошкент, 2017.
2.16. Сарыбаев М.К. Политика хлопковой монокультуры советской власти в Каракалпакстане и ее последствия (1917-1990 гг.).: Автореф. дис. … докт. ист. наук. -Ташкент: Институт истории АН РУз., 2008.
2.17. Насыров Р.А. Социальное развитие села Узбекистана (1965-1985). – Автореф. дисс. …доктора ист. наук. – Ташкент, 1994.
2.18. Мамбетуллаев М. История орошения Каракалпакской АССР (1937-1965). - Автореф. дисс. …канд. ист. наук. – Ташкент, 1967.
2.19. Утемуратов Б. Дехканские (фермерские) хозяйства Республики Каракалпакстан: история возрождения и развития (1917-1996 гг.). Автореф.. дисс. к.и.н. -Н.: 1999.
2.20. Султанова С.К. Каракалпакстан в 1946-1960-х годах: узловые проблемы истории. – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 2001.

2.21. Алланиязов Т.К. Социалистическое строительство в Каракалпакии в исторической литературе 60-х-80-х годов. – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Ташкент, 1989.
2.22. Бекимбетов Б. М. История общественно-политического движения за спасение Аральского моря (1960-1990-е гг.): Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 2006.
2.23. Шамамбетова Г.Б. Социальная политика в Каракалпакстане (1950-1985). – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 2004.
2.24. Сарыбаев А. Хлопкоочистительная и текстильная промышленность Каракалпакстана в 1980-1995 гг.: исторический опыт и проблемы возрождения национальной промышленности. Автореф. дисс. к.и.н. -Т.: 2000.
2.25. Тангирбергенова К. Экономика Каракалпакии в годы Великой Отечественной войны (1941-1945). – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Ташкент, 1991.
2.26. Дошумбаев К. Развитие и размещение производительных сил в условиях экстремальной экологической обстановки в регионе (на примере Каракалпакской АССР). Автореф. дисс. канд. эк. наук. -Т.: 1990.
2.27. Камалов С. К. И з истории развития Аральского кризиса.// Вестник ККФАН УзССР. Нукус: 1990, № 4.
2.28. Камалов С.К. Современное состояние, перспективы изучения и публикации памятников истории и культуры Каракалпакской АССР Проблемы Аральского моря и дельты Амударьи. Ташкент: Фан, 1984.
2.29. Абдиров Ч.А. Состояние здоровья населения и проблемы научных исследований. // Вестник ККФАН УзССР. Нукус, 1990, № 4.
2.30. Т.Ташпулатов, Я.Гафаров «Тарих ўқитиш методикаси» -Т.: Ўқитувчи. 2002.
2.31. Фарберман Б.Л. «Илғор педагогик технологиялар». -Т.: Фан. 2001.
2.32. «Тарих фанини касбий соҳаларга йўналтириб ўқитиш методикаси». -Т.: ТДПУ. 2012.
2.33. Толипов Ў., Усмонбоева М. «Педагогик технологияларнинг таркибий асослари» -Т.: Фан. 2006.

2.34. Я.Гафаров, М.Гафарова «Методы преподования историй Узбекистана» - Т.: Шарқ. 1996.
2.35. Йўлдошев Ж.Ғ., Усмонова С.А. «Педагогик технологиялар асослари» - Т.: Фан. 2004.
2.36. С.Зиямухаммедова, Б.Зиямухаммедов «Новая педагогическая технология» -Т.: Фан. 2002.
2.37. Толипов Ў., Усмонбоева М. «Педагогик технологияларнинг таркибий асослари» -Т.: Фан 2006.
2.38. «Тарих фанини касбий соҳаларга йўналтириб ўқитиш методикаси». -Т.: ТДПУ. 2012.

## 3. Jurnallar ha`m gazetalar

3.1. Рзаев К.Р. Вопросы реализаций продовольственных программ в ККАССР. //Вестник КК ФАН УзССР. 1987. №2.
3.2. Рзаев К.Р. Вопросы реализаций продовольственных программ в ККАССР. //Вестник КК ФАН УзССР. 1987. №3.
3.3. Жолдасова И., Павловская Л., Любимова С. О гибели рыб в Туямуюнском водохранилище на Амударье. //Вестник КК ФАН УзССР, 1991, №1.
3.4. Ещанов Т., Курбаниязов А. Проблемы охраны здоровья населения в зоне экологического бедствия. //Вестник КК ФАН УзССР. 1991. №1.
3.5. Рзаев К. Республикалык социал-экономикалык раўажланыўыныц перспективасы. //Вестник ККО АН РУз. 1993. №1.
3.6. Камалов С. Социально-экономическое положение Кардкалпакстана и Аральская катастрофа (1917-1990 гг.). //Вестник ККО АН РУз, 1999, №6.

## 4. Internet saytları

4.1 .www.ziyonet.uz
4.2. www.tarix.uz
4.3. www.edu.uz

**O`ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**
**A`JİNİYAZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI**

**Fakul`tet:** Magistratura bo`limi
**Kafedra:** Tariyx oqıtıw metodikası
**Oqıw jılı:** 2019-2020
**Qa`nigelik:** 5A110601 Sotsial-gumanitar pa`nlerdi oqıtıw metodikası (Tariyx)
**Magistr:** N.Zinatdinov
**Ilmiy basshı:** t.i.k. A.Sarıbaev

## MAGİSTRLİK DISSERTACIYA ANNOTATSIYASI

**Tema:** «Qaraqalpaqstan tariyxi páninde «1946-1990 jillarda Qaraqalpaqstan ekonomikasi» temasin úyreniw metodlari»

**1. Temanın` aktualıg`ı:** XX a`sirdin` 40-jılları ekinshi yarımı – 80-jıllar aqırında Qaraqalpaqstannın` ekonomikaliq awhalın durıs bahalaw ondag`ı tabıslardı ha`m kemshileklerdi u`yreniw bu`gu`ngi ku`nin ko`z-qarasınan ju`da` aktual ma`selelerdin biri esaplanadı. Sonın` menen birge bul temanı u`yreniwde jan`a pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw tiykarg`ı maqset etip qoyıldı.

**2. İzertlewdin` maqseti ha`m wazıypaları** tiykarınan to`mendegilerdi o`z ishine aladı:

- Urıstan songı jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń awhalın úyreniw;
- Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń bir tárepleme rawajlanıw tendenciyalarıń izertlew;
- "Qayta qurıw" siyasatı hám onıń nátiyjelerin analizlew;
- Aral apatshılıǵı hám onıń elimizdin social-ekonomikalıq rawajlanıwına keri tásiri haqqında tu`sinik beriw;
- 1946-1990 jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikası temasin u`yreniwde innovatsion metodlardıń tutqan ornın` u`yreniw;
- innovatsion metodlar paydalanıwda sabaqtıń tálim texnologiyası, metodikalıq usınıs hám kórsetpeler, "Teksheme-tekshe" metodinan paydalanıw,

Bilemen, Biliwdi qáleymen, Bilip aldım (BBB) metodı haqqında ulıwma túsinik hám onıń sabaq ótiw protsessinde qollanılıwı, «Keys-stadi» texnologiyasi haqqında túsinik hám onıń tariyx sabaqlarında qollanılıwı máselelerdi úyreniw hám onıń nátiyjelerin analizlew.

**3. İzertlewdin ilimiy janalıg`ı:** Bul magistrlik jumısında toplang`an materiallar jan`a ko`z-qarasta analizlenip ko`rsetiledi. Jan`a materiallar ilimiy aylanısqa kirgizildi. Sonday-aq Qaraqalpaqstannıń ekonomika tarawındag`ı burıng`ı SSSR ma`mleketinin` rejelestirilgen ekonomikası awxalın u`yreniwde ilimiy a`debiyatlar tiykarında ko`rsetilgen.

**4. İzertlewdi alıp barıw usılları:** İzertlew ilimiy-metodikalıq tiykarların belgilewde tu`sindiriw usılınan paydalanıladı. Bunan tısqarı temanı sa`wlelendiriw protsessinde ko`plep orınlarda salıstırıw usılınan paydalandıq.

**5. İzertlewdin teoriyalıq ha`m a`meliy a`hmiyeti:** Jumıstın` a`meliy a`hmiyeti sonnan ibarat, bul jumıs joqarı oqıw orınlarda, ulıwma orta bilim beriw mekteplerde «O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan tariyxı» pa`nin oqıtıwda qosımsha mag`lıwmatlar bolıp tabıladı.

Sonın menen birge izertlenip atırg`an jılları Qaraqalpaqstannıń ekonomikası tariyxın u`yreniwde bul dissertatsiyalıq jumıstag`ı berilgen juwmaqları ha`m usınısları xalıq xojalıq tarawındag`ı islep atırg`an qa`nigelerge ha`m ulıwma ja`miyetshilikke paydalanıwdı usınıs etemiz

**6. İzertlew jumısının` du`zilisi:** Jumıs kirisiw, u`sh bap, juwmaqlaw ha`m paydalang`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

**Ilmiy basshı:** **t.i.k. A.Sarıbaev**

**Magistr:** **N.Zinatdinov**

**HIGHER AND SECONDARY SPECIAL EDUCATION INSTITUTIONS OF THE REPUBLIC OF UZBEKISTAN MINISTRY OF EDUCATION**

**NUKUS STATE PEDAGOGICAL INSTITUTE NAMED AFTER AJINIYAZ**

**Faculty**: Master's Department

**Department**: history teaching methodology

**Academic year**: 2019-2020

**Specialist**: 5A110601 methods of teaching social-humanitarian Sciences (History)

**Master**: N.Zinatdinov

**Scientific director :** A.Saribaev

## Annotation

**On the theme** : «Methods of studying «The economy of Karakalpakstan in 1946-1990 » on the subject of the history of Karakalpakstan »

**1. Relevance of the topic** : The correct assessment of the economic situation in Karakalpakstan in the second half of the 1940s - the end of the 1980s of the XX century , the study of its achievements and shortcomings is one of the most pressing issues in today's perspective. At the same time, the use of pedagogical technologies in the study of this topic has become the main goal.

**2. The goals and objectives of the research include the followings** :

- To study the state of the economy of Karakalpakstan in the post-war years.
- To study the trends of unilateral development of the economy of Karakalpakstan
- Analysis of the " Reconstruction" policy and its results.
- To understand the tragedy of the Aral and its impact on the socio-economic development of our people.
- To study the role of innovative methods in the study of the economy of Karakalpakstan in 1946-1990.

-The use of innovative methods of teaching technology, methodical suggestions and instructions, the use of "step-by-step" method, I know, I want to know, the general concept of the method I learned and its application in the classroom, the concept of case study technology and to study the problems of its application in history lessons and to analyze its results.

**3. Scientific novelty of the research**: The materials collected in this master's thesis are analyzed and presented in a new perspective. New materials were introduced into the scientific process. The economic sphere of Karakalpakstan is also based on the scientific literature in the study of the planned state of the economy of the former USSR.

**4. Research methods**: Explanatory method was used to determine the scientific and methodological basis of the research. We also used the comparison method in many places in the process of embodying the theme.

**5. Theoretical and practical value of the research**: the practical value of the work is the number, which is additional information in the teaching of the subject "History of Uzbekistan and Karakalpakstan" in universities, schools. At the same time, we invite the conclusions and recommendations of this dissertation to be used by experts in the field of national economy and the public in the study of the history of the economy of Karakalpakstan during the years of research.

**6.The structure:** of the work consists of Introduction, Main part, Conclusion and the list of used literature.

**Graduate Master ____________________ N.Zinatdinov**

**Scientific director:____________________A.Saribaev**

**Candidate of Historical Sciences**

**A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı Magistratura bo`limi 5A110601 Sotsial-gumanitar pa`nlerdi oqıtıw metodikası (Tariyx) qa`nigeligi magistrantı N.Zinatdinovtın` «Qaraqalpaqstan tariyxi páninde «1946-1990 jillarda Qaraqalpaqstan ekonomikasi» temasin úyreniw metodlari» temasında jazg`an magistrlik dissertatsiyasına**

BAHALAW

Ájiniyaz atındaǵı NMPİ Magistratura bólimi 5A110601 - Social-gumanitar pánlerdi oqítíw metodikasí (tariyx) baǵdarı 2-kurs talabası Zinatdinov Nuratdin Kobeysinovichdiń Magistr akademiyalıq darejesin alıw ushın jazılǵan «Qaraqalpaqstan tariyxi páninde «1946-1990 jillarda Qaraqalpaqstan ekonomikasi» temasin úyreniw metodlari» atamasındaǵı Dissertaciya jumısı Kirisiw, 3-bap, 9-paragraf, juwmaqlaw hám paydalanılǵan ádebiyatlar diziminen berilgen. Jumıstıń kólemi- 93 betten ibarat.

Kirisiw bóliminde jumstıń aktuallıǵı, zamanagóyligi, izertleniw jaǵdayı, tariyxıy derekleri, metodologiyalıq hám teoriyalıq tiykarı, maqseti hám waziypaları, ilimiy hám praktikalıq áhmiyeti sóz etiledi.

Magistrlik dissertaciya jumısınıń tiykarǵı bólimlerinde urıstan sonǵı jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń awhalı, Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń bir tárepleme rawajlanıw tendenciyaları, "Qayta qurıw" siyasatı hám onıń nátiyjeleri, Aral apatshılıǵı, sonday-aq «1946-1990 jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikası» temasin u`yreniwde innovatsion metodlar paydalanıwda sabaqtıń tálim texnologiyası, metodikalıq usınıs hám kórsetpeler, "Teksheme-tekshe" metodinan paydalanıw, Bilemen, Biliwdi qáleymen, Bilip aldım (BBB) metodı haqqında ulıwma túsinik hám onıń sabaq ótiw protsessinde qollanılıwı, «Keys-stadi» texnologiyasi haqqında túsinik hám onıń tariyx sabaqlarında qollanılıwı máselelerdi úyreniw boyinsha maǵlıwmatlar keltirilip ótilgen.

Ájiniyaz atındaǵı NMPİ Magistratura bólimi 5A110601 - Social-gumanitar pánlerdi oqítíw metodikasí (tariyx) baǵdarı 2-kurs talabası Zinatdinov Nuratdin

Kobeysinovichdińdiń Magistr akademiyalıq darejesin alıw ushın jazılǵan «Qaraqalpaqstan tariyxi páninde «1946-1990 jillarda Qaraqalpaqstan ekonomikasi» temasin úyreniw metodlari» atamasındaǵı Magistrlik Dissertaciya jumısı óziniń mazmunı, kólemi, máselelerdiń qoyılıwı hám orınlanıwı tárepinen Joqarı Attestatsiya Komissiyası talabına tolıq juwap bere aladı. Bul Magistrlik Dissertaciya jumısın Joqari Attestatsiya Kommissiyası aldında qorǵawǵa jiberiwge hám joqarı bahalawǵa ılayıqlı.

İlimiy basshı: t.i.k. A.Sarıbaev

**A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı Magistratura bo`limi 5A110601 Sotsial-gumanitar pa`nlerdi oqıtıw metodikası (Tariyx) qa`nigeligi magistrantı N.Zinatdinovtın` «Qaraqalpaqstan tariyxi páninde «1946-1990 jillarda Qaraqalpaqstan ekonomikasi» temasin úyreniw metodlari» temasında jazg`an magistrlik dissertatsiyasına**

## PİKİR

Magistrant N.Zinatdinovtın` bul magistrlik dissertatsiya jumısı temasi, yag`niy 1946-1990 jillarda Qaraqalpaqstan ekonomikasi temasin úyreniw metodlari bu`gu`ngi ku`nde bul pa`ndi oqıtıwda zamanago`y temalardin` birine kiredi ha`m aktual` a`hmiyetke iye. Sonliqtanda bul dissertatsiya jumisi itibarg`a aliwg`a ilayiq.

Pitkeriwshi N.Zinatdinovtın` bul magistrlik dissertatsiya jumisi kirisiw, u`sh bap, juwmaqlaw ha`m paydalang`an a`debiyatlardan turadi.

Kirisiwde temanın` aktuallıg`ı, xronologiyalıq da`wiri, izertlewdin` maqseti ha`m wazıypaları, jumıstın` metodologiyalıq tiykarları ha`m jumıstın` a`meliy a`hmiyeti, sonday-aq magistrlik dissertaciyasınıń strukturası ko`rsetilgen

Birinshi bap – “1946-1984-jıllarda Qaraqalpaqstannın` ekonomikalıq turmısın u`yreniwdin` teoriyalıq tiykarları” dep atalıp. Bunda urıstan songı jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń awhalı haqqında so`z etiledi. Sonın` menen birge Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń bir tárepleme rawajlanıw tendenciyaları jag`dayı ko`rsetiledi.

Ekinshi bap – “Sovet totalitar xojalıǵınıń sońǵı dáwirinde Qaraqalpaqstannıń ekonomikalıq jag`dayı tariyxın u`yreniw máseleleri (1985-1990 jj.)” dep atalıp. Bul bapta “qayta qurıw” siyasatı hám onıń nátiyjeleri, sonın` menen birge Aral apatshılıǵı haqqında so`z etiledi.

U`shinshi bap – “1946-1990 jıllarda Qaraqalpaqstan ekonomikası” temasin u`yreniwde innovatsion metodlar dep atalıp. Bunda sabaqtıń tálim texnologiyası, metodikalıq usınıs hám kórsetpeler, 1946-1990 jillarda Qaraqalpaqstan ekonomikasi temasın oqıtıwda “Teksheme-tekshe” metodinan paydalanıw, “Bilemen, Biliwdi qáleymen, Bilip aldım» (BBB) metodı haqqında ulıwma túsinik hám onıń sabaq ótiw protsessinde qollanılıwı, «Keys-stadi» texnologiyasi haqqında túsinik hám onıń tariyx sabaqlarında qollanılıwı haqqında so`z etiledi.

Juwmaqlaw bo`liminde izertleniwdin` na`tiyjeleri ko`rsetilgen. Jumıstın` son`ında paydalang`an a`debiyatlardın` dizimi berilgen.

N.Zinatdinovtın` magistrlik dissertatsiya jumisi o`zinin` aldina qoyilg`an waziypasin orinlag`an ha`m Ma`mleketlik Attestatsiya Komissiyasinin` aldinda qorg`aw ushin ilayiq dep esaplaplayman.

**Pikir beriwshi: _________ B.A.Koshanov - QMU “Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan tariyxı” kafedrasi professorı, tariyx ilimleri doktorı**

**A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı Magistratura bo`limi 5A110601 Sotsial-gumanitar pa`nlerdi oqıtıw metodikası (Tariyx) qa`nigeligi magistrantı N.Zinatdinovtın` «Qaraqalpaqstan tariyxi páninde «1946-1990 jillarda Qaraqalpaqstan ekonomikasi» temasin úyreniw metodlari» temasında jazg`an magistrlik dissertatsiyasına**

## PİKİR

Jas tariyxshı N.Zinatdinov magistrlik dissertatsiya jumısı Qaraqalpaqstan tariyxi páninde «1946-1990 jillarda Qaraqalpaqstan ekonomikasi» temasin úyreniw metodlari tiykarında islep shıg`ılg`an. Magistrlik dissertatsiya jumısında maqset h'a'm wazıypaları, izertlewdin' ilimiy a'h'miyetinde h'a'r ta'repleme ko'rsetip beriwge h'a'reket ettim. Magistrlik dissertaciya jumısı u`sh baptan turıp, h'a'r bir bap o'z gezeginde bu'gingi ku'n talap etip atırg'an wazıypalarg'a tiykarlang'an jag'dayda paragraflarg'a bo'lingen. Ha'r bir paragraftın' mazmunın ashıp beriw ushın h'a'm aldımızg'a qoyg'an wazıypalardı ayqın ko'rsetip beriw ushın ko'plegen a'debiyatlardan, oqıtqan professor-oqıtıwshılardın' ta'jiriybelerinen, olardın' bergen mag'lıwmatları h'a'm lektsiya tekstlerinen, innovatsiyalıq usıllarınan, shet el ta'jiriybeleri tuwralı jazılg'an a'debiyatlardan mu'mkinshiligimiz bolg'anınsha ken' tu'rde paydalanıwg'a h'a'reket etken.

Magistrlik dissertatsiya jumısında «Qaraqalpaqstan tariyxı» sabaqlarında 1946-1990 jillarda Qaraqalpaqstannin` ekonomikaliq jag`dayın oqıtıwının` teoriyalıq tiykarları. Joqarı bilimlendiriw mekemlerinde «Qaraqalpaqstan tariyxı» sabaqların oqıtıwının` teoriyalıq tiykarları, oqıtıwshılar bilimine, bilimin asırıw h'a'm ko'nlikpesine qoyılatug'ın talaplar. Sabaqtın`  ta`lim texnologiyası ha`m metodikalıq usınıs ha`m korsetpeler berilgen.

Joqarıdag`ı faktlerdi basshılıqqa alıp N.Zinatdinovtın` «Qaraqalpaqstan tariyxi páninde «1946-1990 jillarda Qaraqalpaqstan ekonomikasi» temasin úyreniw

metodlari» temasındag`ı magistrlik dissertatsiya jumisi bu`gungi kunde ju`da` aktual bolip tabiladi.

Magistrlik dissertaciya jumisi jumisi kirisiw, u`sh bap, juwmaqlaw ha`m paydalang`an a`debiyatlar dizimi menen turadi. Magistrlik dissertatsiya jumis jaqsi oqiladi, onin` lektsiyada, keleshekte bilimlendiriw tarawında bul pa`ndi oqıtıwda paydalaniwg`a boladi. Jumis ko`lemli ha`m mazmunli, talapqa juwap beredi ha`m oni Joqari Attestatsiya Kommissiyası aldında qorg`awg`a jiberiwge boladi.

**Pikir beriwshi:** **Б.Турганов - NMPI "Tariyx oqıtıw metodikası" kafedrasi docenti, tariyx ilimleri kandidatı**